

# **SENKANT REZON KI FÈ JEZI TE VIN MOURI**

**JOHN PIPER**





## Pou Jezikri

Nou pat gade l' menm  
Tout moun te vire do ba li  
Li te soufri anpil  
Li fè tout tan nan gwo lapenn  
Tout moun te vire tèt yo  
Pou yo pa wè l'  
Nou pat okipe l'  
Nou pat pran ka l' menm  
Men se soufrans nou ta gen pou nou  
Soufri a, li t'ap soufri pou nou  
Se doulè nou ta gen pou santi  
Nan kò pa nou li te pran sou do l'

Nou te tankou mouton ki te pèdi  
Bann, chak moun bò pa yo  
Men, chatiman ki pou te tonbe sou  
Nou an, seyè a fè l' tonbe sou li

Yo te maltrete l', men li menm  
Se besé li besé tèt li ase  
Tankou yon ti mouton  
Y'ap mennen labatwa  
Li pat janm louvri bouch li di krik  
Wi tankou yon manman mouton  
Ki pa di krik  
Pandan y'ap taye lenn sou do l'

Lè yo mete l' nan mitan moun  
K'ap viv sou tè a  
Se pou peche pèp mwén an  
Yo te touye l'  
A tout li pat janm kite manti  
Sòti nan bouch li  
Men, se te volonte Bondye pou yo  
Te kraze l'anba soufrans konsa.

## Pwofèt Ezayi

Chapit 53, Vèse 3-10



## TAB MATYÈ

Intwodiksyon

x

Kris ak kan kote yo bouche moun pa pil e pa pakèt

Senkant rezon ki fè Jezi te vin mouri

1- Pou l te efase kolè Bondye

x

2- Pou li te ka fè Papa li ki nan syèl la plezi

x

3- Pou l' te aprann obeyi e pou l' te vin pi bon

x

4- Pou l' te vin leve sòt nan lanmò

x

5- Pou l' te montre pechè yo richès ki gen nan lanmou ak nan gras

x

6- Pou l' te montre pwòp lanmou li gen pou nou

x

7- Pou l' te chire papye ki te kondannen nou devan lalwa

x

8- Pou l' te vini yon ranson pou anpil nan nou

x

9- Pou padon peche nou yo

x

10- Pou l' te prouve loudman jistifikasyon nou an

x

11- Pou l' te konplete obeyisans ki pral fè n vin dwat

x

12- Poul te retire kondasyon nou an

x

13- Pou l' te aboli zafè sikonsi a ak tout tradisyon kòm fondman Sali a

x

14- Pou l' te pèmet nou gen laglwa e pou n' te ret fidèl

x

15- Pou l' te fè nou vin sen, san kondanasyon e san tach

x

16- Pou l' te ka ban nou konsyans ki klè

x

17- Pou l' te jwenn pou nou tout sa ki pou nou

x

18- Pou l' te geri maladi fizik ak mantal nou yo

x

19- Pou l' te bay sila yo ki kwè nan li yon lavi ki p'ap janm fini

x

20- Pou l' te delivre nou de mechanste k'ap domine tan sa

x

21- Pou l' te rekonsilye nou ak Bondye

x

22- Pou l' te mennen nou jwenn Bondye

x

23- Pou nou te kapab vin moun pa l'	x
24- Pou l' ban nou antre lib kote yo mete apa pou Bondye	x
25- Pou l' te vin pou nou plas sa kote pou nou jwenn Bondye	x
26- Pou l' te fini avek tradiksyon prêt yo nan ansyen testaman an e pou l' te ka vini gran prêt la pou tout tan	x
27- Pou l' te vin yon prêt ki gen konpasyon e ki la pou sèvi moun	x
28- Pou l' te libere nou de tout vye tradisyon	x
29- Pou l' te libere nou de lesklavaj peche	x
30- Pou nou mouri akoz , peche yo e pou nou viv dwat devan Bondye	x
31- Pou n' te mouri akoz lalwa a viv yon jan ki itil pou Bondye	x
32- Pou l'te pemèt nou viv pou li men pa pou tèt nou	x
33- Pou nou vante tèt nou swiv egzanz imilite ak lanmou li	x
34- Pou nou viv ak konfyans nan li	x
35- Pou l te bay maryaj anpil enpòtans	x
36- Pou l' fome yon pèp ki toujou pare ki fè sa ki bon	x
37- Pou l' rele nou pou nou swiv egzanz imilite ak lanmou li	x
38- Pou l' te kreye yon gwoup disip ki prêt pou pou pote kwa a	x
39- Pou l' te libere nou de esklavaj lanmò	x
40- Pou n' te kapab avè l kou l' sot nan lanmò	x
41- Pou l presève rezireksyon nou de lanmò	x
42- Pou l' te aboli règleman yo ak ak otorite yo	x
43- Pou l' te libere pouvwa Bondye a nan pawòl la	x
44- Pou l' te detwi rayisman ki nan mitan pèp yo	x
45- Pou l' achte yon bann moun pou Bondye, moun tout ras, tout lang, tout pèp, tout nasyon	x
46- Pou l' te sanble pitit Bondye yo ki gaye nan mond lan	x
47- Pou l' te sove nou nan dènye jijman an	x

- 48- Pou l' te kapab jwenn kè kontan li ak pa nou x
- 49- Pou l te ka kourone ak glwa e ak lonè x
- 50- Pou l te montre ke Bondye la nan pèsekisyon yo x
- Yon priyè



# **INTWODIKSYON**



## KRIS AK KAN KOTE YO BOUCHE MOUN PA PIL E PA PAKÈT

**K**esyon ki pi enpòtan nou ka poze nan venteyinièm sièk la se : Poukisa Jezi te vin mouri pou nou ? Pou nou wè enpòtans sa nou dwe pa wè ke se nou lèzòm ki lakòz sa. Denyè repons nou ka jwenn pou ke se nou lèzòm ki lakoz sa. Denyè repons nou ka jwenn pou ke kesyon sa ki se kiles moun ki te touye Jezi ? se ta va : Bondye ki fè sa . Se yon bagay ki di pou m'importe. Men Jezi se te ptit li te ye ! men tout mesaj ki gen bis la fini pa montre nou sa.

### BONDYE SERYE SOU SA ANPIL

Yon bann syèk avan Jezikri te vini, pwofèt Ezayi te di : ‘ Men se te volonte Bondye pou yo te kraze l anba soufrans konsa” (Ezayi 53 :10). Kretyen nouvo testaman yo di :’ Li pat menm refize nou pwop pitit li a, men li bay li pou nou tout (Women 8 : 32). ‘ Se li menm, Jezikri, Bondye te ofri... Li bay san li pou tout moun ki mete konfyans yo nan li ka resevwa padon pou peche yo” (Women 3 : 25)

Men ki rapò ki genyen nan kalte sakrifis sa ke Bondye fè a ak kalte krim sa lezòm te fè lè yo te touye Jezi a ? Nou jwenn repons lan nan yon priyè nou jwenn nan bib la : “ Se sa menm ki rive nan lavil sa a lè Ewòd ak pons pilat mete tèt yo ansanm ak lòt moun lòt nasyon yo ak tout moun pèp Isräyèl la sou do Jezi, sèvitè ki t'ap viv pou ou a ak pwòp volonte ou, ou te deside ki pou te fèt la ”( Travay 4 : 27-28). Otorite Bondye a tèlman gran ke se etone nou anpil. Men se yon kle nan bagay k'ap fè nou sove. Bondye te vle fè sa konsa, lit te fè sa rive pa mwayen moun mechan yo. Nou jwenn eskplikasyon sa tou nan yonn nan liv jwif yo ki di : Yo te monte konplo pou fè mal men Bondye fè sa tounen yon byen , nou pa bezwen( Genès 50 :20)

Pwiske Bondye te fè sa tounen yon byen, nou pa bezwen wè ke se lèzòm ki lakòz sa, men dwe chèche konnen pouki rezon Bondye fè sa. Koze nou bezwen konnen nan lanmò Jezi a se pa ki sa ki lakòz sa men se pouki rezon sa te fet. Lezòm te kapab genyen plizyè rezon pou yo touye Jezi. Men, se pa sèlman Bondye ki te kapab fè sa yon byen mond lan. Men, nou pap janm kapab rive konprann rezon yo ki fè Bondye te aksepte Jezi mouri pou mond

## INTWODIKSYON

lan. Mwen pral eseye moutre nou senkant rezon ki fè sa te fèt menm lè nou ka jwennn lòt ankò ankò. Sa mwen gen pou' fè, se kite bib la pale . Se ladann ke nou jwenn pawòl Bondye. Mwen espere ke tout siy sa yo pral fè nou chache konnen plis entansyon te gen nan lanmò pitit li a.

### LANMÒ JEZI SE YON MISTÈ

Poukisa lanmò Jezi gen pwisans konsa ? Yo te kondannen l' e yo te klosure l' sou kwa paske yo te panse li bezwen dirije wòm. Men, twa syèk aprè sa, gen yon pouvwa ki sot nan lanmò li, ki te pouse moun soufri ak renmen e se sa ki te chanje l'anpi women an e se nan jou sa yo, mond lan te transfòme. Repons lan sè ke lanmò Jezi a se yon mistè e Bondye te vle montre vrè rezon ki fè l te mouri a lè li resiste twa jou aprè.

Lanmò li se yon mistè paske li pat janm yon moun tankou nou. Daprè Credo Nise a, li te yon" gran Bondye ki sòti nan yon gran Bondye". Sa se temwayaj sila yo ki konnen li e ki te viv li, ki te eksplike kilès moun li ye. Apòt Jan t'ap pale de Jezi e li te ekri : Anvan Bondye te kreye anyen, pawòl la te la pawòl te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa pawòl te ye tou. Pawòl la avèk Bondye depi nan kòmasman e pawòl la tounen moun, li te vin viv nan mitan nou' ( Jan 1 : 1-3,14). Anplis li te soufri pou granmesi. Li pat inosan poutèt yo te akize l' k'ap pale mal Bondye men li te inosan paske li pat fè peche. Yonn nan disip ki te pi pwòch li a te di : 'Li pat janm fè okenn peche, okenn manti pat janm sòti nan bouch li '(1 Pyè 2 : 22). Nou ka di tou, ki te pran lanmò avèk yon otorite total. Yonn nan pi bèle deklarasyon Jezi te fè sou lanmò li e rezireksyon se ta va :" Papa a renmen m' paske m'ap bay lavi m' pou m resevwa l'ankò. Pèsonn pa ka wete lavi m se mwen menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou m' resevwa l'ankò '(Jan 10 :17-18). Pwoblèm ki genyen nan chèche konnen rezon ki fè lezòm te touye Jezi pa nesesè. Papa li ki nan syèl la te mande l' fè sa. Li te aksepte fè sa ak tout li menm.

### REZIREKSYON LI TE PROUVE REZON LANMÒ LI

Bondye te leve Jezi nan lanmò pou l te montre ke li te nan dwa li e pou li te prouve entansyon li. Sa te rive twa jou aprè. Dimanch maten byen bonè li te leve nan lanmò li te parèt plizyè fwa devan disip li yo, pandan karant jou, avan li monte nan syèl ( Travay 1 : 3)

## SENKANT REZON KI FÈ JEZI TE VIN MOURI

Disip yo te pran tan pou te konprann ke sa te rive tout bon vre. Yo pat moun ki konn leve lè yo mouri. Yon kote, Jezi te pèsiste pou l' te manje yon moso pwason pou l' te montre yo ke li pat yon revenant (Lik 24:39-43). Sa pat yon kadav ki te resisite. Se te resireksyon nonm nan kite Bondye a ki vin gen yon lavi tou nèf ki pap janm detwi. Nouvo legliz yo te aklame li tankou seyè nan syèl ak sou tè a. Jezi te fini nèt travay Bondye te voye l' fè a, rezireksyon li te prouve ke Papa a te satisfè. Liv sa pale de lanmò Jezi a te vini ak anpil nan mond.

### LANMÒ KRIS LA AK LANMÒ NAN KAN YO

Se yon trajedi ke istwa lanmò Jezi a te ye, kite kreye rasis kont jwif yo ak yon vvolans nan yon kwasad kont mizilman yo. Nou menm kretyen yo nou te wont pou anpil nan zansèt nou yo ki pat gen chans benefisyé lespri Kris la. Pa gen dout sou sa, genyen tras fleo nan pwòp nanm nou. Men, vrè krisyanis lan ki diféran anpil de kilti nan lwès la, konn difisil anpil pou jwenn nan plizyè legliz kretyen e konn anpeche legliz fè pwogrè pa mwayen vvolans.” Nan peyi kote wa a, se pa tankou peyi ki sou latè,” Jezi te di” Si gouvènman peyi kotem wa a te tankou gouvènman peyi ki sou latè, sèvitè m yo ta goumen pou mwén” (Jan 18 : 36) . Chemen lakwa a se yon chemen ki gen soufrans . Kretyen yo dwe mouri , men se pa touye yo dwe touye, pou yo montre mond lan koman Kris la renmen yo.

Vrè lanmou kretyen a rekòmande kareman tout moun an jeneral pou yo pran Kris kòm sèl mwayen pou yo sove al jwenn Bondye. Jezi te di “ Se mwén menm ki chemen an. Se mwén menm menm ki verite a, se mwén menm ki lavi a. Pèsonn paka al jwenn Papa si li pa pase pa mwén” (Jan 14 ;6). Ann eseye klè sou sa : Imilye, meprize oubyen maltrète moun pa konpòtman yon kretyen tankou yo te konn demigre pèp, mizilman yo pandan kwasad yo oswa jwif yo, yo te konn bouche pa pil e pa pakèt nan kan yo. Lè nou aji konsa, nou dezobeyi Jezikri tankou lòt yo te fè sa. Kontréman ak sila yo ki t'ap swiv li a, pandan l sou kwa a, li tap priye : “ Papa, padone yo, yo pa konnen sa y'ap fè” (Lik 23 : 34). Lanmò Jezi se yonn nan evenman ki pi enpòtan nan listwa e yonn nan keksyon pèsonèl ak politik nou te ka jwenn nan venteyinièm syèk la. Lè nou nye ke Kris la krisifye se kòm si ou ta nye sakrifis la. Pou kék moun, sa efreyan anpil ke yo paka pale de sa. Pou anpil lòt moun se yon mond konplò byen monte pou fose reliyion nan tan

## INTWODIKSYON

sa, rive senpatize entre yo. Men sila yo ki nye sa ap viv nan yon mond kote tout sak te pase a te yon istwa. Soufrans Jezikri a te amè anpil e li te mouri sa te rive jwif yo tou.

Mwen jwenn pa premye moun ki wè rapò ki genyen ant sak te pase sou bwa kalvè e sak te pase nan kan ki te gen pil jwif yo. Elie Wiesel rakonte nou, yon eksperyans li te fè, lèl te timoun ak papa li nan yon kan nan zòn Auschwitz kote yo te bouche yon bann moun nan yon liv ki gen pou tit "Nuit" kote kè l' t'ap dechire, li te boulvèse e li te ret bouch be. Yo toujou fè yon triyay, kote yo pran sak pi fèb la pou touye l'epi pou yo boule l nan yon fou.

Sou yon pwen sèlman, Wiesel fè rapò de sak te pase ansyen chef yo rele Akiba Dumer:

Akiba Dumer, yonn yo te pran nan triyay la, te kite nou. Denyèman, li t'ap monte desann pamì nou, je li yo te apèn te ka louvri e li t'ap di nou kòman li te fèb : "M' pa ka kontinye ankò... Tout bagay fini". Li te emposib pou n' te bal kouraj. Li pat tandem menm tout sa nou tap dil yo. Li sèlman t'ap plede repete ke tout bagay fini, ke li paka kontinye kombà ankò, ke li pa gen ni fos, ni la fwa ki rete menm. Sibitman je l yo vin tou blanch, tankou se de tou w'ap gade, bagay ki fè moun pè.

Lè Wiesel fè yon lòt kòmantè ankò ki pote moun reflechi : Pòv malere, Akive Dumer , si l te rive kwè nan Bondye si l te ka gen prèv ke Bondye te la sou bwa kalvè, yo pa t'ap janm chwazi l' nan triyay la. M' pa t'ap janm eseye met okenn mo nan bouch Elie Wiesel. M' pa si sal te vle di. Men li te pèsiste sou kesyon an : " Ki rapò ki gen ant lanmò Jezi sou bwa kalvè ak nan kan yo kote yo te konn bouche moun pa pil e pa pakèt ?

Lè m poze keksyon sa, ni pap panse akòz la, ni pou ni blame pèsonn. M'ap panse ak so li li siyifi e ak yon espèryans. Eske nou ka jwenn yon fason jwif la soufri, se pa sak lakoz men se denye diyifikasyon li nan soufrans Jezikri a ? Eske li posib pou n'panse ke lanmò Kris la paka mennen a sak te pase Auschwitz men ke Austchwitz ka rive fè n konprann lanmò Kris la. Eske rapò ki gen ant sa k' te pase sou bwa kalvè ak nan kan yo se yon rapò ki kreye yon blok ide ki difisil pou konprann. Petèt se selman Jezi ki konnen sa k' te pase jwif yo lè yo t'ap soufri nan lannuit ki te long lan . Petèt , gen yon generasyon pèp jwif kote gran paran yo te andire pwòp soufrans yo lè yo t'ap kloure tou, pral kapab rive konprann sak te pase pitit Bondye a, yo menm

## SENKANT REZON KI FÈ JEZI TE VIN MOURI

sèlman pa gen lot ankò. Mwen kite sa kòm yon kesyon Mwen pa konnen

Men sa m' konnen sè ke fo kretyen sa yo ki te konstwi kan sa yo pat janm konnen lanmou ki te pouse Jezikri mouri sou bwa kalvè. Yo pat janm konnen ke Kris te mouri pou l' te sove mond lan men li pat touye moun pou l' te sove yon kilti. Men gen anpil kretyen, sa yo rele vrè kretyen yo kite fini pa konprann siyifikasyon lanmò Jezikri a e kite trouble e imilye nan tet yo pou soufrans li an. Eske vrè kretyen , oubyen anpil nan yo ka rive wè oubyen rive konprann soufrans pèp jwif la t'ap andire a ?

Ki ironi sa ye pou kretyen te rasis ? Jezi ak tout disip li yo te jwif . E se pa te sèlman jwif, te gen pèp nan plizyè zòn nan Palestin nan ki te enplike nan kloure Jezi a, e te gen anpil lòt moun de plizyè zòn mete ak jwif tou ki te tante rete sa.Bondye limenm te premye chef la nan lanmò pitit li a, pou te evite keksyon sa a : " Kilès moun ki te lakoz lanmò Jezi a ? Men pou keksyon sa te poze pito :" Kisa lanmò Jezi a te fè pou lèzòm san blyie jwif yo, mizilman yo, Boudis yo, ate yo ak moun tout kote nan mond lan.

Lè tout bagay te fin di ak fè, pi gran keksyon an te poze : " Poukisa, pouki Jezi te vin mouri ? Nou pap chèche konnen kisa kite lakòz sa, men n'ap chèche konn pouki rezon sa te fèt. Kisa Jezi te fè nan lanmò li ? Poukisa li te soufri anpil ? Ki bél bagay ki te rive sou bwa kalvè a pou byen mond lan ?

Se sou tout bagay, sa yo res liv la pral pale. Mwen te rassanble senkant rezon nou jwenn nan nouvo testaman an ki di nou poukisa Jezi te vin mouri ? e pa senkant bagay ki te lakòz sa men se senkant bagay ki montre poukisa sa te fèt. Keksyon ki pi enpotan pou n poze olye de kilès ki te touye Jezi ta va : Kisa Bondye te fè pou nou ki peche lèl voye pit gason lan vin mouri ?



**SENKANT REZON KI FÈ JEZI TE VIN MOURI**



# 1 JEZI DWE MOURI

## POUL TE DETOUNEN KOLÈ BONDYE

Kris la delivre nou anba madichon lalwa lè li te pran madi-chon an nan plas nou. Se konsa sa te ekri nan liv la : Madi-chon pou moun yo pandye sou bwa a

Galat 3 :13

Se li menm Jezikri, Bondye te ofri tankou bêt pou touye. Li bay san li pou tout moun ki mete konfyans yo nan li ka re-sevwa padon pou peche yo. Bondye te vle montre nou ki jan li fè moun gras. Nan tan lontan, Bondye te pran pasyans, li te fèmen je l sou peche moun te fè.

Women 3 :25

Men kisa renmen an ye : Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te renmen nou, ki te voye pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, grenmesi pitit la.

1 Jan 4 :10

**S**i Bondye pat yon Bondye ki jis, li pa t'ap janm mande pitit li a pou l'soufri e mouri pou nou. Si Bondye pat yon Bondye lanmou, li pa t'ap gen volonte pou pitit li a soufri e mouri. Men Bondye jis e gen lanmou an mèm tan, konsa li ta vle rankontre jistis li a.

Lwa Bondye a mande nou : "Se pou nou renmen seyè a, Bondye nou an, avèk tout kè nou, avèk tout nanm nou, atout fòs kouray nou" (Detewonòm 6 :5). Men, nou menm nou renmen lòt bagay plis. Se sa ki peche a-lè nou dezonore Bondye lè nou renmen lòt bagay plis ke li, e lè n' pase tan ap fè sa kè nou mande nou fè. Konsa bib la di nou : "Tout moun fè peche, yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a'" (Women 3 :23). Nou bay glwa

sa nou renmen plis la. E se pa Bondye.

Konsa tou, pa janm gen ti peche, paske nou pa peche kont ti otorite. Lè ofans lan grav, li depann de grandè sila a yo ofanse a. Sila ki kreye llinivè a merite respè, admirasyon e fidelite. Konsa , lè ou pa renmen li sa pa yon erè banal, men sa se yon trayison.Sa dezonore Bondye e detwi kontantman lòm.

Pwiske, Bondye se yon Bondye ki jis li pat bay peche nou yo vag. Li santi yon kolè ki sen kont yo. Yo merite pou yo pini e li montre sa klè: " Peche peye nou kach, li ban nou lanmò "( Women 6:23)" Moun ki fè peche a, se li menm k'ap mouri"(Ezékyl 18:4)

Genyen malediksyon ki pandye sou tout peche. Si yo pa ta pini sa va yon enjistis. Lè nou meprize Bondye, nou dwe pot fado peche a .Yon manti konn tounen vrè nati nou. Konsa , Bondye di :" Madichon pou tout moun ki pa fè tou sa ki ekri nan liv lalwa a tout tan"( Galat 3 :10) ; Detewonòm 27 :26)

Men lanmou Bondye a pa ka rete menm kote ak malediksyon ki pandye sou limanite ki fè anpil peche. Li pa kontan lè l fè kolè menm si li se yon Bondye ki sen konsa, Bondye voye pitit li a pou l te diminye kòlè li a e pou l te sibi malediksyon tout sila yo ki mete konfyans yo nan li . Kris la delivre nou anba madichon lalwa li te pran madichon an nan plas nou"( Galat 3 :13)

Sa se signifikasyon sa nou jwenn nan women 3 :25 kote Bondye te ofri l' tankou bèt pou touye. Sa vle di ke Bondye te bay yon moun nan plas nou. De Bondye menm ki te chwazil l' Jezikri ki te ranplase nou pat selman diminye kòlè li men li te atire kolè a ki te sou tèt nou, sou li. Kolè Bondye a jis, yo pat retire kòlè a ki te sou tèt nou, sou li. Kòlè Bondye a la lejè oubyen an nou pa pran lanmou li an pou po patat. Nou pap janm etone pou n' wè ki jan Bondye renmen nou si nou pa rekonèt eta peche nou yo e ke kolè li jis kont nou. Lè pa lagras nou fini pa wè ke nou pa vo anyen, nou dwe gade soufrans ak lanmò Jezi e pou nou di : " Men kisa renmen an ye : Se pa nou menm ki te renmen nou, kite voye pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo. Grenmesi pitit la " (1 Jan 4 :10)

## 2 JEZI DWE MOURI POU LI KA FÈ PAPA LI KI NAN SYÈL LA PLEZI

Men se te volonte Bondye pou yo te kraze l'anba soufrans konsa

Ezayi 53 :10

Li menm ki te renmen nou, kite bay lavi l' pou nou tankou yon ti mouton yo pou touye pou Bondye

Efesyen 5 :2

**J**ezi pat goumen ak Papa l' ki te fache jis li te fese l' a tè pou l' te ka pran fwèt la nan men l'. Li pat janm fose l pou l' te montre ke li gen pitye pou sila yo ki peche. Nou, se te Papa a ki te pran desizyon pou Jezi te soufri e pou l te mouri. Se yon estrateji ki etone nou anpil e ke Bondye te planifye l'anvan mond lan te kreye. Se pou rezon sa bib la di nou ke "sa sòti nan plan travay, Bondye, se yon favè li fè nou nan Jezikri depi lontan anvan li te kreye tout bagay" (2 Timote 1 :9)

Plan an te deja devwale menm nan sa jwif yo te ekri yo. Pwofèt Ezayi te anonse soufrans mesi ki te gen pou l vin pran plas pechè yo. Li te di ke Bondye te gen pou l pini Jezi nan plas nou.

Men, se soufrans nou ta gen pou nou soufri a li t'ap soufri pou nou. Se doulè nou ta gen pou santi nan kò pa nou li te pran sou dol. Nou menm menm, nou te konprann se pini Bondye t'ap pini l. Nou te konprann se frape Bondye t'ap frapel, se kraze Bondye t'ap krazel anba men l'... Nou te tankou mouton ki te pèdi bann, chak moun bò pa yo. Men, chatiman ki pou te tonbe sou nou an, seyè a fè l tonbe sou li (Ezayi 53 : 4-6)

Men sa ki pi etanan an lè kris la pran plas pechè yo sè ke sa te ide Bondye. Kris pat nan konfido ak Bondye pou l te pouse l pini peche yo. Bondye te planifye pou l te la. Yonn nan pwofèt nan ansyen testaman a di :"Men se te volonte Bondye pou yo te kraze l' anba soufrans"( Ezayi53 :10)

Sa menm eksplike pati nou jwenn nan nouvo Testaman. Yon bò, soufrans Kris la te andire a se kolè bondye ki te eklate akòz de peche yo. Men yon lòt bò, soufrans Kris la se yon bel aksyon ki montre nou jan li soumèt ak jan li obeyi a volonte Papa a. Se konsa Kris la t'ap rele sou kwa a :” Bondye, Bondye, poukisa ou lagem konsa”( Matye 27 :46). E bib la di tou ke soufrans kris la se yon pa gen pou Bondye. “ Li menm ki te renmen nou, ki te bay lavi l’ ou nou tankou yon ti mouton yo ofri pou touye pou Bondye, ofrann k’ap fè Bondye plezi ak bon sant li (Efesyen 5 :2)

Oh ! se pou nou adore kalte mèvèy lanmou Bondye a ! Li pa santiman-tal. Li pa senp. Pou byen nou, Bondye te fè sak enposib : Li te vèse kolè li sou pwòp pitit li- sila a kote soumisyon li fè l’ pa diy pou resevwa l’ je bondye. Sila ki te pote kolè a te vin fè yo renmen l’pli.

## 3 JEZI DWE MOURI

### POU L TE APRANN OBEYI E POU L' TE ATEN'N PÈFEKSYON

Atout li te pitit Bondye, li vin konnen sa ki rele yon moun obeyisan, avèk tout soufrans li soufri yo

Ebre 5 :8

Se Bondye ki fe tout bagay, se Bondye k'ap kenbe tout bagay.  
Se tou nòmal, pou l' te vle fe anpil nan pitit li yo resevwa pa  
yo nan bèl pouvwa li a . Se poutèt sa li fè Jezi vin bon nèt avèk  
tout soufrans sa yo.

Ebre 2 :10

Vrè liv nan bib ki di ke kris la te "aprann obeyisans" nan soufrans " e ke li te vin pi bon anndan soufrans, di tou ke li te san peche. Malgre te san peche, nou wè ke diab la te tante l' tankou nou menm

Ebre 4:15

**S**e sa bib la toujou anseye. Kris pat fè okenn peche menm li te pitit Bondye, li te yon nom tout bon ki te gen tantasyon, dezi ak feblès fisik tou. Li te koun grangou( Matye 21 : 18) , Li te konn fache e te konn gen lapenn ( Mak 3 :5) e li te konn soufri ( Matye 17 :12) Men kè li te toujou gen lanmou pou Bondye e li te toujou fè tout bagay avèk lanmou sa :" Li pat janm fè okenn peche, okenn manti pat janm sòti nan bouch li ( 1 Pyè 2 : 22)

T Konsa , lè bib la di ke Jezi te aprann obeyisans nan soufrans li yo, li pat janm vle di ke li te aprann dezobeyi. Li te vle di ke chak jijman li t'ap sibi, li te aprann fè pratik nan doulè yo se sa ki te vle di obeyisans lan. Lè li

## TITLE

di ke li te vin pi bon anndan soufrans "yo" sa vle di ke li debarase l' de tout defo li yo. Sa te vle di nan batèm li an. Li pat bezwen batize paske li te yon pechè. Memmi li te eksplike Jan Batis : "Kite sa fèt konsa konnyea. Se konsa pou nou fè tout sa Bondye mande "( Matye 3 :15)

Men koze a : Si pitit Bondye a te vin mouri sou kwa san li pat renkontrre tantasyon ak doulè pou bonte l ak lanmou li pat jwenn eprèv, li pa t'ap janm kapab yon sovè pou koz sa, pou lèzòm ki pa bon. Non sèlman soufrans li efase kolè Bondye, men se lòm pou l te tounen pou l te ka rele nou frè ak sè (Ebre 2 :17)

# 4 JEZI DWE MOURI

## POU L TE VIN LEVE SOT NAN LANMÒ

Men sa m'ap mande bondye pou nou, li menm ki te fè Jezi, gran gadò mouton yo , leve soti vivan pami mò yo. Jezi se seyè nou an ki te mouri pou l' te ka siyen kontra ki la pou tout tan ak san li. M'ap mande Bondye, ki bay kè poze a pou l' fè nou favè sa a , pou nou fè tout sa ki byen pou n' kapab fè volonte li .M'ap mande l tou pou l fè travay kif è l plezi nan nou,gremesi Jezikri.Tout lwanj lan pou Jezikri pou tout tan tout tan.

Ebre 13 : 20- 21

**L**anmò Kris la pat sèlman fet anvan l te resisite sete pri sa l te peye. Se poutèt sa Ebre 13 :20 di ke Bondye te vle l' mouri pou l te ka siyen kontra ki la pou tout tan an ak san li.

Kontra li te siyen ak san an se te san Jezi. Kò li te di : " Sa se san mwen, san ki siyen kontra Bondye fè a" (Matye 26 :28). Lè bib la ap pale nou de san Jezi, li te vle pale nou de lanmò li. Se sèlman san Jezi ki ka sove nou. Li te aksepte bay san li. Sakrifis li te fè a pou l' te mouri pou nou se sa ki fè san l' ki koule a enpòtan pou nou. Koulyeya, ki rapò ki genyen ant san Jezi ki te koule a ak rezireksyon li ? Bib la di ke se pa aprè san l fin koule li te leve nan lanmò men se te gras a san sa li te leve. Sa vle di ke sa lanmò Kris la fè pou nou se yon bagay ki mèvèye, ki san parèy e ke rezireksyon li se te rekompans e viktwa de sa Jezi fè nan lanmò l.

Bondye te satisfè kolè li nan soufrans ak nan lanmò Jezi. Malediksyon ki te pandye sou tèt nou akòz peche nou yo, te efase. Obeyisans Kris la te manifeste nan tout dimansyon li. Dèt padon peche yo te peye nèt ale. E Bondye te pwouve jistis li a travè sak te pase a. Tout sa ki te rete pou akonpli se te pou Bondye deklare responsabilite l' nan sak te pase a. Sa vle di sa l' te bay pou Jezi te ka leve sòt nan lanmò.

Lè bib la di :"Se Kris la pa te leve sòti vivan nan lanmò, sa nou te kwè a pa ta vo anyen, paske nou ta toujou ap viv nan peche nou yo" (1 Korint15 :

17) Rezon an se pa rezireksyon an ki peye dèt peche nou yo.. Lòt rezon ankò sè ke rezireksyon a montre ke pat ka gen lòt pri ke lanmò Jezi. Si Jezi pat sot vivan nan lanmò, lanmò li t'ap yon echèk, Bondye pa t'ap kapab ekzekite plan li pou l' pote peche nou yo.

Konsa, "Kris te leve sot nan lanmò pa gwo fòs pouvwa Papa li" (Women 6 : 4). Lè fini pa montre ke l' pote viktwa sou soufrans ak sou lanmò. E si nou mete konfyans nan Kris, nou pap tonbe nan peche ankò. Paske bèje nou an te leve nan lanmò, e l'ap viv pou tout tan gras a san sa ki te siyen kontra a.

# 5

## JEZI DWE MOURI

### POUL TE MONTRE PECHÈ YO RICHÈS KI GEN NAN LANMOU AK NAN GRAS BONDYE

Se pa fasil pou jwenn yon moun asepte soufri pou yon non m ki gen rezon. Ou ta ka jwenn yonn konsa ki ta gen kouray mouri pou yon nonm de byen. Sou pwen sa a, bondye montre nou jan li renmen nou anpil paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou.

Women 5:7-8

Paske, Bondye si tèlman renmen lèzòm li bay sèl ptit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo.

Jan 3 :16

Grenmesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo. Bondye fè nou wè jan li renmen nou anpil.

Efesyen 1 :7

**B**ondye montre pa de fason grandè lanmou li pou nou. Yonn nan yo se kalte sakrifis ki fèt la pou n' te sove anba kondanasyon peche nou yo. Lòt la sè ke nou pat merite benefisyé sakrifis sa ki te pèmèt nou sove a.

Nou ka eseye wè grandè sakrifis la atravè mo sa yo.” Li bay sèl ptit li a” (Jan 3 :16)

Nou te wè tou mo Kris la. Non sa gen yon rasin grèk : Christos ki vle di Mèsi. Se yon mo ki soti nan syèl. Te gen yon mesi ki pou te vin wa an Izrayèl. Li te gen pou l' te dirije Wom e pou l' te pote lapè ak sekirite nan Izrayèl. Nan fason sa, moun ke Bondye voye pou l' te sove nou de peche yo se te pwop ptit gason

li, sila ki te beni pou l te wa Izrayel e tou pou l' te wa sou tout tè a (Ezayi 9 :6-7)

Lè nou konsidere kalte soufrans Kris lan te andire sou kwa a, sa klè ke sakrifis papa a ak pitit la te fè a, se te yon bagay ki san parey e ki menm san limit lè n'ap gade distans ki separe nou, lezòm de Bondye. Men, Bondye te chwazi pou l'Men, Bondye te chwazi pou l' fè sakrifis sa pou l' te sove nou.

Grandè lanmou li pou nou vin ogmante plis chak fwa nou rekonèt ke nou pa vo anyen.” Ou ta ka jwenn yonn konsa ki ta gen kouraj mouri pou yonn nonm debyen. Sou pwen sa Bondye montre nou jan li renmen nou anpil. Paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou” (Women 5 :7-8). Nou merite pou Bondye pini nou, men pa merite sakrifis sa.

Mwen te tandé sa :” Bondye pat mouri pou krapo, men se pou nou lèzòm ki gen valè na zye l”. Sa vin fè li fè nou gras. Nou pi mal ke krapo yo, paske yo menm, yo pa janm te konn fè rebèl e meprize Bondye dèske yo pat vo twop nan lavi a. Bondye pat gen pou l' te mouri pou krapo, menm lè yo pat two mal ke sa. Dèt nou an te plis toujou e se selman sakrifis sa ki ka eksplike sakrifis Bondye a. Sa, se pa nou menm. Men se granmesi pitit la” (Efezyen 1 :7). Nou pa t' gen pou n' te peye pou anyen. Sa pat vle di nou te merite sa. Men se gras a merit sakrifis sa. Konsa, se sa lanmou Bondye a ye finalman : ” se yon pasyon ki rale tout peche ki pa merite gras Bondye pa sakrifis la, li ki pral fè nou kontan pou tout tan gen tan.

# 6

## JEZI DWE MOURI

### POU L' TE MONTRÉ PWOP LANMOU LI GEN POU NOU

Se pou nou viv ak renmen nan kè nou, menm jan Kris la te fè l' la, li menm ki te renmen nou , ki te bay lavi l' pou nou tankou yon ti mouton yo ofri pou touye pou bondye, ofrann k'ap fè Bondye plezi ak bon sant li.

Efezyen 5 :2

Nou menm mari yo, se pou nou renmen madanm nou menm jan kris la te renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li

Efezyen 5 :25

Pitit Bondye a ki te renmen m' sitèlman, li te rive bay lavil' pou mwen

Galat 2 :20

**L**anmò kris la pa sèlman demonstre nou kòman Bondye renmen nou. (Jan 3 :16), men tou, li te vle montre, lanmou Kris la pou nou tout ki resevwa l' tankou yon richès. Yo te arète dènye temwen yo ki te soufri anpil paske yo te kretyen pou rezon sa :" Kris la te renmen m' sitèlman, li te rive bay lavi l' pou mwen" ( Galat 2 :20) Yo te pran a kè sakrifis Kris la kote li chwazi bay pwop tèt li . Yo te di : Li te renmen m' sitèlman, li te rive bay lavi l' pou mwen".

S Siman, se konsa nou dwe konprann soufrans ak lanmò Kris la. Yo dwe sipòte mwen. Yo dwe konnen ke lanmò Kris la te pou mwen pèsonèl-man. Se peche mwen yo, ki fè m'al lwen Bondye, men se pat' peche tout moun an jeneral. Se kè di m' nan e lespri m' ki mouri ki meprize valè Kris la genyen. Mwen te pèdi e m' t'ap peri. Lè l vini pou sovem' mwen te rachete pa

jistis li. Tout sa m' te ka fè, te plede pou m' jwenn mizèrikòd li.

Konsa, mwen te wè Kris la ki t'ap soufri jis li te mouri. Pou kilès ? Yo di : " Kris la ki te renmen legliz la, jouk li te aksepte aksepte mouri pou li " (Efezyen 5 : 25)

" pa gen pi bon jan pou ou montre jan ou renmen zanmi ou pase lè ou bay lavi ou pou yo" (Jan 15 :13).

" Moun Bondye voye nan lachè a, pa vini pou moun rann li sèvis, men li vini pou rann moun sèvis. Li vini bay la vil' pou peye delivrans anpil moun ( Matye 20 :28)

E m' poze tèt mwen keksyon, eske mwen fè pati de moun sa yo ? Eske m' ka yonn nan li yo ? Eske m' dwe fè pati de legliz la ? E se konsa m' jwenn repons la : " Mete konfyans ou nan seyè Jezi, epi wa va delivre" (Travay 16 : 31)" Nenpòt moun ki rele nou Mèt la gen pou jwenn delivrans" ( Women 10 :13) " Nenpòt moun ki met konfyans yo nan Jezi va resevwa padon pou tout peche yo gremensi non sa a ( Travay 10 :43) Men, sa kite resevwa l yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye " ( Jan 1 :12) " Tout moun ki va mete tout konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo.( Jan 3 :16)

Kè m chavire e m' te kapte bote e kado Jezi a kòm richès mwen. E se konsa gwo royalite a te devèse anandan kè m – lanmou Kris la pou mwen . Konsa , m te di ansanm ak dènye temwen yo :" Pitit Bondye a ki te renmen sitèlman , li te rive bay lavi l' pou mwen".

E ki sa m' vle di la. Mwen vle di ke l' te peye pri ki pi elve posib la pou l te kapab ban mwen pi gran kado posib la. E ki sa l' te ye ? Sete kado sa li te priye pou n te ka jwenn anvan l ta pral : " Papa, se ou ki te ban mwen yo. Mwen ta vle pou yo toujou avè m kote m' prale, pou yo ka wè pouvwa mwen" (Jan 17 : 24) Nan soufrans li ak nan lanmò l' nou te wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye papa a te bay sèl pitit li a " ( Jan 1 : 14) Nou wè ase bagay ki kapte atansyon nou nan plan li a . Men , sa ki pi bon an gen pou rive. Li te mouri pou l' te ka sere sa pou nou. Ki se lanmou Kris la.

## 7

## JEZI DWE MOURI

**POU L' TE CHIRE PAPYE KI TE KONDANNEN NOU  
DEVAN LALWA**

Nan tan lontan, nou te te mouri paske nou t'ap viv nan peche nou yo, paske nou pat sikorsi nan kò nou daprè lalwa Moyiz. Men konyeya, gremesi Kris la, Bondye ban nou lavi ankò, li padonnen tout peche nou yo.

Kolosyen 2 : 13

**K**i foli sa ye, lè nou panse ke bon aksyon nou yo dwe yon jou depase move aksyon nou yo. Se yon foli pou de rezon.

Premyeman, se pa vre. Menm bon aksyon nou yo pat dwat paske nou pa onere Bondye nan fason nou fè yo. Eske nou vrèman poze aksyon pandan nou depann ak tout kè nou de Bondye, nan entansyon pou n' fè konn valè li ? Eske nou rive obeyi a kalte pawòl ki di fok nou sèvi noun avèk tout fos Bondye ban nou konsa, nan tout bagay lwanj lan va pou Bondye, gran-mesi Jezikri ( 1 Pyè 4 :11 ) ?

Kisa nou dwe di pou nou reponn a sa Bondye di "Tout sa nou fè san konviksyon se peche" (Matye 14 :23) ? Mwen panse nou pa sipoze di anyen. "Nou konnen egzijans lalwa se pou moun ki anba lalwa konsa, pa gen eskiz ki pou sòti nan bouch pèsonn " (Women 3 :19). Nou p'ap di anyen. Se yon foli lè nou panse ke bon aksyon nou yo pral depase move aksyon nou yo devan Bondye. San lafwa ki manifeste nan Kris, aksyon nou yo pa t'ap vle di anyen men se ta va yon rebelyon.

Dezyèm rezon an sèke se yon foli pou nou met espwa nou nan bon aksyon yo paske se pa nan fason sa Bondye sove moun. Si nou te sove de konsekans de move aksyon nou yo, se pa paske yo vo mwens ke aksyon nou yo ki bon an. Se ta va paske dét nou yo ki anrejistre nan syèk la te klosure tou sou kwa Kris la. Bondye gen plizyè fason pou l sove pechè yo ke li gen pou l' jije dimansyon aksyon. Pagen espwa nan aksyon ke nou poze yo. Genyen sèlman espwa nan soufrans ak nan lanmò Kris la.

## TITLE

Pa genyen Sali nan balanse tout sa nou fè genyen sèlman Sali lè yo anile yo. Anrejistreman move aksyon nou yo (avèk bon aksyon ki pa dwat yo) Avez pèn ki jis yo ke nou chak merite , ta vin akonpli lèl te soufri e mouri pou nou.

Peche nou yo vin blanchi lè tout sa nou fè yo te klosure sou kwa a ak Jezi” ( Kolosyen 2 :13) kòman tout peche nou yo te fè klosure sou kwa a. Men se te Kris la sa te rive konsa se Kris la kite pote kalte peche nou yo. Li te sibi kondanasyon m’ nan . Li te mete Sali m’ nan nan yon dimansyon ki elve. Li se sèl espwa m’ e lafwa nan li se rout ki mennen m’ jwenn Bondye

## 8 JEZI DWE MOURI POU L' TE VIN YON RANSON POU ANPIL NAN NOU

Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m rann moun sèvis.

Mak 10 : 45

**N**ou pa fouti panse gen yon kote nan bib la kote satan te peye dèt li pou pechè yo te ka sove sak ‘ te rive satan lè Kris la te mouri a pa t’ yon pèyman men se te yon defèt. Pitit Bondye a vin tankou nou pou l’ te detwi satan ki te gen pouvwa pou touye moun (Ebre 2 : 14). Pat gen negosyasyon.

Lè Jezi te vini bay lavi kòm yon ranson, yo pa t’ prete atansyon pou yo te konnen kilès ki te gen kòb la. Men, se te pwòp tèt li e pou anpil nan nou benefisyé de dèt sa li peye a. si nou mande kilès ki te resevwa ranson an repons nap jwenn nan bib la se ta va Bondye bib la di ke Kris te bay lavi l’ pou nou tankou yon ti mouton yo ofri pou touye pou Bondye” ( Efezyen 5 :2) “ Li ofri tèt li bay Bondye Bondye san okenn defo” ( Ebre 9 : 14) . Pi gran bezwen ki te gen pou yon moun te mouri nan plas nou, se paske nou tout te peche e nou tout te vire do bay Bondye ki gen pouvwa a( Women 3 :23). E akòz peche nou ye.



## 9 JEZI DWE MOURI

### POU PADON PECHE NOU YO

Grenmesi Kris ki mouri pou nou an , nou delivre, nou resewwa padon pou peche nou yo.

Efezyen 1 :7

Paske , sa se san mwen, san ki siyen kontra Bondye fè a, san ki koule pou anpil moun jwenn padon peche yo.

Matye 26 : 28

**L** è nou padone yon moun ki fè n ditò, oubyen lè nou pase sou yon dèt Lyon moun te gen pou nou, nou pat bezwen gen kòb pou negosye. Sa pa t'ap sanble ak padon. Si lè nou pèdi yon bagay nou te dwe peye pou li ankò, padon pa t'ap bezwen egziste nou t'ap genyen sa nou merite a.

Padon pa mache san gras , si ou blese mwen, pa la gras m'ap blyie sa. Mwem pa rele w' la jistis. Mwen padone w'. Gras la bay yon moun yon bagay ke li pa merite se pou rezon nou kòm kado, yon dwa pou nou benefisyé de yon lòt bagay.

Se sa Bondye fè pou nou lè nou fè Kris konfyans :" Nenpòt moun ki met konfyans yo nan Jezi va resevwa padon pou tout peche yo granmesi non sa a( Travay 10 :43). Si nou met konfyans nou nan Kris, Bondye pap pran tan pou l' libere nou de peche nou yo. Sa se pwòp temwayaj Bondye nan bib la :" Se mwen menm ankò k'ap efase tou sa nou fè ki mal " (Ezayi 43 :25). " Menm jan kote solèy leve a byen lwen ak kote solèy kouche a, se konsa li wete peche nou yo, li voye yo jete byen lwen nou" (Sòm 103 : 12)

Men sa bay yon pwoblèm. Nou tout nou konnen padon pap sifi . Nou ka wè sa klè yon moun fè nou yon gwo tò tankou lè yo touye yon moun nou oswa yo vyole nou. Ni sosyete, ni limanite pa t'ap vo anyen si jij yo (oswa Bondye) ta sèlman mande yon nonm ki touye yon moun oswa ki vyole yon fi" Eske ou regrè sa ou fè ? Pa gen pwoblèm, leta a padone ou nèt

ale . Nan ka sa yo, nou wè ke viktim ka gen yon lespri pou l' padone men leta pa deside pase sou sa.

Konsa se avèk jistis Bondye. Tout peche yo se gwo peche paske nou fè tout kont Bondye . Lè nou ignore li,lè nou dezobeyi li ou byen li nou blasfeme non li se glwa li nou blese. Jistis li pap menm pemèt li libere nou ke yon senp jij ka deside anile tout dèt yon kriminèl dwe yon sisyote. Lè nou blese Bondye nan glwa li akòz peche nou yo, nou dwe chèche padon Bondye a pou glwa li ka briye plis. E si nou, ta sipoze gen yon demonstrasyon ke onè Bondye a ka toujou kenbe menm lè sila yon kite konn blasfème non li lontan an te konn libere.

Se pou rezon sa Kris la te soufri e te mouri” grenmesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre nou resevwa padon pou peche nou yo” ( Efesyen 1 :7). Nou pa peye anyen pou nou jwenn padon. Tout obeyisans nou yo se sa ki pemèt nou jwenn padon se sak fè nou pale de gras. Men Bondye pa deside kondane nou ! E ki pi bél bagay sa ye lè san Kris te koule pou Bondye te ka fè sa.

# 10 JEZI DWE MOURI

## POU L' PROUVE FONDMAN JISTIFIKASYON NOU AN

Se paske li bay san li pou nou kifè kounyea Bondye fè nou gras

Women 5 :9

Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, granmesi Jezikri ki vin delivre yo.

Women 3 :24

Nou kenbe sa nou di a se paske yon moun gen konfyans nan bondye ki fè bondye fè l' gras , se pa paske li fè sa lalwa mande.

Women 3 :28

**L**è Bondye fè nou gras e lè li padone nou, se pa menm bagay lè w' jwenn gras se tankou yonn nan chanb tribinal yo. Lè yo padone m' sa vledi ke m te koupab e koulyeya krim mwen an efase. Lè m jistifye oswa lè m jwenn gras sa vle di ke yo jijé m' e yo wè m inosan. Kòz mwen an te jis. M' te prouve yo ke m' pat antò. Jij la te di : " ou pa koupab"

Lè ou jistifye, se yon ak ki legal, sa vle ke yo deklare moun inosan. Se yon desizyon ki pran desizyon ki pran pou yo fè ou gras la, e pa yon desizyon ki di ke moun nan inosan sa baze sou yon moun ki fenk jwenn jistis li. Nou ka wè sa pi klè nan bib la kote lè Jezi t'ap anseye pèp la, yo te rekonèt ke se Bondye ki gen rezon (Lik 7 :29). Sa pa t' vle di ke yo te bay Bondye rezon (Pwiske li toujou gen rezon). Sa te vle di yo ke yo te deklare ke Bondye te gen rezon.

Nouvo konpòtman nou vin genyen nan krim lè nou fè konfyans nan li, pa rele jistifikasyon oswa gras. Bib la toujou rele sa sanktifikasyon, ki se yon mwayen pou vin pi bon jistifikasyon an. Li pa sa menm. Se pito, yon

deklarasyon ki fêt nan yon ti moman. Yon deklarasyon : ou jis ! ou dwat !

Meyè fason pou ka jwenn gras nan yon tribinal kote lòm ap dirije se pou respekte lalwa.Konsa pa vrèman gen espwa nan jistifikasyon an. Bib la menm di :" Se yon abdominasyon pou moun k'ap pran pou mechan yo" (Pwovèb 17 :15) E akòz de Kris, yo di tou ke Bondye k'ap fè tout moun ki meprize l' yo gras, li fè moun sa yo gras tou pwiske yo mete konfyans yo nan li (Women 4 :5).

Bondye konn chanje tout abdominasyon. Pouki pa gen abdominasyon ! E kòm bib la di, kòman Bondye ka fè montre nou ki jan l'ap fè moun gras e anmentan pou l' fè tout moun ki kwè nan Jezi gras( Women 3 :26) ? Se pa yon abdominasyon pou Bondye ki vle fè moun ki meprize l' yo gras pou de rezon : Yonn, se paske li bay san li pou nou fè nou gras. Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou anba kòlè Bondye.( Women 5 :9). Men sa se sèlman blanchi peche nou yo. Sa pa deklare ke nou dwat pou otan. Lè fort nou yo lave ak lè yo deklare ke nou respekte lalwa, se pa menm bagay. Lè yon pwofesè deside anile yon kopi yon egzamen ki gen yon move nòt tankou zero ak lè pwofesè a deklare ke yonn nan elèv yo fè dis se pa janm menm bagay si yon bank ta deside retire yon dèt ke m' gen pou yo, sa pa t'ap menm bagay ak lè yo rele m' pou yo di m' ke rich. Konsa lè peche nou yo lave ak lè yo dekalre nou inosan, se de bagay differan. Peche nou yo dwe efase paske sa enpòtan anpil pou jistifikasyon nou. Men gen plis bagay toujou. Gen yon lòt rezon ankò ki montre ke se pa yon abdominasyon sa ye lè Bondye deside fè tout moun ki meprize l' gras pa lafwa. Pou sa, ann al gade nan lòt chapit la

# 11 JEZI DWE MOURI

## POU L' TE KONPLÈTE OBEYISANS LI KI PRAL FÈ N' VIN DWAT

Li rabese tèt li. Tankou yon moun, li soumèt devan Bondye.  
Li obeyi Bondye jouk li rive asepte mouri sou kwa a

Filipyen 2 :8

Si dezobeyisans yon sèl moun lakoz yon fou l moun fè peche,  
konsa tou obeyisans yon sèl moun lakòz Bondye va fè anpil  
moun gras

Women 5 :19

Men Bondye fè l' pran sò nou sou li, yo trete l' tankou yon  
moun ki fè peche. Konsa, lè nou fè yon sèl kò ak Kris la,  
Bondye fè nou gras.

2 Korint 5 :21

Pou m ka viv ansanm avè l nèt ale. Konsa, mwen pa gen pre-  
tansyon mwen bon paske mwen fè sa lalwa a mande. Men,  
Bondye fè m' gras paske mwen mete konfyans mwen nan Kris  
la.

Filipyen 3 :9

J istifikasyon an pa sèlman netwaye fot nou yo. Men se tout kote ki bon  
nan Jezi. Nou jwenn tou. Mwen pa gen anyen ki dwat nan mwen ki ka  
pouse m'al jwenn Bondye. Men kòz devan Bondye, se ta va sa : " Mwen pa  
gen pretansyon mwen bon paske mwen fè sa lalwa a mande. Men, Bondye  
fè n' gras paske mwen mete konfyans mwen nan kris la (Filipyen 3 :9)

Sa se bonte Kris la. Li fè m' benefisyé li. Sa vle di Kris ranpli tout kondisyon pou li bon nèt; konsa gras a li, mwen kwè nan li, mwen vin bon tou. Yo vin konte m' pamí moun ki bon. . Bondye gade pitit li ki dwat e li te deklare m'dwat tou granmesi pitit la.

Konsa, genyen de rezon ki montre poukisa li pa yon move bagay pou Bondye jistifye sila yo ki meprize l' yo (Women 4:5). Premyeman, lanmò Kris la te peye dèt nou yo paske nou pa dwat (Ann gade chapit anvan an). Dezyèmman, obeyisans Kris la vin ban nou sa ke nou ap bezwen pou nou ka vin dwat e pou Bondye jistifye nan devan tribunal li a. Lè Bondye mande nou pou antre nan pòt ki mennen nan lavi ki pap janm fini an se pa pou li fè disparèt tout sa ki pa bon nan nou, men pou nou mache nan chemen pou nou vin dwat.

Soufrans ak lanmò Kris la se baz yo tou lè de. Soufrans li se soufrans nou merite paske nou pat dwat." Se akòz mechanste nou, ki fè yo kraze l anba kou konsa. Chatiman an ki te pou nou an se sou li li tonbe" (Ezayi 53:5). Men soufrans ak lanmò li a se te denye gran bagay ki te gen pou fèt nan obeyisans li ki va vini baz n'ap bezwen an pou nou vin dwat." Li obeyi Bondye, jouk li rive aksepte mouri, wi jouk li aksepte mouri sou kwa a" (Filipyen 2:8). Lanmò li se te dènye gran batay li ta va fè pou montre obeyisans li. Se sa bib la vle di lè li di :" Obeyisans yon sèl moun lakòz Bondye va fè anpil moun gras " (Women 5:19)

Se poutèt sa, lanmò Kris vin tounen rezon ki montre peche nou yo padone e ke nou vin dwat." Kris la pat janm fè okenn peche, men Bondye fè l pran sò nou sou li, yo trete l' tankou yon moun ki fè peche konsa, lè nou fè yon sèl kò ak Kris la, Bondye fè nou gras" (2 Korent 5: 21). Sa vle di ke Bondye fè yo trete kris la tankou moun ki fè peche? Sa vle di ke li pote peche nou yo e konsa pou n' te jwenn padon peche nou yo. E kisa sa vle di ke nou menm ki fè peche vin dwat devan Bondye nan Kris? Sa vle di menm jan an ke Kris ki dwat la vin pèmèt nou dwat tou, e konsa li vin fè nou tounen san tach.

Ke nou onore Kris pou sa li reyalize nan soufrans li yo ak nan lanmò li! Yo tou lè de travay sa yo pèmèt nou jwenn padon pou peche nou yo e pèmèt nou vin dwat. Ann admire li, ann konsidere l' kòm yon riches e ann mete konfyans nan li pou kalte sa li fè pou nou.

# 12 JEZI DWE MOURI

## POU L' TE RETIRE KONDANASYON NOU YO

Ki moun ki kab kondane yo? Pèsonn paske Jezikri te mouri. Sak pi red ankò, li leve soti vivan nan lanmò, epi li chita sou bò dwat Bondye, kote l'ap plede pou nou

Women 8 :34

**D**ènye bagay nou ka di sou soufrans ak lanmò Kris ta va : " Kounyeya, nan pwen okenn kondasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri( Women 8 :1).Lè yon moun nan Kris sa vle di li genyen yon bon relasyon avèk li pa lafwa, lafwa nou nan Kris , li ini nou ak li pou lanmò l' te ka lanmò nou e pou sak' bon nan li ka vin nan nou. Kris te vini pou nou yon chatiman (Sa ke nou pa ka sipòte) ak tout sa ki bon pou nou.

Lafwa a, se pa sa ki pèmèt Bondye aksepte nou. Se sèlman Kris ki pèmèt sa. Lafwa ini nou nan Kris pou menm jan li dwat la pou n ' te ka dwat tou. " Men nou konnen se pa paske yon moun fè tout sa lalwa jwif yo mande kifè li inosan devan Bondye , men se lè li mete konfyans li nan Jezikri Bondye va fe l' gras se poutèt sa, nou menm tou nou te mete konfyans nou nan Jezikri. Konsa, se pa paske nou te fè sa lalwa jwif yo mande kifè Bondye fè nou gras, men se paske nou te mete konfyans nou nan li. Bondye p'ap fè pèsonn gras paske li fè sa lalwa mande" (Galat 2 :16). Lè nou jistifye pa lafwa ak lè nou jistifye nan Kris se de bagay diferan (Galat 2 :17). Nou jistifye paske Kris nan nou pa lafwa.

Lè yo poze keksyon an : Kilès ki kab kondannen? Repons te aksepte. Pèsonn! Konsa sa te deklare:" Se te selman Jezikri ki te mouri!" Lanmò Kris la te epanye libète nou de kondanasyon. Menm jan nou gen konviksyon ke nou pa gen kondanasyon sou tèt nou se konsa tou nou dwe kwè ke Kris te mouri tou. Pa genyen pèn ki doub nan tribinal Bondye a. Nou pap janm kondane de fwa pou menm fòt la. Kris la te mouri yon sèl fwa pou peche nou yo. Nou pa gen dwa kondane pou yo ankò. Kondanasyon an te efase pa paske pa genyen menm ankò, men se paske li te rive dejá.

E lè se mond ki kondane ? Eske se pa yon repons a keksyon sa tou :"Ki moun ki kab kondane yo ? Eske se kretyen yo mond lan kondane ? Te gen anpil nan yo ki te pase mati, repons lan sè ke pa gen pesonn ki ka rive kondane nou.. ka gen anpil akisasyon yo mete sou do nou, men pa gen yonn nan yo k'ap kenbe a la fen" Ki moun ki va akize moun Bondye chwazi yo? Pèsonn paske, Jezikri te mouri" (Women 8 :39). Se menm bagay la lè bib la mande :" Kisa atò, ki va fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou an ? Soufrans ka fè nou sa ? Osinon kè sere ? Osinon pèsekisyon ? Osinon grangou, mizè gwo dange, lanmò ?"(Women 8 :35) Repons lan se pa paske bagay sa yo pa rive kretyen yo, men " sou tout bagay sa yo, nou genyen batay la nèt ale, grenmesi moun ki renmen nou an " (Women 8 :37).

Mond lan gen pou l pote kondannasyon pa l' tou. Yo ap menm rive itilize epe yo kont nou. Men nou deja konnen ke gran tribinal la ap plede an favè nou. " Si Bondye pou nou, kilès ki ka kont nou ? (Women 8 :31). Pa gen okenn moun ki ka rive kont nou. Si yo jete nou, li va ranmase nou. Si yo rayi nou, l'ap renmen nou. Lè yo mete nou nan prizon, li libere less-pri nou. Lè yo maltrête nou, li restore nou avèk dife li. Lè yo touye nou, li aksepte sa kòm chemen ki mennen w' nan paradi a. Yo paka defet nou paske Kris te mouri pou nou e li te resiste kouleya n'ap viv nan li. E pa gen kondanasyon nan li. Nou tout nou jwenn padon e nou vin vin dwat" Men moun ki mache dwat yo brav tankou Lyon" (Pwovèb 28 :1)

# 13 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE ABOLI ZAFÈ SIKONSI A AK TOUT TRADISYON KÒM FONDMAN SALI A

Pou mwen menm frè m' yo, si m' t'ap mande pou moun sikonsi toujou... Kris la ki mouri sou kwa a pa ta bay pèsonn okasyon bite

Galat 5 :11

Moun nou wè ki vle fè nou sikonsi yo, se moun k'ap chache pase pou bon nan je lezòm. Y'ap fè sa paske yo pa vle pou moun pèsekite yo akòz kwa Kris la

Galat 6 :12

**K**ote moun yo te konn sikonsi yo te konn fè anpil pale anpil nan legliz primitif la. Li te okipe pandan lontan yon gwo plas nan bib la depi lè Bondye te otorize li nan (Genèz 7 :10). Se yon jwif Kris la te ye. Tout douz apòt li yo te jwif tou prèske tout moun ki premye vin kretyen yo te jwif e nou te jwenn ekriti jwif la andan bib ke legliz kretyen yo te itilize. Sa pa dwe etone nou lè nou wè legliz kretyen yo ap pratique seremoni jwif.

Yo te vini. E yo vin ak anpil pwoblèm. Mesaj Kris la te konn simaye nan anpil kote ki pa gen jwif tankou Antyòch nan siri. Moun jentil yo te kwè nan Kris la . Keksyon an te vin enpòtan : Kòman fè ke baz laverite ki nan pawòl Bondye yo gen rapò ak zafè sikonsi a ? Kòman seremoni sa yo fè sanble ak pawòl Kris la kote li ke si nou kwè nan li, peche nou yo va padone e nou va jwenn gras devan Bondye ? Bondye se pou ou li ye. Ou gen genyen lavi etènèl. Nan mond jentil yo. Apòt yo te konn preche padon ak jistifikasyon pa lafwa sèlman. Pyè t'ap preche :"Tout pwofèt yo te di sa sou li : Nenpòt moun ki met konfyans yo nan Jezi va resevwa padon pou tout peche yo grenmesi non sa a"( Travay 10 :43). Pòl t'ap preche tou :"Frè m' yo, nou fèt pou nou konn sa byen, tout moun ki mete konfyans yo nan

Jezi , y'ap delivre anba tout peche lalwa Moyiz pat ka wete pou yo"( Travay 13 : 38-39).

Kisa n' ka di de moun ki sikonsi yo ? Anpil moun nan Jerizalèm te kwè li te enpòtan anpil tout diskisyon yo te kòmanse nan peyi Antyòch " Mesye yo te sòti nan peyi jide e yo t'ap montre frè yo anpil bagay, yo t'ap di : Bondye pap kapab delivre nou si yo pa sikonsi nou" ( Travay 17 :1). Yo te met sou pye konsey kote yo t'ap eksplike tout bagay.

Kèk disip, ansyen patizan farizyen yo, kanpe yo di : " Se pou n' sikonsi moun lòt nasyon yo tou. Se pou n' mande yo pou yo obeyi lalwa Moyiz la tou Pyè kanpe li di yo : " Frè n' yo, nou konnen ke bondye te chwazi m' nan nou tout pou m' anonse bon nouvèl la bay moun lòt nasyon yo, pou yo menm tou, yo ka tandé l' pou yo rive kwè nan Bondye. Kounyeya, poukisa pou n'ap esesye fè plan ak bondye konsa, lè nou vle fè disip yo pote yon chay ni zanzèt nou ni nou menm nou pat ka pote ? Okontré nou kwè se yon favè Jezikri fè nou lè l' delivre nou, menm jan li fè l' pou nou lè l' delivre nou, menm jan li fè l' pou nou. Aprè sa, tout moun pe bouch yo. (Travay 15 :5-12)

Pat gen pèsonn ki te ka wè sitiyasyon klè konsa ke Pòl. Li te difisil pou n' te wè vrè sans soufrans ak lanmò Kris la. Eske lafwa sifi pou l' mete nou an kontak ak Bondye ? Oubyen eske li nesesè pou nou sikonsi. Repons lan te klè. Si Pòl te preche n' pou n' te sikonsi, peche nou yo pa t'ap efase sou kwa a " (Galat 5 :11) kwa ta vle di libere nou de tout tradisyon ki te fè n tounen esklav." Se pou n' te ka lib ki fè Kris la te delivre nou, se poutèt sa , ann rete fèm nan libète sa a veye kò nou pou n' pa tounen esklav ankò' ( Galat 5 :1)

# 14 JEZI DWE MOURI

## POUL TE PÈMÈT NOU GEN LAFWA E POU N' TE RET FIDÈL

Sa se san mwen , san ki siyen kontra pou anpil moun

Mak 14 :24

M'ap pase yon kontra ak yo ki p'ap janm kase m'a fè yo gen krentif pou mwen ak tout kè yo. Konsa yo p'ap janm vire do ban mwen ankò

Jeremi 32:40

**B**ib la pale de yon” ansyen kontra ak yon “ nouvo kontra. Mo kontra a sanble ak yon pilye de pati ki aksepte obligasyon yo chak genyen e ki siyen li pa yon sèlman. Nan bib la, se Bondye sèl ki pran desizyon fè kontra yo pou kont li avèk lezòm. Li te fixe lè pou yo te fini. Li te defini engajman li yo daprè pwòp desizyon l'yo.

Ansyen kontra a gen rapò ak angajman bondye te pran ak pèp Izrayèl la nan lwa Moyiz la feblès ki te gen nan lwa sa yo, sè ke yo pat gen fòs es-pirityèl. Konsa , yo pat ‘ obeyi li e li pat bay lavi . Li te ekri sou wòch an lèt, men lespri Bondye pat’ pran pa ladan l e yo pat’ sou kè pèsonn. Pwofèt yo te vin pwomèt yon nouvo kontra ki ap diferan “ Kontra sa apat fèt dapre lalwa ki ekri a, men dapre pouvwa lespri Bondye a. Paske lalwa ki ekri a bay lanmò men lespri Bondye a bay lavi” ( korent 3 :6). Nouvo kontra a pi efikas lontan ke ansyen a. Li jwenn fòs li nan baz soufrans ak lanmò Jezi a.” Se pourtèt sa,Kris la se yon avoka ki etabli yon nouvo kontra ant bondye ak lezòm”( Ebre 9 :15).” Jezi te di ke san sa se san ki siyen kontra Bondye te fè ak nou an, san ki te koule pou anpil moun”( Mak 14 :24) Sa vle di ke san Jezi a te achte pouvwa ak pwomèt ki genyen nan nouvo kontra. Li te efikas anpil paske Jezi te mouri pou l’ te ka konsa.

Ki kalite bi kontra a te gen pou san jezi a rive kourvil’ ? Pwofèt jeremi

te dekri kèk nan yo :” Mwen pral pase yon lòt kontra... se mwen menm seyè ak di sa... m’ap mete prensip mwen yo anndan kè yo, m’ap make lòd mwen yo nan lespri yo... m’ap padone sa yo fè ki mal, mwen p’ap sonje peche yo ankò”( Jeremi 31 :31-34) Soufrans ak lanmò Kris la te vin garanti tout chanjman nan lavi pèp li a( Nouvo lwa ki etabli nan kè yo) ak padon peche yo.

Konta sa pap janm fayi paske Kris te pran desizyon pou l’ te ogmante lafwa pèp li a e poul’ te pwoteje yo pou yo te toujou rete fidèl. Li te vini ak yon nouvo pèp paske prensip yo pat ekri sèlman sou wòch men yo te ekri tou anndan kè yo. Sa k’ diferan de sak’ te ekri sou wòch la, sèke lespri bondye ki nan nouvo kontra a ka bay lavi ( 2korent 3 :6)” Li ban nou lavi ankò ansanm ak Kris la, nou menm ki te mouri akòz peche nou yo”(Efesyen 2 :5) . Se gras a lespri a nou gen nan lavi nou ki pèmèt nou wè e kwè nan glwa Kris la. Se gras a nouvo kontra sa ki fè nou vin yon nouvo pèp. Se yon verite paske Kris te achte nou avek pwop san li.

E mirak sa pa sèlman fè nou vin gen lafwa men li vin pwoteje nou pou nou kapab fidèl.” M’ap pase yon kontra ak yo ki pap janm kase.M’ap fè yo gen krentif pou mwen ak tout kè yo. Konsa, yo p’ap fanm vire do ban mwen ankò” ( Jeremi 32 :40).

Lè kris te mouri non sèlman li bay pèp li a yon nouvo kè, ment ou li vin ba yo yon lòt sekirite. Li pap janm kite y oba li do. L’ap tou pou kenbe yo. E yo va pèsevere. Paske san ki te siyen kontra a te garanti tout bagay.

# 15 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE FÈ NOU VIN SEN, SAN KONDANASYON, E SAN TACH

Konsa, avèk sèl ofrann li fè a, li fè moun li netwaye anba peche yo bon nèt pou tout tan

Ebre 10:14

Men Kounyeya, Grenmesi kris la ki mouri nan kòl tankou yon moun, bondye fè nou byen avèl' ankò pou nou ka parèt devan l' tankou moun k'ap viv apa pou li, san okenn tach, san okenn repwoch

Kolosyen 1:22

Wete vye leven peche sa a, pou nou ka tankou yon lòt kalite moun. Lè sa a, n a tankou yon pat ki fenk bat san leven ladan li. Paske delivrans nou, se kris la menm. Yo ofri l' bay bondye pou nou deja tankou ti mouton yo konn touye lè fèt la.

1 Korent 5 :7

**Y**on nan pi gwo kè fè mal ki genyen nan lavi kretyen an se tan nou pran pou nou chanje. Bondye mande nou pou nou renmen li avèk tout kè nou, avèk tout nanm nou, avèk tout lide nou, avèk tout fòs nou. (Mak 12 :30). Men, eske nou toujou devwe pou afeksyon sa pou nou sèvi li. Nou toujou te konn kriye tankou apòt Pòl : " A la malere mwen malere, mezanmi ! Kilès ki va delivre m'anba kò sa k'ap trennen m' nan lanmò ?( Women 7 :24).Nou menm rive plenyen li n'ap pran yon seri de desisyon :" Men, m'ap kouri sou kous mwen pou m' wè si m' ka mete men sou kotem dwe rive a , paske jezikri poutèt pa l' fin men sou mwen deja "( Filipyen 3 :12).

E deklarasyon sa se yon kle pou nou ka gen andirans ak lajwa.” Kris te fè m’ vin moun pa l’ ”. Tout dezi mwen yo. Tout efò mwen yo, se pa pou mwen pou kris sèlman (Sa ki te rive déjà) men pou nou rive konplète mankaman nou yo kifè nou pa fin sanble ak kris nèt.

Yonn nan gran sous kontantman ak andirans pou yon kretyen, se pou l’ konnen ke malgre li pa bon tout l’ap fè efò nou déjà bon nan jezi granmesi soufrans ak lanmò kris la.” Konsa, avèk sèl ofrann li a, li fè moun li netwaye anba peche ! Nan menm fraz la li di nou li” Netwaye nou e li fè nou vin “ bon nèt”.

Le nou vin netwaye a, sa vle di ke nou te sal, ke nou pat pwòp e ke nou sou wout netwayaj la. Nou sou wout pou nou vin sen, men nou pa sen nèt. Ankourajman ki genyen nan verite sa, kote nou vin bon devan bondye, se pa paske nou te fè eksperyans ke nou bon, men se paske nou fè anpil pwogrè nan eksperyans lan. Bon nouvèl la sè ke lè nou sou chemen an , se yon prèv ke nou rive déjà.

Bib la prezante nou imaj la nan yon vye lang kote l’ pale de farin ak leven. Nan imaj sa, leven an se ta mechanste. Nou se yon lòt kalite moun. Li di : “ Wete vye leven peche sa a pou nou ka tounen yon lòt kalite moun paske delivrans nou, se kris la menm. Yo ofri l’ bay bondye pou nou déjà tankou ti moun yo konn touye lè fèt” la (1 Korent 5 :7). Kretyen yo vin san leven. Pa genyen leven, sa vle pa genyen mechanste. Nou vin bon, paske se rezon sa nou gen pou n’ wete vye leven ki nan nou . Gras a kris la nou vin san leven. Yon lòt fason ankò, nou dwe tounen sa nou te sipoze ye a.

Ki baz tout bagay sa yo ? ” Paske kris la, ki se mouton an, yo te sakrifye l’ pou nou. Soufrans kris la te sibi yo, vin fè nou gen yon nouvèl nati ki se nouvo reyalite konsa, nou goumen kont peche nou yo, nou sèlman pou nou vin bon, men se paske nou bon déjà . Lanmò jezi a se yon kle nan batay li tap mennen an pou l’ te chanje tout sak pa bon nan nou yo pou n’ te ka vin bon.

# 16 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE KA BAN NOU YON KONSYANS KI KLÈ

Nou pa bezwen mande kisa san kris la p'ap fè. Avèk pouvwa sentespri ki la tout tan, li menm li ofri tèt li bay bondye tankou yon ofrann bêt ki bon nèt, san okenn defo. Se konsa, san l'ap lave konsyans nou, p'ap delivre nou anba esklavaj lalwa k'ap touye nou an pou nou ka sèvi bondye vivan an.

Ebre 9 :14

**G**en de bagay ki pa janm chanje. N'ap soufri lontan depi sou Adan ak Ev de yon pwoblèm konsyans ki sal. Menm kote yo vin peche a, konsyans ki sal. Menm kote yo vin pa pwop. Yo te koupab e sa te fini ak yo. Sa te kraze relasyon yo te gen ak bondye. Yo te kache pou bondye pat' wè yo. Sa te menm kraze relasyon ki te gen an yo de paske yo chak t'ap akize lòt. Sa te retire lapè ki te gen nan yo a. E se te premye fwa yo vin rekonèt yo e yo te ront anpil.

Nan tout Ansyen Testaman, nou wè zafè konsyans se yon pwoblèm. Men, menm sakrifis yo te konn fè ak zannimo pa ka rive netwaye konsyans la." Nanpwen kado yo ka fè bondye, nanpwen ofrann bêt yo ka touye bay bondye ki pou avwe konsyans yo devan bondye. Nan tout bagay sa yo, se yon kesyon de sa ki bon pou manje, de sa ki bon pou bwè, de tout kalite seremoni pou yo fè pou lave deyò kò moun. Prensip sa yo vo kichòy jouk lè bondye vin chanje tout baagy (Ebre 9 :9-10). Menm jan yo te anonse kris la t'ap vini, bondye te wè ke san zannimo yo pat' ase pou netwaye chè nou. Se te pito yon seremoni ki lave tout sa ki mal, men li pat ' janm ka rive pwopte konsyans la.

Pa gen san zannnimo ki ka netwaye yon konsyans. Yo te konn sa (gade Ezayi 53 ak sòm 51). E nou konn sa tou. Konsa, yon gran prèt te vini- Jezi, pitit bondye- avèk yon sakrifis ki pi bon : Li te bay pwòp tèt li. " Nou pa bezwen mande kisa san kris la p'ap fè. Avèk pouvwa sentespri ki la tout tan an, li menm li ofri tèt li bay bondye tankou yon ofrann bêt ki bon nèt,

san okenn defo. Se konsa san l'ap lave konsyans nou, l'ap delivre nou anba esklavaj lalwa k'ap touye nou an pou nou ka sèvi bondye vivan an" (Ebre 9 :14). Sakrifis yo te conn fè ak zanmimo te anseye dènye sakrifis ki te gen pou fèt la ki se ptit bondye a ki te gen pou pran plas moutan an, E lanmò ptit la te menm rive al kouvri tout peche ptit Bondye yo nan ansyen tan yo e li te fèt tou pou'l te kouvri tout peche ptit Bondye yo nan moman sa yo.

Kounyeaya , nou nan tan modèn tan lasyans. Entènèt – kote yo ka pran yon pati nan kò yon moun pou yo mete l' pou yon lòt, kote yo ka voye yon mesaj menm kote a pou yon moun, tan yo itilize telefònè poutan pwoblèm nou yo rete menm jan : Pwop konsyans nou kondane nou . Nou pa bon ase pou nou ale kote bondye, ekelkeswa eta konsyans nou, sa se vre : Nou pap janm bon pou n'al jwenn li.

Nou ka blese pwop tèt nou, nou ka lage ptit nou nan yon rivyè ki sakre, nou ka bay yon milyon dola nan yon òganisasyon, oswa nou ka sèvi soup pandan fèt nasyonal o Ezetazini, oswa deside fè anpil penitans pou fè tèt nou soufri, pa gen anyen k'ap chanje, si ap toujou menm bagay la : Tach yo ap toujou rete, e n'ap toujou pè lanmò. Nou konnen ke konsyans nou sal, se pa menm jan lè nou manyen yon mò oswa lè nou manje yon vyand kochon. Jezi te di ke se tout sa k' soti nan yon moun kifè li sal men se pa sa nou wè nan (Mak 7 :15-23). Nou vin sal akòz de lògèy, de vye jalouzi, lè nou toujou move, lè nou rayi moun pou sa yo posede, lè nou toujou move, lè nou rayi moun pou toujou pè ak tout move aksyon santiman sa yo kapab kreye lakay nou. Tout sa yo se travay initil yo ye. Paske sentespri a pa pran pa nan yo. Yo pat janm soti nan lavi men se pwodi lanmò yo ye. Se sa k' fè tout yo ka mennen nou nan lanmò se sak' fè yo toujou fè santi ke nou pa gen espwa nan konsyans nou.

Sèl repons nou ka jwenn nan tan sa ak nan ansyen tan yo se san Kris la. Lè konsyans nou reveye pou l' kondane nou, ki moun nou ka gade ? Nou gade Kris la. Nou gade soufrans ak lanmò Kris la. San Kris la kite koule a. Se sèl moyen sa ki ka netwaye konsyans nou e ba li yon soulajman nan lavi a ak yon lapè nan lanmò.

# 17 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE JWENN POU NOU TOUT SA KI BON

Li pa t' menm refize nou pwòp ptit li a, men li bay li pou nou tout. Kijan poul' pa ta ban nou tout bagay avèk ptit la tou pou granmesi ?

Women 8 :32

**M**wen renmen lojik ki gen nan vèsè sa. Se pa paske mwen renmen lojik men se paske mwen renmen lè bezwen mwen yo satisfè. De mwatye nan Women 8:32 a gen yon lyen ki vrèman enteresan e ki enpòtan anpil. Nou ka pa wèl' pa ta ban nou tout bagay?" Men si nou chanje keksyon pou nou fè l' tounen yon deklarasyon ki ta vle di menm bagay la, nou va wè sa. " Li pat' menm refize nou pwòp ptit li a, men li bay li pou nou tout e konsa tou, li va ban nou tout bagay nèt avèk li tou".

Yon lòt fason ankò, lyen ki genyen ant de mwatye yo ta vle fè dezyem mwatye a gen plis sans. Si Bondye te rive fè bagay ki pi difisil la kote li bay sèl ptit gason l'an poul' te ka soufri ak mouri pou nou, se konsa tou la rive fè sa ki pi fasil kote la ban nou tout lòt bagay yo. Avèk li tou. Tout angajman Bondye pran poul' ban nou tout lòt bagay yo pi si toujou ke sakrifis ptit li a. Li te bay ptit li a pou nou nè. Pwiske sa fèt déjà, eske l'ap sispann pou nou ? Nou pa menm bezwen panse a sa.

Men, sa" ba nou tout bagay" vle di ? Se pa yon lavi ki gen tout sa pou alèz ladann. Ni poul' te pwoteje nou kont lennmi nou yo. Nou konn sa a pati de sa bib la" te di" :Se poutèt ou, tout moun yo sòti pou touye nou ,yo gade nou tankou mouton y'ap mennen labatwa ( Women 8 :36). Anpil kretyen, menm jodia, ap soufri jan de pèsekisyon sa. Lè bib la mande :" Kisa atò, ki va fè nou pèdi renmen kris la gen pou nou an ? Soufrans ka fè nou sa ? Osinon kè sere ? Osinon pèsekisyon ? Osinon Grangou ? mizè, gwo danje, lanmò ? (Women 8 :35) Repons la se non. Se pa paske bagay sa yo pa rive kretyen yo, men paske, " sou tout bagay sa yo nou genyen batay la nèt ale, granmesi moun ki renmen nou an" (Women 8 :37).

Men tou kisa sa vle di Akòz lanmò Kris la pou nou Bondye va ban nou tout lòt bagay yo” ak li ? Sa vle di ke li pat ban nou tout lòt bagay ki bon pou nou. Out sa nou vreman bezwen pou nou te ka mennen yon lavi ki apa ki fè nou sanble ak pitit la (Women 8 :29). Tout sa nou bezwen pou nou ka genyen yon kè kontan pou tout tan.

Se menm jan an nan lòt pwomès ki fêt nan bib la: “ Bondye ki rich an-pil la va ban nou tout sa nou bezwen nan Jezikri” (Filipyen 4 :19) Pwomès sa te klè nou vèse ki vin avan an : ” Mwen konnen sa ki rele viv nan mizè, mwen konnen sa ki rele viv nan richè. Kit mwen pa gen ase, kit mwen gen plis ase m bezwen, nan tout sikontans m’apprann kontante tet mwen toupataou ak sa mwen genyen. nenpòt sitiyasyon ki parèt devan mwen fòs kouraj (Filipyen 4 :12-13)

Yo di ke nou ka fè tout bagay gras ak Kris la. Men fow’ konnen ke tout bagay sa yo gen” grangou ak” sa nou bezwen ”yo ladann. Bondye va satisfè tout bezwen nou yo. San konte li va fè nou gras lè nou pa gen kichòch pou nou manje. Soufrans Kris la te andire ak lanmò li te garanti tout bagay Bondye ban nou yo pou nou te ka fè volonte li, pou nou ba li glwa e pou nou gen yon kè kontan pou tout tan.

# 18 JEZI DWE MOURI

## POU L' TE GERI MALADI FIZIK AK MANTAL NOU YO

Se akoz mechanste nou ki fè yo te krazel' anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou an se sou li li tonbe. Se konsa li ban nou kè poze avèk tout kou li te resevwa yo, li ban nou gerizon

Ezayi 53 :5

Li te geri tout moun malad yo tou. Se konsa pawòl pwofèt Ezayi te di a rive : Li pran enfimite nou yo sou li. Li pote maladi nou yo sou do li.

Matye 8 :16-17

**K**ris la te soufri e li te mouri pou yon jou maladi pat egziste ankò. Nou wè ke maladi ak lanmò pat janm nan plan Bondye depi nan kòmansman mond lan yo te vin peche se sak' vin fè pati jijman Bondye a sou lèzòm. Bib la di" tout kreyasyon an te tonbe pa fòs anba pouwva bagay ki pa vo anyen. Se pa paske li te vlel', men se akòz moun ki te vle l' konsa a men li te toujou gen espwa (Women 8 :20). Bondye te jete mond anba doulè ak maladi pou l' te montre kòman mechanste se yon bagay ki pa bon. Lanmò fè pati de tout sa k' pa vo anyen sou tè a. " Se poutet yon sèl moun peche antre sou latè. Peche a louvri pòt pou lanmò. Se konsa lanmò vin pou tout moun, paske tout moun fè peche" (Women. 5 :12). Li gen ladann tout plenn nan maladi yo. E menm kretyen yo ladann :" Epi se pa kreyasyon an selman. Nou menm tou ki resevwa sentespri Bondye a tankou premye kado Bondye fè nou, n'ap pou se gwo soupi nan kè nou pandan n'ap tann Bondye fin fè nou tounen pitit li nèt, fin delivre kò nou yo". (Women 8 :23)

Men tout mizè nan maladi sa yo se pou yon ti tan. N'ap tann moman sa kote pap' gen soufrans nan kò nou ankò. Kreyasyon an kite tonbe anba bagay ki pat' vo anyen yo pap dire pou tout tan . Depi nan komansman

jijman lan , bib la te di ke Bondye ap bay lespwa. Denye plan li gen an se” pou l’delivre lèzòm anba esklavaj pouvwa ka gate yo, pou yo ka jwi bél libète pitit Bondye yo( Women 8 :21)

Lè Kris te vini nan mond lan, li te gen misyon poul’ te vin rachte peche nou yo. Li te montre plan li a tout lè l’ t’ap geri anpil moun pandan l te sou tè a. Pèp la te reyini nan plizyè okasyon kote li te geri sila yo kite malad yo (Matye 8 :16 ; Lik 6 :19). Sa sete yon ti anvangou de sa ki gen pou rive nan gentan an” lè li gen poul’ cheche tout dlo nan je yo. P’ap gen lanmò ankò, yo pap soufri ankò (Revelasyon 21 :4) Kris te pran maladi yo ak lanmò sou do li e li te pote yo nan tonbo avèk tèt li se konsa li te kraze lanmò ak maladi yo jijman Bondye a sou peche nou yo ki te bay maladi te tonbe sou Jezi lè li menm te soufri e te mouri, Pwofèt Ezayi te eksplike lanmò Kris la konsa :” Se akòz mechanste nou ki fè yo te kraze l’anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou an se sou li li tonbe. Se konsa li ban nou kè poze avèk tout kou li te resevwa yo, li ban nou gerizon (Ezayi 53 :5). Kalte mati kite sou do Jezi a te fèl pote yon mond san maladi.

Gen yon jou, Bondye lè Bondye vin rachte nou, tout maladi gen pou disparèt. Konsa va gen yon tè tou nèf. Nou va gen yon yon kò tou nèf. Tout sa ki gen pou mouri nan nou pral disparèt nan lavi pou toutan (1korint 15 :54) ; 2 korint 5 :4) ” Chen mawon ak mouton pral manje ansam, Lyon pral manje zèb menm jan ak bèf” ( Ezayi 65 :25). E tout moun ki renmen Kris la va di mèsi nan chan yo pou mouton sa ki te sakrifye pou peche nou yo, lanmò ak maladi nou yo.

# 19 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE BAY SILA YO KI KWÈ NAN LI YON LAVI KI P'AP JANM FINI

Paske Bondye sitèlman renmen lezòm li bay sèl ptit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontré ya gen lavi ki pap janm fini an.

Jan 3 :16

**N**an moman nou kontan yo , nou pap janm renmen pou nou mouri. Se sèlman lè nou paka sipòte soufrans yo ke nou swete lanmò. Tout sa nou ta renmen genyen nan moman sa, se yon soulajman. Nou ta toujou renmen pou doulè yo disparèt. Na va renmen tou pou sila yo ke nou te renmen yo, resiste. Paske nou vle viv ak kè kontan.

Nou toujou ap twompe tèt nou. Lè nou ap panse ak lanmò ki se meyè vwa a pou sila a ki te byen viv sou tè a. Li se lennmi nou. Li anpeche jwi tout bél plezi ki gen nan mond lan. Nou bay lanmò tout kalite ti non sèlman lè pa gen mechanste. Sak' ta vle met fen nan soufrans nou yo, se pa dezi nou yo, men se pito lespwa nou ki fini. Dezi ke lèm nan se poul' viv toutan ak yon kè kontan.

Bondye te kreye nou konsa.” Li mete nan kè nou lavi pou yo konnen sa ki gen pou rive” (Eklesyas 3 :11) Nou te kreye pou n’ te sanble ak Bondye e Bondye renmen lavi e l’ap vi pou tout tan. Nou te kreye pou nou te viv toutan. E sa ki gen pou rive. Sa ki kontré a lavi ki pap janm fini an se pa yon lavi k’ap detwi nèt. Men se lanfè. Jezi te pale de sa plis ke tout lòt moun e li klè ke lè nou rejete lavi sa li ofri nou an na va sibi pito. Kolè Bondye : ”Moun ki mete konfyans yo nan ptit la, yo pap gen lavi sa a. Se kolè Bondye k’ap tonbe sou yo” (Jan 3 :36)

E sa gen pou rete konsa pou tout tan. Jezi te di : “ Aprè sa,l’ap voye resevwa, chatiman ki p’ap janm fini an. Men, pou moun ki te fè byen yo, y’ap antre nan lavi ki p’ap janm fini an” ( Matye 25 :46).

Sa se yon reyalite ke nou p’ap janm kab pale e ki montre ke se yon gran

mechanste lè nou ap meprize Bondye. Konsa Jezi te avèti nou : " Si se je ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, rachel' voyel' jete. Pito ou antre ak yon sel je, pase pou ou rete ak tou de je ou, apre sa pou yo jete ou nan lanfè. La, dife a ansam ak vè k'ap manje kadav yo pa janm mouri. Paske, tout mou nap sale ak dife" (Mak 9 :47-48).

Men lavi ki p'ap janm fini an li pa sèlman ogmante lavi sa ki melanje ak plezi e ak soufrans. Menm jan lanfè se pi move rezilta lavi a te ka ban nou se konsa tou lavi ki p'ap janm fini an se pi bon rezilta a . Sa va yon lafwa ki gran e ki p'ap janm fini lè tout peche ak tout tristè nou va pa egziste ankò. Tout mechanste ak malfesan ki nan mond depi li te kreye pou pote la verite ak kè kontan ki p'ap janm fini an te gen pou vin ogmante, e poul' te fin sakre.

Nou gen pou nou chanje pou kapab fè eksperyans tout nivo kontantman sa a ke nou pa t'ap janm ka imajine nan lavi sa. " Bagay pèsonn pat janm wè, ni pat janm tandem, bagay okenn moun pat janm mete nan tèt yo, se sa Bondye te pare pou moun ki renmen li ( 1Korint 2 :9) sa se yon verite pou chak moman nan lavi nou, kounyeya e pou tout tan : Pou sila yo ki mete konfyans yo nan Kris, yo gen pou yo viv tout bel bagay ki gen pou rive yo. Nou gen pou nou wè laglwa bondye ki ka satisfè tout bezwen nou yo. " Lavi ki p'ap janm fini an, se pou yo konnen ou, menm ki sèl Bondye tout bon an, ansam ak moun ou voye a : Jezikri" (Jan 17 :3). Paske kris la te pran soufrans yo ak lanmò a. E poukisa pou nou pa pral' nan bra nou kòm si te richès nou e pou nou ka viv.

# 20 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE DELIVRE NOU DE PECHE K'AP DOMINE TAN SA

Daprè volonte Bondye, Papa nou Kris la te bay tèt li pou peche nou yo, poul' te ka delivre nou anba move tan mechan ki sou latè kounyeya

Galat 1 :4

**J**iskaske nou mouri, oswa jiskaske kris la retounen pou l' etabli wayòm li, n'ap toujou viv nan tan mechanste a. Konsa , lè bib la di ke Kris te sakrifye pwòp tèt li pou l' te ka delivre nou de mechanste yo ki nan tan sa,” li pat vle di ke Kris ta pral retire nou nan mond , men li te gen poul' delivre nou de pouvwa satan gen nan lemonn.Jezi te priye konsa pou nou :” Mwen pa mande ou pou wete yo nan lemonn lan, men pou ou pwoteje yo anba satan”( Jan 17 :15).

Yonn nan rezon ki fè Jezi t'ap priye pou delivre nou sè ke tan mechanste sa n'ap viv la se tan kote satan gen libète poul' detwi ak pou l twonpe. Bib la di ke “ Tout sa ki sou latè anba pouvwa satan” ( 1Jan 5 :19). Sila a ki mechan an, yo rele l' tout “ Bondye mond nan” e plan li se poul' bouche je tout moun pou yo pa chache laverite a.” yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo, li anpeche yo wè limyè bòn nouvel la. Se bòn nouvèl sa a ki fè nou konnen pouvwa Kris la, li menm ki pòtre Bondye”(2 Korent 4 :4)

Nou ap viv nan amoni nan tan mechanste sa avèk sila a k'ap dirije l' la jiskaske lespri nou soti nan kondisyon fè nwa sa.” Se nan bagay sa yo nou t'ap viv nan tan lontan. Nou t'ap swiv move kouran ki nan lemonn, nou t'ap fè volonte chef otorite yo ki nan lè a, move lespri k'ap travay kounyeya nan moun k'ap dezobeyi Bondye yo” (Efezyen 2 :2).

San nou pat' konn sa, nou te esklav diab la. Nou mare menm lè nou santi nou gen libète. Men, yo menm se esklav movèz vi a yo ye. Paske, yo menm se esklav tout bagay ki dominen sou li" (2 Pyè 2:19)

Nan bib la, gen yon gwo kri ki bay pou yon libète ki se:" Pa fè moun bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou net lè l' a fin chanje tout lide ki nan tèt nou" ( Women 12 :2) . Yon lot fason ankò, chache pou lib! Pa kite yo twompe nou ak okenn bél pawol. Moun sa yo gen pou la jodi a e gen pou pala demen. Yon mòd gen pou ale, yon lot gen pou vini. Genyen trant lane jiska jodia tatouraj yo p'ap yon mak libète ankò, men y'ap selman yon tach k'ap sou po nou ki montre ke n'ap maché ak mond sa. Daprè sa Bondye pwomèt nou nan vi ki p'ap janm fini an, sajes ki gen nan mond sa se yon foli." Piga pèsonn twonpe tèt yo. Si yon moun mete nan lide l' li gen bon konprann tankou moun k'ap viv daprè lide ki nan lemonn yo, pito li vin gen poul' ka gen bon konprann tout lide ki nan lemonn yo se bagay moun fou li ye devan Bondye" (1 Korent 3 :18-19)." Pawol ki fè nou konnen Kris yo te klosure sou kwa a se pawòl moun fou pou moun k'ap peri yo" (1Korent 1 :18).

Kisa ki t'a va sajès Bondye nan tan sa ? Se lanmò Kris la kite vin libere nou. Moun ki te fenk swiv Jezi pa twò lontan yo te di : " Men nou menm, n'ap fè konnen Kris yo te klosure sou kwa a,... ki bon konprann Bondye a ak pouvwa Bondye a (1 Korent 1 :23-24).

Lè Kris te mouri sou kwa a li te libere anpil milyon esklav. Li te de-maske sa dyab la t'ap maniganse a e li te kraze pouwva li. Se sa li te vle di jou swa sa yo t'ap koure l la, " kounyeya, yo pral mete chèf k'ap dominen lemonn lan dey" (Jan 12 :31) . Pa janm swiv yon lenmi kip di batay la. Swiv Jezi pito. Sa gen yon pri pou peye. Yo pa egzile w' nan tan sa. . Men ou va jwenn libète w'.

# 21 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE REKONSILYE NOU AK BONDYE

Nou te lenmi ak Bondye ptit Bondye a mouri pou l' te fè nou byen ak Bondye ank. Kounyeya nou se zanmi Bondye, nou pa bezwen mande si lavi ptit Bondye a p'ap delivre nou

Women 5 :10

**R**ekonsilyasyon ki gen pou fèt ant lòm ki peche a ak Bondye al nan de sans. Nou dwe chanje konpotman nou anvè Bondye pou nou sispann pa fè l'konfyans men pou nou gen lafwa nan li. E Bondye tou dwe sispann manifeste kòlè li sou nou pou li gen plis mizerikod anvè li. Men tou lè de pa menm. Mwen bezwen ed Bondye pou m' chanje, men Bondye pa bezwen pam' nan. Chanjman pam nan gen pou li soti andeyò de mwen, men chanjman pa Bondye soti nan pwòp nati li. Sa ki vle di an jeneral ke se pa di tou yon chanjman ki sot nan Bondye. Li nan pwòp plan Bondye pou li sispann kont nou ak pou li kòmanse pou nou.

Mo ki pi enpotan yo se :" Pandan nou te lenmi li ". Sè ke " ptit la te mouri poul' te fè nou byen ak Bondye ank" (Women 5 :10). Pandan nou te lenmi li nou kab wè ke premye chanjman ki te fèt la te soti nan Bondye men pa nan nou. Tout sa toujou, nou te rete lenmi. Sa pa vle di ke nou konsyan ke n'ap chache l' lagè. Litij la manifeste plis nan fason nou meprize Bondye, ak nan fason nou pa rekonèt otorite l'. Bib la dekri sa konsa :" Paske legzijans kò a fin pran tèt yon moun, li pa vle wè Bondye ankò, li pap soumet devan lalwa Bondye a, li p'ap soumet menm" (Women 8 :17)

Pandan ke nou toujou nan menm eta a, Bondye te chwazi kris la poul' te pote fado peche nou yo e konsa li ta va posib pou li trete nou avèk mizèrikod li. Premye sa Bondye fè poul' te rekonsilye nou sè ke li deside retire baryè ou separé nou ak li ki ta va peche nou yo ki rann nou kapab devan Bondye :" Paske nan Kris la, Bondye t'ap fè tout sa li te kapab pou fè moun vin byen avèl' ankò. Li pat' gade sou peche lèzòm te fè."(2 Korent 5 :19)

Lè anbasadè Kris la te pote msesaj la nan mond nan, yo te di :" Tanpri

nan nou Kris la, tounen vin byen ak Bondye anko” (2 Korent 5 :20). Eske yo sèlman vle di : Chanje konpotman w’ avè Bondye ? Nou, yo sèlman vle di : Bondye vle rekonsilye avèk ou nan Kris la, degaje’w pou benefisyé de premye travay sa ki fèt la.

Ann konsidere menm tantativ rekonsilyasyon sa kay nan lèzòm. Jezi te di” : ”Konsa, si lè w’ap mete ofrann ou sou lotel la bay Bondye, epi antan ou la devan lotel la, ou sonje frè ou gen kichòy kont ou, men sa pou ou fè : Kite ofrann la devan lotel la, ale byen avèk ou la anvan. Apre sa, wa tounen vin by Bondye ofrann ou an” (Matye 5 : 23-24). Lè li di pou rekonsilye avèk frè ou” gade byen ke se erè sa ki pou retire jijman li a. Frè sa se li menm ki gen yon bagay kont ou, menm jan Bondye gen yo bagay jont ou. .lè yo mande w’ pou ou rekonsilye avèk frè w la sa vle di pou fè tout sa w’ konnen pou jijman frè w la genyen kont ou a ka efase.

Men lè w’ tandé pawòl Bondye, men nou wè ke Bondye te déjà fè sa : Li te fè sa ke nou pat’ janm rive fè pou’ efase pwòp jijman li. Li te voye Kris soufri nan plas nou. Denye rekonsilasyon an te fèt pandan nou te lènmi li. Rekonsilyasyon ki fè bò kote pa nou an se sèlman lè nou te gen pou n’ te resevwa sa ke Bondye te déjà fè nan fason pou’ te resevwa yon kado ki gen valè pou tout tan.

# 22 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE MENNEN NOU JWENN BONDYE

Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo,, li pap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki t'ap mache dwat yo. Poul' te ka mennen nou bay Bondye

1Pyè 3 :18

Men kounyeya, nan Jezikri nou menm ki yon lè t'ap viv lwen Bondye, nou vin twonpe l' granmesi san kris la ki koule lè li mouri pou nou an.

Efesyen 2 :13

**L** è tout sa ki te di, fêt vre, nou wè ke Bondye se pawòl laverite a. Pawòl la vle di bon nouvèl". Krisyanis lan pa avan tou yon teoloji, men se avantou nouvèl ke yo ye. Se tankou prizonye te pran nan lagè, ki t'ap tandé radio yo te sere yo ke akolit yo te ateri e ke se yon eksyon de tan y 'ap tann pou yo ka sove.Gadyen yo t'ap chache konnen rezon ki fè yo kontan konsa.

Men, kisa ki bon konsa nan bon nouvel sa ? Tout bagay sa yo rakontre nan yon sèl pwen. Bondye li menm. Tout mo yo ki nan pawòl la fè referans a li, oswa pawòl la pa egziste menm. Pa egzamp, Sali pa bòn nouvè, si li sove sèlman de lanfè e non pa pou Bondye padon, an pa bòn nouvèl si li delivre ou de kilpabilite 'w e li pa ouvri chemen vè Bondye jistifikasyon an pa bòn nouvèl si li sèlman fè ou akseptab legalman devan Bondye epi li pa mete ou an kominyon ak Bondye. Redampsyon pa bòn nouvel si li sèlman delivre anba esklavaj men li pa kondwi ou vè Bondye. Adopsyon an pa bòn nouvel si li sèlman mete w nan fanmiy Papa a men non pa nan bra Papa a.

Se yon sitiyasyon ki dwe resoud. Gen anpil moun ki sanble enterese a bòn nouvèl la e ki neglige pran Bondye. Sa pa yon reyalite ke nou sipoze ke kè tou nèf pou nou ka evite lanfè. Sa se yon dezi naturel, men li pa yon dezi

ki sòti nan dimansyon kot Papa a ye. Li pa nesesè pou ou genyen yon kè tou nèf lè w'ap chèche yon soulajman nan nivo santiman yo, oswa nan chèche pou Bondye ka epagne de kolè li, oswa nan chèche genyen eritaj mond kot Bondye a. Li fasil pou konprann tout bagay sa yo san ke pa genyen okenn chanjman espirityèl. Ou pa bezwen fêt yon lòt fwa ankò pou rive gen bagay sa yo. Diab yo menm vle sa yo tou.

Se pa yon move bagay pou ta vle genyen bagay sa yo. . Vrèman, sa ta va yon foli si ‘w pa ta vle yo tou. Men rezon ki fè nou te chanje, se paske nou vle bagay sa yo paske yo pèmèt nou jwi tou de plezi Bondye a. Se pou pi gran bagay sa Kris te mouri”. Paske Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, poul' te ka mennen nou bay Bondye” (1Pyè 3 :18)

Poukisa, se sa k' ta va pi enpòtan nan bòn nouvèl la ? Se paske nou te fi yon gwo eksperyans ki te dire lontan nan wè ak admire laglwa Bondye. Si kontantman nou sòti nan yon bagay ki gen mwens enpòtans, sa vle di ke bagay vin yon idòl e nou vin dezonore Bondye. Li kreye nou nan fason pou lagwa li simaye nan kontantman pa nou nan li menm. Pawòl Kris la se yon bòn nouvèl kote Bondye fè tout bagay ki nesesè pou nou poul' sedwi avèk sa ki te gen pou te fè kè nou kontan tout tan ki se pwòp li menm gras a san Kris la kite peye dèt peche nou yo.

Lontan avan Kris la te vini, Bondye te revele tèt li kòm yon gwo sous plezi k'ap dire tout tan. “Wa fo m konnen chemen ki bay lavi a. Paske ou la avèm, mwen pa manke kontan. Bò kote ou, segnè, se yon plezi ki pap' janm fini” (Sòm 16 :11). Konsa li te voye Kris la soufri pou nou” pou l' te ka mennen nou kote Bondye.” Sa vle di ke li te vini poul' te pèmèt lèzòm jwi de yon kontantman ki san parey e ki ap dire tout tan. Tande envitasyon an :” Vire do bay plezi ki gen nan fè peche pou yon titan” (Ebre 11:25) e chèche jwenn” Plezi kab dire tout tan” Vini jwenn Kris.

# 23 JEZI DWE MOURI

## POU NOU TE KAPAB VIN MOUN PA LI

Nou mouri ansanm ak kò Kris akòz lalwa. Konsa nou lib pase nan men moun ki te leve sòti vivan nan lanmò a nou ye pou nou ka viv yon jan ki itil pou Bondye.

Women 7 :4

Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp sentespri Bondye te ban nou an ? Nou pa mèt tèt nou ankò.

1Korint 6 :19-20

Okipe legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san pitit li a

Travay 20 :28

**P**i gran keksyon pou nou poze se pa kilès nou ye men, se pou kilès nou ye. Sa se vre, anpil moun panse ke yo pa esklav okenn moun. Yo toujou ap reve pou yo indepandan nan tout bagay. Se tankou yon ti pwason vag lanmè a ap pote. , Paske pa gen yon lòt pi gwo pwason ki dèyè l pou manje l' sa fè li santi li lib.

Men Jezi gen yon mo poul' di a tout moun ki panse konsa. Li te di :" N'a konnen verite a, lè sa a verite a va ban nou libète nou." Yo di li :" Nou pa janm esklav pèsonn. Ki jan ou ka fè di nou : Na gen libète nou ?" Jezi reponn yo" Sa m'ap di la a, se vre wi : Tout moun ki fè peche, se esklav peche yo ye" (Jan 8 :32-34)

Bib la pa bay okenn eksplikasyon sou reyalite lèzom ki vle pran pwòp desisyon yo. Nan mond pèdi sa, pa gen moun n'ap obeyi a. Si nou lage kò nou nan peche, nou tounen esklav peche k'ap fè nou jwenn ak lanmò. Men, si nou lage kò nou nan obeyi Bondye, na esklav obeyisans k'ap fè nou mache dwat devan Bondye." (Women 6 :16, 20,21)

Pafwa nou lib pou nou fè sa nou vle. Men, nou pa lib pou nou vle sa ki bon pou nou. Paske nou sipoze bezwen yon pouvwa tou nèf ke Bondye achte ak pwòp pouvwa l . Pouvwa a sot nan Bondye. Se pou rezon sila a bib la di men, ann di mèsi bondye ! Paske yon lè nou menm nou te esklav peche. Men kounyeya, egzant nou jwenn nan sa yo te montre nou an, n'ap swiv li ak tout kè" (Women 6 :17). Bondye se sila ki korije moun kip a dakò avèl' avèk dousè. Lè konsa, y'a reprann bon sans yo, y'a chape kò yo sòti nan pèlin satan ki te mete men sou yo poul' te fè yo fè sal' vle" (2 Timote 2 :25-26). E se lanmò Kris ki te achte pouvwa sa. " Nou pa mèt tèt nou ankò. Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa " (1 Korent 6 :19-20) E ki pri Kris la peye pou sila yo ki met konfyans yo nan li ? " Li te achte yo ak pwòp san li " (Travay 20 :28)

" Kounyeya, nou vrèman gen libète. Sa pa vle di nou mèt tèt nou, men sa vle di nou vle sa ki bon. Nou vin gen yon yon nouvèl vi lè lanmò Kris la vin tounen pwòp lanmò nou. Relation nou vin genyen ak Kris la vin ranplase tout prensip ki te egziste. E libète nou vin genyen pou nou bay fri vin ranplase esklavaj ke lalwa te kreye a."Nou te soufri e te mouri pou nou ka viv yon jan ki itil pou Bondye" (Women 7 :4)

Kris te soufri e te mouri pou nou te kapab libere de esklavaj lalwa ak peche e pou nou te vin moun pa li. Konsa obeyisans lan t'ap sispann vin yon fado men li t'ap tounen yon libète nou genyen pou n' vin itil pou Bondye. Sonje ke nou mèt tèt nou. Pou kilès nou ye ? Se se pou Kris nou ye, vin jwenn li pou nou kapab vin moun pa li.

# 24 JEZI DWE MOURI

## POU BAN NOU ANTRE LIB KOTE YO METE APA POU BONDYE

Granmesi san Kris la ki koule lè li mouri pou nou an, nou gen antre lib kote yo mete apa pou Bondye a

Ebre 10 :19

**Y**onn nan pi gran mistè ki gen nan ansyen testaman an se te sans adorasyon an te genyen nan tant yo, yo rele tou "Tabènak" ke Izrayèl te konn pratike . Yo ta vle fè n' konprann mistè a men li pa two klè. Lè pèp izrayèl la te kite lejip e yo te rive Mòn Sinai, Bondye te bay Moyiz tout ti detay sou fason li dwe konstwi tant lan avèk tout dekorasyon li pou yo te ka atire li. E sa ki pi difisil pou konprann ladann, se fason li mande pou fè sa: " Gade byen pou ou ka fè tout bagay daprè modèl mwen te montre ou sou mòn lan" (Egzòd 25: 40).

Aprè mil kat san lane, lè Kris te vin nan mond lan yo te revele nou anpil ke modèl ansyen tabènak la se ta va yon kopi de sa ki nan syèl la. Tabènak la se te yon imaj sou tè a ki sòti nan tout sak t'ap pase nan syèl la. Men nan nouvo testaman an, men sa nou te li" Nan sèvis prêt sa yo ap fè nan tanp ki sou latè a , se kopye y'ap kopye sou sa k'ap fet nan syèl la. Sa y'ap fè ou ta di se lombray sa k'ap fet nan syèl la. Se konsa sa te ye pou Moyiz tou. Lè Moyiz ta pral monte tant lan, Bondye di li : Gade byen pou ou ka fè tout bagay dapre modèl mwen te montre ou sou mòn lan" (Ebre 8 :5)

Men tout sa Izrayèl te konn pratike nan Ansyen testaman an nan zafé adorasyon te vise yon bi byen reyèl. Menm jan an tou te genyen kèk chanb zannimo yo te konn sakrifye yo pou yo te ka antre an kontak ak Bondye, se konsa tou genyen kote ki pi sakre nan syèl la kote Kris te antre ak pwòp san li men yon sèl fwa pou nou tout.

Men Kris la vini déjà tankou gran prêt, li pase nan tant lan, li antre kote yo mete apa pou Bondye, li ofri san an yon sèl fwa devan Bondye epi li fini. Lè sa, se pat san bouk kabrit ni san ti towo bèf li te ofri. Se san pal' menm li

te ofri. Se sak fè li antre yon sèl fwa a devan Bondye, li tou peye pou' te ka delivre nou pou tout tan (Ebre 9 :11-12)

Sa montre nou ke nou gen mwayer pou n' fè wout la ak Kris pou n' ka antre nan plas ki sakre yo nan prezans Bondye. Nan tan lontan, se te sèlman prèt jwif yo ki te konn rantre nan chamb sakre yo kite rete yon fotokopi pa rapò ak sila yo ki nan syèl la. Men, se sèlman gran prèt la ki te gen dwa rantre nan chanb ki pi sakre kote glwa te konn parèt" (Ebre 9 :7). Te gen yon gwo rido ki te pwoteje plas sakre a kote glwa Bondye te ye bib la di nou ke lè Kris la te bay dènye soupi li, rido ki nan tanp lan chire an de moso, depi anwo jouk anba, tè a tranble wòch yo fann" (Matye 27 :51)

San Kris la, nou pa tap gen aksè ak sentespri Bondye a. Nou t'ap dezonorel' e nou t'ap brile akoz peche nou yo. Men koulyeya, granmesi Kris la nou sipoze vin pi pre Bondye e rejwi nan kè ke nou k'ap fete kalte bél li bel nan sentete li. Nou pap janm ka rive dezonorel'. E nou menm tou nou p'ap rive brile akoz peche nou yo. Gras ak tout pwoteksyon Kris la ban nou, fok nou toujou onore Bondye e konsa, na toujou gen krent pou li. Men pa pè pou nou al jwenn li, a travè Kris la.

25

## JEZI DWE MOURI

**POUL' TE VIN BAN NOU PLAS SA KOTE POU NOU  
JWENN BONDYE**

Jezi reponn yo,” Kraze tanp sa a kounyeya. Nan twa jou m’ap rebati ban nou. Jwif yo di li:” Yo pran karannsizan pou yo batí tanp s a, pou ou ta pran twa sèl jou pou rebati li? Men Jezi li menm, lèl t’ap di mo tanp sa a, se pwop kò li li te gen nan tèt li.

Jan 2:19-21

**T**ouye mwén , e ma tounen yon plas kote nou ka jwenn ak Bondye”. De konsa m’ ta ka entèprete Jan 2 :19-21. Yo te panse ke Jezi t’ap pale de tanp ki Jerizalèm nan” kraze tanp sa a kounyeya e nan twa jou m’ap rebati ban nou.” Men se te de pwòp kò li t’ap pale.

Poukisa Jezi te fè rapò ant tanp jwif la ak pwòp kò li ? Se paske li te vin pran plas tanp la kote se te yon plas yo te vin nan lachè a va pèmèt ke tout seremoni ak adorasyon ki te konn fèt nan tanp jwif yo chanje nan tout sans. Konsa Kris ak pwòp tèt li va tounen dènye mouton y’ap sakrifye pou pak la, dènye prêt la, dènye tanp la. Yo tout te gen pou yo pase, men li menm l’ap la tout tan.

Sa ki ap la tout tan an, se li k’ap bon pou nou. Lè l’ap pale de li, Jezi te di :” Isit la, gen yon bagay ki pi konsekan pase tanp lan”( Matye 12 :6) Nan tanp la, presans Bondye pat’ la tout tan sof fè la glwa li te ranpli chanb sakre a. Men sa bib la te di sou Kris .” se nan lavi kris la t’ap mennen nan kò li a, nou jwenn tou sa Bondye ye” ( Kolosyen 2 :9) .Presans Bondye pat janm te konn vini, ale kite Jezi. Kote nou jwenn li, nou jwenn bondye tou.

Bondye te konn rankontre moun yo nan pase pa yon peche tan kou nou. Men kounyeya, men sa yo di pou kris :” Se yon sèl Bondye ankò, se Jezikri tou ki mete lèzòm dakò ak bondye ankò, se jezi kris la” (1 Timote 2 :5). Si nou ta vle rankontre bondye nan adorasyon nou yo, gen yon sèl kote nou dwe ale, kot jezi. Nou wè ke reliyyon kretyen yo pa gen yon posi-

syon dirèk sou tè a tankou reliyyon Islam nan ak Jidais la.

Yon fwa, lè Jezi te gen pou fè fas ak fanm ki te konn fè adiltè a, lè yo t'ap pale, fanm nan te chanje pawol a e li te di : zansèt nou yo nan peyi Samari te sèvi Bondye sou mòn sa a. Men nou menm jwif, nou di : sèl kote pou moun sèvi Bondye, se lavil Jerizalèm. Jezi reponn li" madanm, ou mèt kwè mwen. Lè a pral rive se pa ni sou mòn sa a, ni lavil Jerizalèm pou n sèvi Papa a". Nou wè ke se pa zòn ki eksyon an. Se kisa l' ye ? Jezi te kontinye :" Men, lè a ap rive, li rive déjà tout moun k'ap sèvi tout bon yo.pral sèvi Papa a nan kè yo jan sa dwe fet. Se moun konsa Bondye vle pou sèvi li" (Jan 11-20-23)

Jezi chanje tout bagay yo nèt. Sa pap fèt ankò ni sou mòn nan, ni nan vil la, men sa dwe fet nan lespri ak nan laverite. Li te vini nan mond lan pou' te kraze tout baraje ki limite yon moun sèvi Bondye. Tanp la pa egziste ankò : Jerizalèm pa sant adorasyon a. Men se pito Kris la. Eske w' vle wè Bondye ? Jezi di : " Moun ki wè m', li wè Papa a" (Jan 14 :9) ? Jezi di ankò : " Moun ki resevwa mwen, li resevwa moun ki voye m lan tou" (Matye 10 :40)

Eske nou vle santi presans Bondye lè n'ap adore l' ? Bib la di :" Moun ki rekonèt pitit la, li rekonèt Papa a tou" ( 1 an 2 :23) . Eske nou vle onore Papa a ? Jezi di " Moun ki pa respekte pitit la, li pa gen respè pou Papa ki voyel la non plis"( Jan 5 :23)

Lè Kris te mouri e lè li leve, ansyen tanp la pat' egziste e nou vin gen aksè a Kris la. Nou ka jwenn li san nou pa menm bezwen fè okenn mouvement. Plis nou gen lafwa, plis li pou nou.

# 26 JEZI DWE MOURI

**POUL' TE FINI AVÈK TRADISYON PRÈT YO NAN  
ANSYEN TESTAMAN AN E POUL' TE KA VINI GRAN  
PRÈT LA POU TOUT TAN.**

Te gen anpil prêt nan lòt kategori a, paske tout tan yo t'ap mouri, Men Jezi li menm toujou vivan, li pa janm bezwen renmèt travay prêt la bay okenn lòt moun pou fè l' nan plas li. Se poutèt sa , depi kounyeya, epi pou tout tan, li ka delivre tout moun, l'ap fè yo pwoche bò kote Bondye paske li menm li toujou vivan, l'ap lapriyè Bondye pou yo.

Ebre 7 :23-27

Kris antre nan syèl la menm, kote li kanpe kounyeya devan Bondye pou nou. Granprèt jwif yo antre chak lanne nan kote ki apa pou Bondye. Men , Kris la menm pa antre plizyè fwa pou ofri tèt li. Si se pat sa, li ta o blije soufri plizyè fwa tou depi lè Bondye te kreye tout baagy. Men, kounyeya, lè tout bagay prêt pou fini, li parèt yon sèl fwa, li bay tèt li tankou bète yo ofri pou wete tout peche, epi li fini.

Ebre 9 :24-26

Pou prêt jwif yo, se chak jou pou yo kanpe ap fè sèvis yo. Y'ap plede ofri menm sakrifis yo plizyè fwa. Men , sakrifis sa yo p'ap janm ka wete peche . Men, kris la poutèt pal' fè yon sèl ofrann san ki bon pou tout tan.

Ebre 10 :11-12

**T**ouye mwen , e ma tounen yon plas kote nou ka jwenn ak Bondye". De konsa m' ta ka entèprete Jan 2 :19-21. Yo te panse ke Jezi t'ap pale de

tanp ki Jerizalèm nan” kraze tanp sa a kounyeya e nan twa jou m’ap rebati ban nou.” Men se te de pwòp kò li t’ap pale.

Se te yon royalite ki tris lè chak lanne prèt Izrayèl yo te dwe ofri sakrifis pou pwop peche pa yo ak peche pèp la. M’ pa vel di ke pat’ gen padon. Bondye te mande pou sakrifis sa yo te fèt pou pèp la te kapab soulaje. Yo te peche e yo te bezwen yon zanmi ki k’ap sibi kolè Bondye a./ granmesi mizèrikod li, Bondye te aksepte pou gen yon ministè kote prèt yo menm lè yo peche tou, yo te ka itilize zannimo pou sakrifis yo.

Men te gen yon fasèt ki pat’ two klè ladann. Sa te gen pou te fèt tantantan . Bib la di “ Chak lanne bète yo touye yo fè moun yo chonje jan yo peche”( Ebre 10 :3) Pèp la te konnen ke li yo te lonje men yo sou tèt toro bèf la pou yo te ba li peche yo, yo te genyen pou refè sa yon lot fwa ankò zannimo yo pap janm ase pou yo soufri pou peche nou yo. Menm prèt yo te gen pou fè sakrifis pou pwòp peche yo. Prèt sa yo ki ka mouri tankou nou te gen pou yo ranplase yo. Nou wè ke toro yo ak bouk yo, yo pat’ gen moralite e yo yo pa te kapab pote fado peche lèzom.” Tout sa, paske san bouk ak san toro bèf yo p’ap janm ka wete peche moun”( Ebre 10 :4)

Men, te gen yon kouvèti an lò ki kouvrir mamkman ke prèt yo te ge-nyen. Si Bondye te aksepte sak’ te fèt la ki pat two korek la, sa ta vle di ke yon jou li te gen pou l’ te voye yon sèvant li ki kalifye poul’ te fè sa prèt yo pat’ rive fè a epou l’ te lave peche nou yo yon fwa pou tout lot fwa yo.

Se sa Jezikri ye mem. Li te vini poul te ka dènye prèt la ak dènye sakrifis la. Pou yon moun ki pa ka mouri, pa gen moun ki ka ranplase l’ pou yon moun tankou nou, li te kapab pote peche nou yo. Konsa , li pat fè sakrifis pou tèt li, li te ofri tet li pou yon dènye sakrifis. Sa p’ap janm bezwen ant nou menm ak Bondye. Yon sèl prèt. Nou pa bezwen lòt ankò. O ala kontan moun sa yo kontan sila yo ki vin pi pre Bondye granmesi Kris la sèlman.

# 27 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE VIN YON PRÈT KI GEN KONPASYON E KI LA POU SÈVI MOUN.

Granprèt nou an , se pa yon moun ki pa kapab soufri ak nou nan feblès nou okontré nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men li pat janm fè okenn peche. Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita se la n'ap jwenn padon pou peche nou yo, se la n'ap jwenn pou grenmesi sekou na bezwen lè nou nan nesesite.

Ebre 4 :15-16

**K**ris te tounen yon prêt pou nou gras a sakrifis pwop tèt sou kwa a.( Ebre 9 :26)/ Li vin pran plas ant nou menm ak Bondye. Obeyisans li ak soufrans li yo te tèlman gran ke Bondye nan pase pa Kris la, Bondye pap' janm vire do ban nou tou.

Men sa te fèt pi byen toujou . Nan chemen ki t'ap mennen sou kwa a pandan trant lanne, Kris la te pase anba tantasyon tankou menm jan ak nou. Sa se yon verite, li pat' janm peche. Men moun ki saj yo te fini pa wè ke tantasyon pal' te pi gwo nèt ke pa nou yo men li pat' janm pi fèb. Si yon moun renonse a tantasyon, tantasyon sa pèdi fòs e li pap' janm rive fè sa l' te gen poul' te fè a. Nou menm nou toujou tonbe depi presyon an vin fò. Men Jezi li menm pat janm tonbe. Konsa li te andire tout presyon jiska la fen e li pat janm tonbe, Li konnen sa sa vle di lè yon moun ap sibi yon gwo tantasyon. Yon lavi ki gen tantasyon jiskaske genyen abi ak yon santiman ke yo abnadone nou, bay Jezi mwayen pou li sipòte moun kapab soufri e ki anba tantasyon. Pa gen moun ki te soufri plis pase Jezi. . E pesonn ki te ka goumen kont sa. Men sa apòt Pyè te di :" Li pat' janm fè okenn peche . Okenn manti pat janm sòti nan bouch li . Li yo jourel' li pat reponn. Lè yo maltretel', li pat mennase pèsonn . Men, li renmèt kòz li nan men Bondye k 'ap jije tout bagay san patipri"( 1Pyè 2 : 22-23) . Konsa tou, bib la di

nou”( Ebre 4;15) Se yon bagay ke nou pa kapab imajine . Pitit Bondye a ki te leve soti nan lanmò e ki te monte nan syèl la e ki te chita adwat Papa li avèk otorite li gen sou tout latè, santi sa nou santi lè nou vin jwenn li avèk tristès nou yo ak doulè nou yo, oswa li plezi ki fè n tonbe nan peche yo kwense nou anba vye pwomès li yo.

Kote diferans la sòti. Nou jwenn repons la nan bib la ki te fè yon rapò ant fason Jezi prêt pou soufri ak nou nan feblès nou yo ak konfyans dwe gen nan lapriyè. Yo di konsa tou. “ Pwiske li ka soufri ak nou nan feblès nou, nou dwe pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita, se la na jwenn pou grenmesi sekou na bezwen lè nou nan nesesite ( Ebre 4 :15-16)

Asireman, men kòman nou wè sa : Li sèten pou nou santi ke nou pa diy pou nou vin nan presans Bondye si nou ap lite ak tout pwoblèm nou yo. Nou tèlman santi kòman Bondye bon ak ak kòman li sen tout bon ke tout sa nou fè yo ka anpeche nou mache al nan prezans li. Men nou sonje ke Jezi la poul' soufri ak nou nan feblès nou yo. Li fè ke nou konnen ke Kris la avèk nou nan pwoblèm yo, sa fè nou gen deteminasyon poun'mache al jwenn li. Li tandé kri nou yo. Li goute pwoblèm nou yo. Li mande nou poun' vin jwenn li ak konfyans li nou santi nesesite nou yo. Konsa ann sonje yon ansyen chante John Newton te fè.

Ou t'al bò kote wa a  
 E ou te pote tout bezwen yo ba li  
 Paske gras li ak pouvwa li tèlman anpil, ke pèsonn pap janm  
 ka mande tout

# 28 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE LIBERE NOU DE TOUT VYE TRADISYON

Bondye wete nou nan lavi san sans nou te resevwa nan men zansèt nou yo. Nou konnen sa li te peye pou sa. Se pat avèk bagay ki ka èdi valè yo tankou lajan ak lò. Men, se avèk gwo ofrann san kris la ki te koule lè li ofri tèt li tankou yon ti mouton san defo ni okenn enfimite

1Pyè 1 : 18-19

**P**èp pwofan ki nan lwès ak pèp primitif la kite nan tribi animis yo te pataje sa ansanm : Yo te kwe anpil nan yon seri de tradisyon ke zansèt yo te kite yo te bay sa plizyè nou. Pèp animis la ta vle pale de lespri zansèt yo ak malediksyon yo ki ka frape lòt moun. Pèp pwofan yo ta vle pale de tandans ki soti nan jèn nou yo kote nou soufri anpil de distans ke gran paran nou yo ban nou. Nou tou lè de ka yo, grann paran nou yo ban nou. Nan tou lè de ka yo desten nou mare ak tout soufrans e ak tout malediksyon ke zansèt yo te kite pou nou. . Konsa avni nou vin san sans ak san pa gen kè kontan ladann.

Lè bib la di ke yo te wete nou nan lavi san sans nou te resevwa nan men zansèt nou yo ; li te vle di ke fason nou ap viv la san sans, li vid, li pa pèmèt nou jwi anyen e li ka mennen nou nan lanmò. Li di ke tout veye fason sa yo gen rapò ak zansèt nou yo . Li pa di kòman sa fè fèt. Bagay ki pi enpotan an, se pou nou chache konnen kòman nou te rive libere de esklavaj sa ki san sans. Pouvwa moun ki libere nou an montre nou enpòtans sa genyen.

Se pa bagay ki ap pase tankou lò ak lajan ki te pèmèt nou libere sòti nan esklavaj vye tradisyon zansèt nou yo. Lò ak lajan reprezante bagay ki gen anpil valè pou peye dèt nou dwe. Men nou tout nou konnen ke yo pa itil anyen. Moun ki rich yo, se yo ki mennen yon lavi ki san sans . Yon chèf yon tribi ki rich anpil ap toujou toumante lèw panse ke zansèt yo ka frape lavil' ak yon malediksyon. Konsa tou yon presidan ki pwofan ki nan yon gwo konpayi ka trouble ak vye fos mistè ki ka vin pèsekite mariaj li ak pitit

li. Lò ak lajan pa gen pouvwa pou ede moun. Se lanmò ak soufrans Jezi ki fini pa ban nou tout sa nou bezwen : Se pa ni lò, ni lajan, men, san kris la ki presye anpil tankou san yon ti jen mouton ki san tach. Lè Kris te mouri, Bondye te gen je sou relasyon ki genyen ant nou ak zansèt nou yo. . Li vle poul' libere nou de vye eritaj ke znasèt yo te ban nou an.

Se yonn nan pi gwo rezon ki fè Jezikri te mouri. Pa gen malediksyon ki ka kanpe devan nou, si tout peche nou yo padone, si nou abiye ak jistis Kris la, e si moun ki kreye syèl ak tè a rachte peche nou yo e renmen nou anpil. Soufrans ak lanmo kris la se dènye rezon ki montre sa bib la di de pèp Bondye a,” pa gen wanga ki ka pran sou moun Jacob yo. . Pa gen maji ki ka fe moun Izrayèl yo anyen” ( Nombre 23 :23).

Lè Jezi te mouri, tout benediksyon ki nan syèl la te kouvri sila yo ki met konfyans yo nan li . E lè Bondye beni yon moun, pa gen pèsonn ki ka modi li.

Pa gen yon paran ki ka blese yon pitit ke Jezi fin geri. Gerison ki te rachte nou an rele ;” San Kris la ki presye anpil”. Mo” presye” a gen yon valè ki pap janm fini. Se yon liberasyon k’ap dire tout tan . Pa gen esklavaj ki ka kanpe devan l ankò. Konsa, ann vire do bay lò ak lajan e an nou kenbe kado sa Bondye ban nou an.

# 29 JEZI DWE MOURI

## POUL TE LIBERE NOU DE ESKLAVAJ PECHE

Kris la renmen nou li bay san li lè li mouri poul' te ka delivre nou anba peche nou yo. Li fè nou tounen wa ak prèt pou n'sèvi Bondye Papa li. Se pou li tout lwouanj ak tout otorite pou tout tan

Revelasyon 1 :5-6

Jези te mouri lòt bò pòtay lavil la, poul' te ka mete pèp la nan kondisyon pou yo fè sèvis Bondye ak pwòp san pa li ki te koule.

Ebre 13 :12

**P**eche nou yo ka detrwi nou mande fason . Li fè nou kapab devan Bondye pou nou ka rele anba kondanasyon li ; li fè nou lèd nan konpotman nou, pou nou ka degize vrè imaj Bondye nou ta dwe reflete a. Li kondane nou pou nou ka toujou rete koupab e li fè n esklav rayisman.

San Jezi a libere nou de de kategori mizè. Li satisfè jistis Bondye pou peche nou yo ka jwenn poul' fè nou tounen esklav rayisman. Nou te wè kòman kris te efase kolè Bondye e li te vin koupab nan plas nou. Men, kòman san Kris la fè libere nou de esklavaj peche ?

Repons lan se pa paske li se yon gwo egzanp pou nou e ke li enspire nou pou ou ka libere tèt nou sot nan egoysis. O wi, Jezi se yon egzanmp pou nou. E li gen anpil pouvwa. Li di nou klè pou nou imite li :" Men, m'ap ban nou yon kòmandman nouvou : Se pou nou yon renmen lòt. Wi se pou nou yonn renmen lòt menm jan mwén renmen nou an".( Jan 13 :34). Men lè li mande nou pou nou imite li, se pa sa ki pouvwa ki libere nou an. Se yon bagay ki pi gran toujou.

Peche gen yon tèlman gran enpak nan vi nou ke se sèlman Bondye ki gen pouvwa pou libere nou, men se pa pwòp pouvwa pa nou. Men, depi

lè nou kòmanse peche nou te sipoze poze tèt nou keksyon :” Eske pouvwa Bondye a la pou libere nou oswa pou kondane nou ? se la soufrans Jezikri kòmanse. Lè Kris te mouri poul’ te ka pot kondannasyon nou yo, li te ouvri pòt syèl la pou pwisans mizèrikod li te ka devèse sou nou pou nou te ka libere de pouvwa peche.

Yonn lòt fason ankò, li fè ke nou vin pa koupab de peche ankò e ke nou libere de kolè Bondye, sa dwe vin anvan liberasyon de pouvwa peche gras a mizèrikod Bondye. Nou jwenn nan bib la gwo mo ki eksplike sa : Jistifikasyon nou fêt anvan e li vin pèmèt ke nou mache nan chemen sanktifikasyon. Yonn se yon deklarasyon ki bay menm kote a(Ou pa koupab). Lòt la se yon transfòmasyon ki ap fè wout li.

Kounyeaya, pou sila yo ki met konfyans yo nan Kris, pouvwa Bondye pa sòti nan kolè li poul’ kondane , men li sòti nan mizèrikod li poul’ libere. Bondye ban nou pouvwa sa pou nou chanje avèk fòs lesentespri a. Se pou rezon sa ki fè” renmen, kè kontan , kè poze , pasyans, bon kè, serye, bon manyè, dousè, disiplin, yo rele yo pwodi ke lesprisen an bay”( Galat 5 : 22-23). Se poutèt sa, bib la ka fè bèle pwomès sa : “ Peche pa dwe dominen sou nou, paske nou pa anba pouvwa lalwa Moyiz la ankò, se anba favè Bondye nou ye”( Women 6 :14). Lè nou anba gras la, sa pwoteje pouvwa Bondye a ki gen otorite sou tout bagay pou detwi rayisman ( se lè egoyis nou an te kraze, e konsa tou nou pa gen okenn pouvwa pou n’ deside. Tout sa se gras Bondye. Konsa , Pòl ki se yon gran apòt te di : “ Mwen travay pase tout lòt apòt yo. Men, pou di vre, se pa mwen menm ki fè sa konsa ”( 1 Korint 15 ;10). Ke Bondye nan tout gras li, pa lafwa nou gen nan Kris la, libere nou de koupab nou koupab ak esklavaj peche.

# 30 JEZI DWE MOURI

## POU NOU MOURI AKÒZ PECHE YO E POU NOU VIN DWAT DEVAN BONDYE.

Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te kapab mouri akòz peche, pou nou te ka viv dwat devan Bondye

1Pyè 2 :24

**S**a parèt dwòl anpil ke Kris la te mouri nan plas nou paske se akoz peche nou yo ki fè nou te mouri. Nou ka panse ke lè yon moun mouri nan plas nou, sa ta vle di ke nou te manke mouri. E vrèman, nou te manke mouri. Yon lanmò ki ta pral lage nan mizè pou tout tan e ki ta pral separate nou ak Bondye. Jezi te di :" Mwen ba yo la vi ki p'ap janm fini an. Yo pap janm peri." (Jan 10:28). " Moun k'ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen yo pap janm peri" ( Jan 11 :26). Lanmò Jezi a vrèman vle di ke "Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an" ( Jan 3 :16)

Men genyen yon lòt sans nan zafè ke nou mouri nan plas nou ak pou peche nou yo." Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te kapab gen lavi, e li te mouri pou nou te kapab mouri tou. Bib la klè sou sa:" Menm jan nou fè yonn ak li paske nou te mouri yon jan tankou li menm li te mouri" (Women 6:5)." Si yon sèl moun te mouri pou tout lòt yo, sa vle di tout lòt yo mouri ansanm avèl li" ( 2 Korent 5 :14).

Lafwa montre nou klè ke nou ini ak Kris la nèt ale. Moun ki kwè nan li " yo te mouri sou kwa a ak Kris la" (Galat 2 :20). Lè nou ap gade jan li te mouri, nou konnen ke nan lespri Bondye, nou te la tou.Peché nou yo te avèk li. Batèm nan ta vle di ke nou mouri ak Kris." Avèk batèm sa a nou te antere ansanm avèl', nou te mouri ansanm avèl' tou (Women 6 :4) .Dlo a se tankou yon tonbo. Lè nou anba dlo a, se tankou se mouri nou mouri. Lè nou sòti nan dlo se yon imaj ki montre ke nou gen lafwa." Lè yo te batize nou, nou te kwè nan pouvwa Bondye ki te fè l' soti vivan nan lanmò"

(Kolosyen 2 :12)

Lè yo di ke mwen te mouri ak Kris, sa te vle di dirèkteman ke li te mouri pou peche mwen yo.” Li te pote pehe nou yo nan kò li. Pou nou te kapab mouri”. Sa vle di lè m’aksepte Jezi kòm sovè mwen, mwen aksepte tou pwòp lanmò pa mwen kòm yon moun ki fè peche. Peche mwen yo te jete Jezi nan tonb lan e li te jete m’ tou avèk li. Lafwa wè peche a tankou yon moun ki konn fè krim. Li te touye jezi e li te touye m’ tou.

Konsa, lè nou vin kretyen sa vle di nou aksepte mouri akòz peche yo. . Ansyen moun nou te ye a e kite renmen peche te mouri avèk Jezi. Peche se tankou yon pwostittiye ki vin pa bél ankò. Se fanm sa ki touye wa mwen an e ki te touye m’ tou, konsa, moun ki kwè a, mouri akòz peche l yo e pa gen anyen ki ka domine l’ nan mond lan. Peche ki se yon pwostitiye ki te touye zanmi mwen an, pa atire moun ankò. Li tounen yon lenmmi.

Mwen vin gen yon lavi tounèf e ki dwat devan Bondye.” Li te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a.... pou nou te ka viv dwat devan Bondye” (1 Pyè 2 :24). Dezi nanm mwen se pou mwen wè bote Kris la ki renmen mwen e kite mouri pou mwen. E bote li se yon bote ki san tach e ki fè li dwat. Mwen renmen obeyi a pawòl sa ki se (mwen envite w’ fè sa tou: “ Mete tout pati nan kò nou nan men Bondye pou’ ka sèvi ak yo pou fè sa ki byen” (Women 6:13)

# 31 JEZI DWE MOURI

## POUN' TE MOURI AKOZ LALWA A E VIV YON JAN POU KI ITIL POU BONDYE

Nou mouri ansanm ak kò Kris la akòz lalwa. Konsa, nou lib pase nan men yon lòt mèt. Kounyeya, se nan men moun ki te leve soti vivan nan lanmò a nou ye pou nou ka itil pou-Bondye.

Women 7 :4

**L** è Kris te mouri pou nou, nou te mouri avèk li. Bondye pran plezi nan gade nou ki ini ak Kris nan konfyans nou met nan li. Lanmò li pou peche nou yo se lanmò nou nan li. (Ann gade chapit anvan an.) men peche pa sèl reyalite ki lakòz lanmò nou ak Jezi. Se menm jan tou pou lalwa Bondye. Lè nou kraze lalwa a akòz peche yo, menm lalwa sa kondane nou pou nou ka mouri. Si pat' gen lalwa, pa t'ap gen pinisyon." Men kote ki pa gen lalwa, pa ka dezobeyi lalwa"(Women 3 :19).

Pa gen moun ki ka sove anba flewo lalwa a. Nou te jis koupab. Gen yon sèl fason nou ka libere: Fòk gen yon moun ki pou peye pèn nan. Se rezon sa ki fè Jezi te vini :"Kris la delivre nou anba madichon lalwa lè li te pran madichon an nan plas nou"( Galat 3 :13).

Konsa, lalwa Bondye a paka kondane nou si nou nan Kris. Pouwva l' dominel' nou te kraze doub fwa. Yon kote, Kris te reponn a egzijans lalwa a nan non nou. Lè li mande nou pou respekte lalwa li pou nou ka vin dwat se nan avantaj nou li ye. Yon lòt kote, se san Kris la kite peye pèn ke nou t'ap sibi a anba lalwa a.

Se pou rezon sa ki fè bib la montre klè ke se pa lè nou respekte lalwa a ki fè sa la lwa a fè nou gras". " Se pa paske yon moun fè sa lalwa a mande ki fè li inosan devan Bondye" (Women 3 :23). " Se paske yon moun fè tou sa lalwa jwif yo mande kifé li inosan devan Bondye, men se lè li mete konfyans li nan Jezikri" ( Galat 2 :16). Pa gen espwa nan lalwa a li nou resekte li. . Sèl espwa ki genyen se nan san ak nan jistis Kris la, ki se pa nou tan gras a lafwa

nou.” Se paske yon moun gen konfyans nan Bondye ki fè Bondye fèl’ gras, se pa se pa paske lifè sa lalwa mande ”( Women 3 : 28).

Kòman nou rive fè Bondye plezi, si nou mouri akòz lalwa a ki fè Bondye bon e ki fè li dwat” (Women 7 :12). Bib la mande pou nou aji byen e li ki prêt pou ban nou tout sa nou bezwen. Men nou pa fèt pou nou depann de lalwa a li menm ki la pou kondane nou. Nan ansyen tan yo, se yon wòch yo te ekri kòmandman ki di pou nou dwat devan Bondye. Men kounyeya, gras a relasyon nou gen ak Jezi, n’ap mache sou wout pou nou vin bon. Li presan nan nou e li reyèl. Gras a lespri li, li ede nou nan feblès nou yo. Yon moun vivan te vin ranplase yon lis ki ka koze lanmò nou”. Lalwa ki ekri a bay lanmò, men lespri Bondye a bay lavi” (2 korent 3 :6)( gade chapit 14 la)

Se rezon sa ki fè bib la di nou ke lòt fason ki nouvo nan obeyisans lan se lè li pèmèt nou mennen yon vi ki itil pou Bondye, men se pa lè n’ap viv dapre lalwa a.”ou mouri ansanm ak kò yon lòt mèt. Kounyeya se nan men moun ki leve sòti vivan nan lanmò a nou ye pou nou ka viv yon jan ki itil pou Bondye” (Women 7 :4). Nou te mouri fas a la lwa pouke nou te kapab viv pou n pote fri. Fri grandi natirèlman sou yon pye bwa si pye bwa a bon, fri a tou va bon.E pye bwa, nan ka sa se yon relasyon vivan de lanmou a Jezikri .Se pou sa li te mouri.Kounyeya li mande nou vini : « fèm konfyans » renonse a la lwa (mourir),pou nou kap pote fri lanmou.

# 32 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE PÈMÈT NOU VIV POU LI, MEN PA POUTÈT NOU

Li mouri pou tout moun. Konsa, moun k'ap viv yo pa'ap viv poutèt pa yo ankò, men y'ap viv pou moun ki te mouri epi ki te leve sòti vivan nan lanmò pou yo

2 Korent 5 :15

**S**a deranje anpil moun ki ta va panse ke Kris te mouri pou bay pwòp tèt li glwa. Li te desann ba nan dimansyon li, (2 Korent 5 :15) di ke Kris te mouri pou nou, pou nou te ka viv pou li. Nou te kapab di ankò ke li te mouri pou nou te kapab jwenn anpil avantaj nan li. Kareman, Kris te mouri pou pwòp tèt li.

Kounyeaya sa se verite. Se pa yon mo, moun ka ranse avèl'.sans fondamental peche sè ke nou pa rive glorifye Bondye-sa fè tou nou pa rive glorifye pitit la.(Women 3 :23) Men Kris la mouri pou pote peche sa e pou delivre nou anba li.Konsa li mouri pou pote dezonè ke nou lage sou lipa pwòp peche nou.Li mouri pou chanje sa Kris la te mouri pou laglwa Kris la men.

Rezon ki fè sa deranje moun yo sè ke se yon rezon ki san sans. Sa pa sanble se yon bagay ou ta renmen fè. Li ta sanble pi bon poun' di ke soufrans Kris la, daprè sa bib la di, se yon gwo aksyon li poze poul montre nou ki jan li renmen nou. Lanmò Kris la pou pwòp glwa li ak lanmò li pou' montre nou nan lanmou li gen pou nou, tou lè de pa vre yo tou lè de se menm bagay.

Kris pa gen parèy. Pa gen moun ki ka aji menm jan avèl e pou di sa ki fet ke l' rele lanmou. Kris se sèl nonm sou tout tè a ki se sèlman Bondye e ki gen yon valè ki p'ap janm fini. Bote li pap janm fini paske li bon anpil nan moralite li. Li gen sajès, yon jistis, yon bonte ak yon fòs ki p'ap janm fini."Li reflete limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye li ye" ( Ebre1 :3). Sa satisfè nou nèt le fè ke latè ta kapab ofri nou.

Moun kipi byen konnen li pale konsa :

Men si yon lè mwen te konsidere tout bagay sa yo tankou yon garanti, kounyeya yo pa vo anyen pou mwen, akòz Kris la. Men se pa sa sèlman. Se tout bagay menm li pa vo anyen pou mwen, lè m' konpare yo ak gwo avantaj mwen genyen lèm ‘ konnen Jezikri tankou seyè mwen. Pourtèt li, mwen voye tout bagay jete, mwen gade yo tankou fatra poum’ sa gen Kris la( Filipyen 3 :7-8)

“ Li pa bezwen pou moun travay bal’ anyen nonplis, paske se li menm ki bay moun lavi” (Travay 17 :25). Kris nonplis :” Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis men mwen vini poum’ rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavim’ pou peye delivrans anpil moun” (Mak 10 :45) Kris pat’ mouri poun’ te ka ede l men poun’ te ka wè ak goute laglwa li ki pap janm fini.

Li te mouri poul’ te ka sevre nou de tout vye plezi ki ka koze lanmò nou e poul’ te ka atire nou nan plezi ki gen lè n’ap admire li nan bote li. Se nan fason sa li renmen nou e li jwenn onè li. Se pa de objektif ki kont yonn lòt. Yo tou lè de, yo fòme yon sèl.

Jezi te di disip yo ke li gen poul’ ale poul’ ka voye lesprisen li an, li k’ap vin ankouraje yo (Jan 16 : 7) Konsa li te di yo travay sila k’ap vini an ap gen pou fè : ” Li pral fè yo wè pouvwa mwen” (Jan 16 :14). Kris te mouri e li te leve pou nou te kapab wè li e pou nou te louwe li. Se yonn nan pi gran èd ke mond lan genyen. Ki se lanmou. Yonn nan pi gran priyè ki baze sou lanmou ke Jezi te toujou fè se : ” Papa, se ou ki ban mwen yo. Mwen ta vle pou yo toujou avè m’ kote prale a, pou yo ka wè pouvwa mwen” (Jan 17 :24). Se rezon sa ki fè Jezikri te mouri. Se ak lanmou li te soufri poul’ te mouri. Se ak lanmou li te soufri poul’ te ban nou yon kè kontan ki pap janm fini, ki se pwòp tèt li.

# 33 JEZI DWE MOURI

## POU NOU VANTE TÈT NOU POU KWA KRIS LA

Pou mwen menm, mwen p'ap vante tèt mwen pou lòt bagay pase pou kwa Kris la , paske granmesi kwa sa, mwen mouri pou lemond, lemond mouri pou mwen

Galat 6 :14

**S**a sanble al pi lwen toujou. Vante tèt mwen sèlman pou kwa a ? Se vre ? Senpman pou kwa a ? Menm bib la pale de tout lòt bagay nou ka vante tèt nou. Nou dwe vante tèt nou pou laglwa Bondye (Women 5 :2) Nou dwe vante tèt nou pou tribilasyon nou yo( Women 5 :3) . Nou dwe vante tèt nou pou feblès nou yo( 2 Korent 12 :9) . Nou dwe vante tèt nou pou pèp Kris la( 1(Tesalonisyen 2 :19). Sa mo” Sèlman” an vle di ?

Sa vle di lè n'ap vante tèt nou pou tout lòt bagay yo sipoze fèt pou kwa a. Si n'ap vante tèt nou pou espwa ki gen nan glwa li, nou sipoze fè li pou kwa Kris la. Si n'ap vante tèt nou pou pèp Kris, nou sipoze fè li pou kwa Kris la. Lè nou vante tèt nou sèlman pou kwa a sa vle di ke se sèlman kwa a ki pemèt nou vante tèt nou pou tout lòt bagay yo, e tout bagay sa yo dwe onore kwa a.

Poukisa ? Paske chak bon bagay vrèman, e chak move bagay ke Bondye chanje anbyen, nou jwenn tout gras a kwa Kris la. Moun ki ap peche yo toujou anba jjiman si yo pa gen lafwa nan Kris. Se vre wi, gen anpil bél bagay ki ka rive nan lavi moun ki pa kwè yo. Men bib la montre nou ke menm benediksyon sa yo nou jwenn soutè a nan lavi nou ka ogmante kolè Bondye nan jjiman li , si nou pa resevwa yo avèk yon kè ki rekonesan de soufrans kris la( Women 2:4-5).

Konsa, tout bagay nou pran plezi ladanm kòm moun ki met konsyans yo nan Kris, nou jwenn yo gras a lanmò li. Soufrans yo nan Kris, nou jwenn yo gras a lanmò li. Soufrans li yo te efase tout jjiman ki te resève pou nou menm pechè ki koupab e ki te achte tout sa ki bon pou padon peche nou yo e pou nou kab jwi de yo nou dwe fè sa pou kwa Kris la . Nou pa vrèman

mete lespri nou sou Kris, ni nou pa vrèman renmen kwa a jan nou ta sipoze fè sa, paske nou pa jam refechi sou laverite kote tout sa ki bon e tout sa ki pa bon ke Bondye chanje anbyen, yo tout sa yo, nou jwenn yo gras a soufrans Kris la ki te achte yo.

E kòman nou rive bay kwa a tout atansyon nou ? nou dwe aksepte laverite a ke lè Kris te mouri sou kwa a, nou te mouri avèl' tou. Lè sa te rive apòt Pòl, li te di :" Mwen pou lemond , lemond mouri pou mwen "( Galat 6 :14). Se rezon sa ki fè ke lè n'ap vante tèt nou pou kwa a, li dwe santré sou Kris.

Lè ou mete konfyans ou nan Kris, tout vye atirans ki nan mond disparèt. Ou vin tounen yon kadav pou mond lan e mond lan tounen yonn pou ou. Franchman ou vin tounen " yon nouvel kreyati" (Galat 6 :15). Ansyen moun ou te ye a mouri. Ou vin yon moun nouvo k'ap viv, ou menm ka viv nan Kris pa lafwa. E sa ki make lafwa nou si ke nan tout sa ki gen nan mond lan, ou chwazi pou ancheri Kris la. Pouwva ke mond lan genyen poul' deneye lanmou nou mouri déjà.

Lè nou mouri pou mond lan, sa vle di ke chak plezi ki gen valè nan mond lan se san Kris la kite achte l' gras a lanmò li e se yon okasyon tou pou nou vante tèt nou pou kwa a. Lè dezi kè nou retounen ap chache sous benédiksyon ki gen sou kwa a, tout benédiksyon ki sòti nan mond lan mouri e Kkris la ki te mouri sou kwa a vin tout bagay.

# 34 JEZI DWE MOURI

## POU NOU VIV AK KONFYANS NAN LI

Se sak' fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen : lavi m'ap mennen nan kòm kounyeya, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan ptit Bondye a ki renmen m sitèlman li te rive bay lavil pou mwen

Galat 2 : 20

**S**a ki esplike nan vèsè sa diferan de tout sa lòt moun panse. " Yo te kloure m' sou kwa", men, " m'ap viv kounyeya". Men ou ta sipoze di, " sa pa depann de sa moun panse, se yon bagay ki te gen pou fêt. Premyeman, mwen te mouri ak kris, konsa mwen te resisite avèl' e kounyeya m'ap viv", sa se vre. Men ki sa nou ka di de mo sa yo ki diferan de sa moun yo panse nan sans yo genyen :" Se pa mwen k'ap viv ankò" oswa" kounyeya m'ap viv " ? Eske m'ap viv oubyen m' p'ap viv ?

Lè gen moun ki panse de yon bagay yon lòt fason sa p avle di ke bagay sa pa gen fondman. Sa parèt sèlman nan fason sa. Sa Pòl vle di sè ke" ou menm" ki te mouri a, se yon lòt " ou menm" k'ap viv. Lè sa li vle di lè li li mande nou pou n' vin yon kretyen. Ansyen moun nou te ye a te mouri. Yon nouvo moun vin kreye oswa leve sot nan lanmò." Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun"( 2 Korent 5 ;17)." Li ban nou lavi ansanm ak Kris la, nou menm ki te mouri akòz peche nou yo, se yon favè Bondye fè nou lè li delivre nou"( Efesyen 2 : 5-6)

Bi lanmò Kris la se te poul' te fini ak ansyen moun nou te ye nan tonbo a avèk li."Nou konn sa Kris la sou kwa a konsa, sa nou gen nan kò nou kite konn fè peche a fini"( Women 6 :6). Si nou met konfyans nou nan Kris , nou vin ini ak li e pou bondye, ansyen moun ke nou te ye a, li te mouri ak Kris. Bi a se te pou moun nouvo nou a leve sòti nan lanmò.

Konsa, kilès ki vin nouvo moun nan ?Ki diferans ki gen ant de moun sa yo ? vèsè ki gen nan kòmansman chapit sa dekri nouvo moun sa nou de fason : Yon fason se yon bagay nou preske paka imajine ; lòt fason an, se

yon bagay ki klè. Premyeman, yo di ke nouveau moun ke mwen ye a, se Kris k'ap viv nan mwen." Se pa mwen k'ap viv ankò, men se Kris k'ap viv nan mwen". Mwen fini pa konprann ke se Kris ki kontwole lavi nou vi moun nan e ke li toujou la pou ede li nan tout bagay. Li toujou montre mwen nouveau fason pou m' viv. Li toujou ban mwen fòs pou m' ka fè tout sa li mande m' pou fè . Se rezon sa ki fè bib la di :" Nenpòt sitiyasyon ki parèt devan mwen , m'ap degajem granmesi Kris la ki ban mwen fòs kouraj"( Filipyen 4 :13)" Se pou sa m'ap travay, se pou sa m'ap goumen ak tout pouvwa Kris la k'ap travay ak fòs nan mwen"( Kolosyen 1 ;29). Konsa lè tout bagay ki te di , fèt vre, nouveau moun mwen ye di :" Wi, m'ap pèmèt mwen fè nou konnen sèlman sa Kris la te fè m fè ak sa li te fè m' di, avèk fòs mirak ak bèl bagay ak pouvwa lespri Bondye a" ( Women 15 :18)

Se premye fason sa Galat 2 :20 te pale de nouveau moun nan : Yon moun kote kris abite nan li, kote li ba li tout sa li bezwen e kote li ba li fòs. Kris te mouri poul' te ban nou tout bagy sa yo. Se sa yon kretyen ye tou. Lòt fason li pale de nouveau moun nan seaa ;" Vi ke m'ap mennen kounyeya nan kò pitit bondye a pa lafwa, li menm ki renmen mwen e ki te bay lavil' pou mwen"

Nou te ka poze tèt nou keksyon ki lòt pati nan nou ki eksperimente èd ke kris la banm chak jou a si yo pat' dekri nou dezyem fason nouveau moun nan ye. Kounyeya, nou gen repons la : " Nou dwe gen lafwa". Bò kote bondye, kris ap viv nan nou e li pemèt nou viv nanfason li montre nou viv. Se gras a travay li. Men bò kote nou, se lè nou aprann mete konfyans nou nan li a chak moman, lè sa li va avè nou e li va ede nou. Lè li pwouve nou ke li ap avè nou e ke l'ap ede nou sa montre nou klè ke li te soufri e li te mouri pou sa te ka rive.

# 35 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE BAY MARYAJ ANPIL ENPÒTANS

Nou menm mari yo, se pou nou renmen madanm nou menm jan Kris la te renmen legliz la, jouk li te aksepte mouri pou li

Efesyen 5 :25

**P**lan Bondye genyen pou maryaj nan bib la , montre nou ke mari a dwe renmen madanm li menm jan Kris la renmen pèp li a e madanm nan dwe reponn a mari li menm jan pèp Kris la reponn a li. Se imaj sa ki te nan lespri Bondye lè li te voye Kris nan mond lan.Kris te vini pou l epouz li e li te mouri pou li te ka montre vrè fason maryaj la dwe sipoze ye.

Yon, mari yo pa ta dwe soufri nan bra madanm yo menm jan Jezi te soufri pou legliz la. Li pa ta dwe sanble ak sa. Se vre, sa te rive Jezi nan yon sans. Li te soufri poul' te ka pèmèt pèp li a.- lpouz li-egziste, e pèp sa te nan pami moun ki te lakòz li soufri. E pi gran tristès li te genyen se paske disip li yo te abandone li (Matye 26 :56).

Pwen ki sanble ak maryaj la se jan Jezi te renmen yo jis nan lanmò e li pat' janm repouse yo.

Plan Bondye pou maryaj la te la mem anvan Adan ak Ev te ini yo an-sanm e menm anvan kris la te vini. Nou konn sa, paske lè apòt Kris la t'ap eksplike mistè ki gen nan maryaj, li te retounen nan kòmansman bib la, ke nou jwenn ki te site nan Jenèz 2 :24 :" Se poutèt sa gason an va kite papa l' ak manman l' pou l mete tèt li ansanm ak madanm li, pou tou de fè yon sèl" konsa nan fraz ki vin aprè a, li te entèprete sa li te di a :" Sa se yon gwo mistè e mwén di ke mistè sa se yon gwo sa se yon verite nan rapò ant Kris la ak legliz la" ( Efezyen 5 :31-32)

Sa vle di ke nan lespri Bondye , maryaj la te itilize okòmansman pou montre relasyon Kris la ak pèp li. Rezon ki fè yo rele maryaj yon " mistè" sè ke yo pat janm te revele bi maryaj la jiskaske Kris te vini. Kounyeya, nou wè ke maryaj sa ta vle fè parèt pi klè nan mond lan lanmou Kris la pou pèp li a.

Pwiske sa te nan lespri Bondye depi okòmansman sa te nan lespri Kris

la tou lè li te wè li anfas lanmò. Li te konnen ke pamí tout konsekans ki te gen nan soufrans li yo, youn nan yo se te pou l te rann klè gwo sans maryaj la genyen an. Tout soufrans li t'ap andire yo se pou'l te voye yon mesaj bay tout mari yo : Se fason sa mari yo dwe renmen madanm yo.

Menm lè sa pat' nan plan Bondye okòmansman paske anpil maryaj yo mizerab. Se konsa peche ye tou. Li fè nou trete youn lòt mal. Kris te soufri e li te mouri pou te ka chanje sa . Madanm yo tou gen responsabilite yo tou nan chanjman sa. Men Kris te bay mari yo pwòp responsabilite pa yo . . Se pou rezon sa bib la di :" Nou menm mari yo, se pou nou renmen madanm nou menm jan Kris la te renmen legliz la, jouk li te aksepte mouri pou li"( Efesyen 5 : 25).

Mari yo pa Kris. Men yo sipoze sanble avèl'. E pwen ki ta va fè mari yo sanble avèl' sè ke yo ta dwe prè pou yo soufri pou byen madanm yo san yo pa menase yo ni abize yo. Nan menm fason an tou, yo dwe soufri pou yo proteje madanm yo kont tout lòt fòs ki ka fè yo tò e dwe soufri lè se ta madanm yo ki ta kontraye yo oswa ki ta va abize yo. Jan de lanmou sa posib paske Kris la te mouri e pou mari a e pou madamnan. Peche yo te padone. Okenn nan yo pa bezwen, soufri ankò akòz peche yo. Kris te pote soufrans yo. Kounyeya , pwiske nou se yon pèp ki jwenn padon a chak fwa nou peche, nou kapab fè yon moun byen lè li fè nou mal.

36

## JEZI DWE MOURI

**POUL' FÒME YON PÈP KI TOUJOU PARE POU FÈ  
SA KI BON**

Li te aksepte mouri pou nou pou li te te ka delivre nou anba mechanste, pou li te fè nou tounen yon pèp ki nan kondisyon pou sèvi li, ki rele li pa li, epi ki toujou pare pou fè sa ki byen

Tit 2 :14

**A**nndan reliyion kretyen yo, nou jwenn verite ki di ke Bondye te padone nou e li te aksepte nou pa paske nou te fè sa ki bon men pou l pèmèt nou e pou l fè nou genyen angouman pou nou fè sa ki bon. Bib la di :" Bondye te delivre nou... li pat' fè sa pou nou poutèt byen nou te fè"( 2 Timote 1 :9) se pa bon aksyon nou yo ki fè Bondye te aksepte nou, men se pito fri ke li pwodui a. Kris pat soufri ni li pat mouri paske nou prezante li bon travay nou yo, men li te mouri pou li te fè nou tounen yon pèp ki nan kondisyon pou sèvi li, ki rele li pa li, epi ki toujou pare pou fè sa ki byen "( Tit 2 :14)

Se sans sa mo gras la genyen. Nou pa kapab kanpe dwat devan Bondye akòz sa nou fè ki bon. Se pito yon kado gratis. Nou ka resevwa l sèlman pa lafwa, e ancheri li tankou richès nou. Se pou rezon sa bib la di :" Sa pa sòti nan nou menm menm , se yon kado Bondye ban nou, nou pa fè anyen pou sa . Konsa pèsonn pa ka vante tèt yo."(Efesyen 2 :8-9). Kris te soufri e li te mouri pou bon aksyon nou yo te ka yon konsekans, men pa yon koz ki fè Bondye te aksepte nou.

Sa pa dwe etone nou, konsa lòt fraz ki vin aprè a di :" Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou"( Efesyen 2 :10) nou te pito sove pou bon zèv yo, men se pa akòz bon zèv yo. Men plan Kris la se pa pou li ban nou mwayen pou nou fè, men se pou nou fè yo ak yon gwo dezi. Se pou rezon sa bib la itilize "mo" angouman". Kris te mouri poul' te ban nou angouman pou fè sa ki bon. Angouman vle di pasyon . Kris pat' mouri poul te rann zèv nou yo posib oswa pou kreye nan nou yon pasyon pou nou

poze aksyon. Yon kretyen ki ap menen yon lavi ki pwòp oswa ki sanktifye , se pa poul' evite sa ki mal, men poul chache fè sa ki bon.

Gen plizyè rezon ki fè Jezi te peye pri sa poul' te kreye yon pasyon nan nou pou n te ka fè sa ki bon. Li te bay rezon ki pi valab la nan mo sa yo :" Se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè Iwanj papa nou ki nan syèl la"( Matye 5 :16) Bondye jwenn glwa li nan bon aksyon kretyen yo. Se pou laglwa li ki fè Kris te soufri ak mouri. Lè Bondye fin padone nou e aksepte nou, sa ki fè nou vin libere de pè nou te konn pè, de vye fyète nou yo, ak vye dezî nou yo, nou te vin gen yon pasyon pou n renmen lòt moun menm jan kris te renmen nou. Lè renmen lòt yo konsa, konpòtman nou vin diferan de moun k'ap chache ogmante grandè yo oswa k'ap chache konsève pwòp lavi yo. Se Bondye ki vin atire atansyon nou nan li kòm yon richès poul te ka transfoime lavi nou e poul te ka ban nou sekirite.

Ki jan de zèv sa yo ? San l pa vle parèt limite bib la mande pou nou ede moun ki gen bezwen, espesyalman sila yo ki pa posede anpil bagay oswa sila yo k'ap soufri anpil . Pa egzanp, bib la di : " Se pou moun nou yo aprann fè sa ki byen tou, pou yo bay lè gen ka nesesite" ( Tit 3 :14). Kris te mouri poul' te ka fè nou pèp sa ki toujou prêt pou ede pòv ak sila yo k'ap peri. Se yonn nan meyè fason pou viv, kelkeswa sa l'ap koute nou nan mond sa : Yo te jwenn èd, nou jwenn kè kontan, Bondye jwenn glwa li.

## 37

## JEZI DWE MOURI

**POUL' RELE NOU SWIV EGZANP IMILITE LI AK  
LANMOU LI**

Si lè nou fè byen, nou sipòte tout sa y'ap fè nou soufri poutèt byen nou fè a, sa se yon bél bagay devan Bondye. Se pou Kris la te soufri pou nou. Li kite yon egzanz pou nou swiv pye pou pye.

1Pyè 2 : 19-21

Egzaminen ka li byen, gade tout sa li sibi nan men banm pechè sa yo ki pat vle wèl' menm. Konsa tou, pa kouri pou batay la. Paske nan batay n'ap mennen kont peche a, nou pokoumen jan nou ta dwe jouk pou nou ta mouri

Ebre 12 : 3-4

Se pou nou yonn gen lòt menm santiman ki te nan jezikris la. Sa Bondye ye a, se sa l te toujou ye. Men , li pat janm konsidere sa tankou yon avantaj pou' te chache kenbe ak tout fos. Okontrè, se li menm poutèt pal' ki chwazi mete sa sou kote. Li te pito tounen yon domestik li pran fòm yon moun. Li rabese tèt li. Tankou yon moun, li soumèt devan Bondye. Li obeyi Bondye, jouk li rive aksepte mouri, wi jouk li aksepte mouri sou kwa a

Filipyen 2 :5-8

**L**è n'ap imite sa pa ka sove nou. Akòz nou sove sa pèmèt nou imite. Yo pat' ban nou Kris pou' te ka yon modèl men pou' te ka sove nou. Eksperryans moun ki kwè a, padon kris la vin anvan ki se karakteristik kris la. Nan pwòp eksperryans Kris la, yo rive an mèm tan : Menm soufrans ki

padone peche nou yo se menm li menm ki ban nou yon fason pou nou renmen.

Nan fason sa, se sèlman lè nou fè eksperyans padon Kris ke li ka vin tounen yon modèl pou nou . Sa sanble te di anpil paske soufrans li yo pat' gen parèy. Pagen moun ki ka imite soufri tankou li. Pèsonn, men se sèlman pitit Bondye a ki te ka soufri pou konsa jan Kris la te fè l'la. Li te pote peche nou yo nan yon fason ke pèsonn pa t'ap janm kapab fè l. Li te chwazi soufri nan plas nou. Nou pa'p janm ka fè sa rive ankò. Sa te fet pou yon dènye fwa. Yon jis ki te bay tèt li pou sila yo ki pat jis. Soufrans yo ke Kris andire nan plas pechè yo, se yon bagay ke moun pa ka imite.

Konsa, soufrans Kris la ki pa gen parey, lè fin pèmèt padon peche yo, ak jistifikasyon pechè yo, li vin transfòme yo sa moun k'ap aji tankou Jezi, pa menm jan li konn padone , men nan fason li konn renmen. Nan fason tou li soufri pou fè byen ak lòt moun, nan fason li pap rann mal pou mal. Menm jan li konn imilye l e menm jan li dosil tou. Menm jan li pasyan lè l'ap andire soufrans yo. Nan fason li aji ak moun ki nan antouraj li. Jezi te soufri pou nou nan yon fason ke pèsonn pa t'ap janm ka rive fè, konsa tou pou n' te ka soufri avèl' gras a lanmou.

Pòl kite apòt Kris la, te di ke premye entansyon li se te poul' te vin dwat tankou Kris pa lafwa e pou l' te prann pa a soufrans li yo nan ministè a. " Pou m' ka viv ansanm avèl nèt ale. Konsa, mwen pa gen pretansyon mwen bon paske mwen fè sa lalwa a mande... Se konnen pou m' konnen Kris la, pou m' santi nan mwen pouvwa ki te fè leve sòti vivan nan lanmò a, pou m' soufri ansanm avè l' nan soufrans li yo, pou m' rive mouri tankou li tou"( Filipyen 3 :9-10)

# 38 JEZI DWE MOURI

## POU L TE KREYE YON GROUP DISIP PRÈT POU POTE KWA A

Si yon moun vle mache dèyè m' se pou li blyie tèt li. Se pou li chaje kwa l sou zepòl li chak jou, epi swiv mwen.

Lik 9 :23

Moun ki pa pran kwa l' poul' swiv mwen, li pa kapab moun pam' non plis.

Matye 10 :38

**K**ris te mouri poul' te fè patnè sou wout kalvè a. Kalvè se non mòn kote yo te klosure l' la. Li te konnen ke lavi l tap mennen la koumenm. Konsa, li te pran desizyon poul' te ale la (Lik 9 :51). Pa gen anyen ki te ka anpeche misyon li poul' te mouri. Li te konnen ki kote ak kilè sa te gen pou rive. Lè l' te sou wout Jerizalèm la, yon moun te avèti l ke li te an danje paske wa Erod te dèyèl pou touyel', li te meprize ide ke Erod te ka genyen poul' bloke plan Bondye." Ale di chat mawon an : m'ap chase move lespri yo, m'ap geri moun malad jodia ak demen, nan twa jou m'ap fin travay mwen" ( Lik 13 :32) . Tout bagay yo te fèt a pati de yon plan. Lè denye moman yo t'ap parèt e fou l' la te vin arete li nan lannuit avan li te mouri a li te di yo : " Men, tou sa rive pou sa ki ekri nan liv pwofèt yo ka rive vre" (Matye 26 :56)

Nan yon sans, wout kalvè a se kote chak moun gen chans pou rankontre Jezi. Sa se yon verite ke li te deja mache sou wout la, li te mouri e li te leve e kounyeya l'ap gouvène nan syèl la jiskaske li tounen ankò. Men, lè Kris rankontre yon moun jodia , se toujou sou wout kalvè a, wout ki mennen sou kwa a. Chak fwa li rankontre yon moun sou wout kalvè a, li di :" Si yon moun vle mache dèyè m' se pou li blyie tèt li, se pou li chaje kwa l' sou zepòl li chak jou, e swiv mwen"( Lik 9 :23). Lè Kris te aksepte mouri sou kwa a, li te gen entansyon rele bann moun ki kwè dèyè li.

Rezon ki gen nan sa se pa paske Jezi dwe mouri ankò jodia, men se pito nou ki sipoze mouri, . Lè li mare nou pou nou pran kwa a, li te vle di” vini pou n’ ka mouri”. Kwa a se te yon vye plas kote yo egzekite moun. Sa te yon bagay ke n’ pa ka imajine ke jezi ta va pote yon kwa tankou yon meday. Se ta va tankou yon moun k’ap pote yon ti chèz ki gen kouran oswa yon kòd k’ap siye kòl’. Moun ki paka pran kwa l poul swiv mwen, li pa kapab moun pa m’ non plis” ( Matye 10 : 38)

Jodia mo yo vle di mwens bagay. Yo vle di o mwen lè m’ap swiv Jezi kòm sovè e seyè mwen, tout ansyen tandans pou m’ domine pwop tèt mwen ak tout vye egoysis ki nan mwen dwe kloure sou kwa a ak li. Mwen dwe rekonèt chak jou ke mwen te mouri ak peche m’ yo e m’ te leve bien vivan pou Bondye . Sa se chemen lavi a : “ Konsa tou, nou menm considere tèt nou tankou moun ki deja mouri akòz peche epi k’ap viv pou Bondye an-sanm avèk Jezikri”( Women 6 :11).

Men zafè patnè sou wout kalvè a vle di yon lòt bagay . Sa vle di ke Jezi te mouri pou n’ te ka gen volonte pou n’ pote tout akizasyon yo te bal’ pote yo.” Se poutèt sa , Jezi te mouri lòt bò pòtay lavil la... nou menm tou, ann sòti al jwenn li lòt bò pòtay la kou a pou n’ soufri menm wout la ansanm ak li”( Ebre 13 :12-13) Men se pa sa sèlman si li nesesè, menm mati li yo. Bib la prezante yon imaj de kèk nan disip Kris yo nan fason sa : Frè nou yo goumen ak li jouk yo gen batay la, granmesi san ti mouton an ki te koule ak verite yo t’ap piblilye a : Yo pat renmen lavi yo jouk pou yo ta pè lanmò”( Revelasyon 12 :11). Konsa mouton Bondye a te vèse san li pou n’ te ka kraze dyab la pandan n’ap met konfyans nou nan san li e prèt pou nou vèse pwòp san pa nou. Jezi rele nou sou wout kalvè a . Li li anpil e li bay bon lavi. Vini !

# 39 JEZI DWE MOURI

## POUL' TE LIBERE NOU DE ESKLAVAJ LANMÒ NOU PÈ

Moun ki rele ptit li yo, se moun ki gen yon kò ki fêt ak chè ak yo, menm tankou yo tou, menm san ak yo. Konsa lè li mouri, li detwi satan ki te gen pouvwa pou touye moun. Li delivre tout moun ki pase tout lavi yo esklav paske yo te pè lanmò

Ebre2 :14-15

**J**ezi di ke satan se yon ansyen :" Depi nan kòmansman se sa ase l'ap fè : touye moun . Li pa janm pran pozisyon pou verite a paske pa gen verite menm nan li. Depil louvri bouch li, se manti l'ap bay paske se mantò li ye. Se papa nan enterè li genyen. Se yon malediksyon. Li prefere ke sila yo k'ap mache avè li ap mennen yon lavi ki long e ki toujou bay kè kontan pandan ke l'ap pouse yo pase sen yo k'ap soufri yo nan tenten e l'ap kache yo tout vye bagay ki gen nan lanfè.

Pouvwa li genyen poul' modi lèzòm pa yon manti sèlman nan li, men ki nan peche ke li pouse moun fè ak nan sa li di ak pwòp bouch li. Sè bagay ki kondane moun, se lè peche nou yo pa jwenn padon pousiv, wanga, vodou, seremoni yo, malediksyon yo, maji nwa, ak lòt toujou, okenn nan yo pa voye moun nan lanfè. Yo tout se wòch ak souflèt dyab la . Yonn nan zam ki ka kondui nou nan lanmò se lè li rive twonpe nou. Li ba nou manti poul' fè moun konprann ke li pi bon pou bay tèt yo glwa ak pou yo viv nan peche olye pou yo bay Kris la glwa ak pou yo viv dwat. Si yon jou, yo gen pou yo pran zam sa nan men li, pa two lontan li p'ap gen pouvwa lanmò ki 'ap janm fini an.

Se sa Kris la te vin fè , li te vin pran zanm sa nan men satan. Poul te fè sa, Kris te pote pwòp peche nou yo e li te soufri akòz yo. Lè sa te rive, satan pat ' gen chans ankò pou l' te itilize peche nou yo poul' te ka detwi nou. Eske li kapab pase nou nan betiz ?Wi eske li kapab jwe avèk nou ? Wi. Eske li Kapab modi nou ? non. Kris te pran malediksyon an nan plas nou.

Li te mèt fè sa l' vle, satan pa ka detwi nou. Kolè Bondye a te disparèt. Li te kouvri nou ak mizerikòd li. E satan pa ka pòt vitwa sou nou.

Pou delivrans te ka rive ,Kris te oblige vin mouri paske se sa li pa t'ap kapab fè eksperyans lanmò a. Se sèlman pitit Bondye a ki te ka kraze sila a ki gen pouvwa lanmò a. Konsa bib la di :" Moun ki rele pitit li yo, se moun ki gen yon kò ki fèt ak chè ak san (=ki gen yon nati tankou lòm) . Jezi vin tankou yo tou, menm chè ak yo, menm sana k yo (=li te vin tounen moun). Konsa lè li mouri, li detwi satan ki te gen pouvwa pou touye moun (Ebre 2 :14).

Lè kris te mouri pou peche nou yo, li te pran sèl zam dyab la te genyen ki se : peche nou yo ki pat padone.

Plan Kris la te genyen pou fè sa, rete yon libète ki sòti nan pè nou genyen yo. Li te mouri pou l te delivre nou :" Li delivre tout moun ki pase tout lavi yo esklav paske yo te pè lanmò" (Ebre 2 :15). Lè nou pè lanmò sa fè nou vin eskalv li fè nou lage kou nou ak timid. Jezi te mouri poul' te ban nou libète. Lè li fin detwi pè lanmò nou genyen an, tout vye lògèy, tout vye tandans kifè n' konprann ke fè n' santi ke nou chèmèt, chè metrès, tout te kraze gras a sakrifis pwòp lanmou li gen pou nou. Nou vin libere pou n' renmen tankou Kris, menm si se lavi nou sa te konte.

Dyab la ka touye vye kò fisik la, men li pap janm Ka touye nanm nou. Paske li jwenn sekirite Kris la. E gen yon jou pou kò fisik la leve tou". Li menm ki te fè Jezikri leve sòti vivan nan lanmò a, li va bay kò nou yo ki la pou mouri a lavi tou, pa pouvwa lespri li a ki rete nan nou" (Women 8 :11). Nou se moun ki gen plis libète pase tout lòt moun. E pa gen erè nan sa bib la di sou keksyon libète a :" Bondye te rele nou po nou te ka gen libète nou. Sèlman, pa pran libète a sèvi eskiz pou nou viv dapre egzigans lachè. Okontrè se pou nou yonn sèvi lòt nan renmen nou yonn gen pou lòt" (Galat 5 :13)

# 40 JEZI DWE MOURI

## POU N' TE KA AVÈ L'APRÈ L' SÒTI NAN LANMÒ

Jezi te mouri pou n' te ka viv ansanm ak li. Konsa, kit nou mouri deja, kit nou vivan toujou lè la vini an, nou tout n'ap toujou ansanm ak li.

1 Tesalonisyen 5 :10

Paske pou mwen, lavi se Kris. Se poutèt sa lanmò se yon gen pou mwen. Men, si antan m'ap viv sou tè a toujou, mwen ka fè kék travay ankò pou seyè a, nan ka sa a mwen pa konn sam' pito

Filipyen 1 :21-23

Nou gen gwo kouraj epi nou ta pito kite kò sa pou n al rete toupre segnè a

2 Korent 5 :8

**B**ib la pa janm wè kò nou mal. Relijyon kretyen yo pa tankou kék ansyen relijon grèk ki te konn trete kò a tankou yon fado yo ta sipoze debarase yo de li ak kè kontan. Non, lanmò se yon lennmi. Lè kò nou mouri, nou pèdi yon bagay ki presye. Kris la pa kont kò a men li pou kò a. Bib la klè sou sa :" Kò moun pa fèt pou dezòd lachè. Se pou seyè a li ye, seyè a se pou kò a li ye. (1Korent 6 :13). Se yon deklarasyon ki bèl anpil : seyè a se pou kò a li ye. . Men nou pa bezwen ale lwen pou n' di ke san kò a nou pa kapab gen lavi ak konsyans. Bib la pa anseye ou sou sa. Kris pa te mouri sèlman pou l' te rachte kò a, men tou pou l te ini nanm nan ak anpil, ke menm san kò a pou n' ka toujou avè'. Sa se yon gwo rekonfò nan lavi ak nan lanmò, e kris te mouri pou n' te kapab jwi espryans sa.

Yon kote bib la pale de zafè nou pèdi kò a nan lanmò se kòm si se nanm

## TITLE

nan ki te toutouni.” Toutotan m’ap viv nan kò mwen gen sou latè, m’ap plenn tankou moun ki anba chay. Sa pa vle di mwen ta renmen wete kò sa a sou mwen. Men, mwen ta renmen pito mete kò mwen gen nan syèl la sou mwen” ( 2 korint 5:4). Yon lòt fason ankò ta prefere kite la pou n’al nan kò, nou pèdi tan lè kò nou nan tonbo a. Se sa yo va eksperimente sila yo ki ap viv lè Kris ap retounen sot nan syèl la.

Men yon lòt kote, bib ap celebre moman san pèdi tan an.

# 41 JEZI DWE MOURI

## POU L' TE PREZÈVE REZIREKSYON NOU DE LANMÒ

Menm jan nou fè yonn ak li paske nou te mouri yon jan tankou li menm li te mouri a. konsa tou n'a fè yonn avèk li, paske n'a leve sòti vivan nan lanmò tankou li tou.

Women 6 :5

Si lespri Bondye ki te fè Jezikri leve sòti vivan nan lanmò a rete nan nou, li menm ki te fè Jezikri leve sòti vivan nan lanmò a, li va bay kò nou yo ki la pou mouri a lavi tou, pa pouvwa lespri a ki rete nan nou.

Women 8 :11

Si nou mouri ansanm avèl, n'a viv ansanm avèl tou.

2 Timote 2:11

**K**le lanmò yo ki kroke anndan tonb Kris la. Pa deyò, Kris te kapab fè anpil bèle bagay, tankou jèn fi kite gen douz lanne a lite leve a ak de lot mesye yo. Sèlman pou yo te mouri ankò (Mak 5:41- 42, Lik 7:14-15, Jan 11:43-44). Si genyen moun kite gen pou leve sot nan lanmò, yo gen pou yo pa janm mouri ankò. Kris te gen pou l' te mouri pou yo, pou l' te monte nan tonb la, pran kle yo pou l' te ka lòk pòt lanmò anndan.

Rezireksyon Jezi a se yon kado ke Bondye li pwouve ke lanmò li te vrèman efase pèp li a e li te fè kòlè Bondye diparèt. Konsa nou ka wè sa nan mo se poutèt sa « Kris te » obeyi ; jouk li rive aksepte mouri sou kwa a. se poutèt sa Bondye leve l' mete chita kote ki pi wo a. li yon non ki pi gran pase tout lòt non (filipyen 2:8-9).

Pitit Bondye a te rele pandan l' sou kwa a, « tout sa ki pou te rive rive »

(Jan 19 :30). Se pa mwayen rezireksyon an, Bondye papa a te reponn tou. « Sa te gen pou rive vre » tout bél travay Kris la kote li peye pou peche nou yo e pèmèt nou vin dwat pou n' satisfè Bondye nan jistis li te akonpli nan lanmò Jezi.

Konsa nan tonb lan, li te gen dwa ak pouvwa pou l' te pran kle lanmò yo pou l' te louvri pòt tout sila yo ki vin jwenn li pa lafwa. Si yo te peye pou peche nou yo, si nou vin ka mache dwat, e si jistis Bondye jwenn satisfaksyon, pa gen anyen ki kenbe Kris la ak pèp li a nan tonb. Se rezon sa ki fè Kris la te kriye, « mwen te mouri, men kounye a, mwen vivan pou tout tan. Mwen gen pouvwa sou lanmò ak sou peyi kote mò yo ye a » (Revelasyon 1:18). Bib la bay verite a kote lè nou moun pa Jezi, sa vle di ke nou gen pou n' leve vivan avè l' soti nan lanmò. Menm jan nou fè yonn ak li paske nou te mouri yon jan tankou li menm li te mouri a, konsa tou n'a fè yonn avèk li, paske n'a leve sòti vivan nan lanmò tankou l' tou « (Women 6 :5) » Menm jan nou kwè Jezi te mouri epi li te leve sòti vivan ankò a, konsa tou se pou n' kwè tout moun ki gen konfyans nan li lè yo te mouri, Bondye va fè yo tounen ansanm ak Jezi. « (1 tesalonisyen 4 :14) » Bondye te fè segnè a leve sòti vivan nan lanmò. l'a fè menm bagay la tou pou nou ak pouvwa li « (1 koretyen 6 :14) ».

Se lyen sa ki genyen ant lanmò Kris la ak rezireksyon li : se peche ki bay lanmò pouvwa pou fè nou lapenn. Se lalwa a ki bay peche a tout fos li (1 korent 15 :56). Sa ki vle di, ke nou tout peche e lalwa a kondane tout moun ki fè peche pou yo ka mouri nèt ale. Men tèks la kontinye pou l' di : « Ann di Bonye mèsi, li menm ki fè nou genyen batay la sou lanmò granmèsi Jezikri, Segnè nou an » (vèsè 57). Yon lòt fason ankò, sa lalwa a mande a, la rive nan lavi Jezi ak nan lanmò li. Se poutèt sa, peche yo jwenn padon. Se poutèt sa tou, pikian peche nou yo te sòti nan lavi nou. Konsa, sila yo ki kwè nan Kris pa gen dwa pou yo kondane yo pou yo mouri pou tout tan, men yo va leve sòti vivan pou yo pa janm mouri ankò (1 korent 12:52-54). Nou dwe sezi pou sa e pou nou vin jwenn Kris. Li envite ou : « Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri » (jan 11:25).

# 42 JEZI DWE MOURI

## POU L' TE ABOLI TOUT POUVWA AK TOUT OTORITE

Kris la detwi papye ki kondane nou devan lalwa. Kris la detwi l' nèt lè li klosure sou kwa a. Avèk Kris la ki mouri sou kwa a, Bondye wete tout pouvwa ak tout otorite lespri yo te genyen nan lemonn, li fè yo mache tankou prizonye devan Kris la ki te genyen batay la.

Kolosyen 2:14-15

Pitit Bondye a parèt toutespre pou kraze travay satan an.

1 Jan 3:8

**N**an bib la, zafè « pouvwa ak otorite » se zafè gouvènman lèzòm. Men lè nou li ke Kris te wete tout pouvwa ak tout otorite lespri yo te genyen nan lemonn, e li te fè yo mache tankou prizonye devan Kris nou ta sipoze panse ke mond lan ap kraze anba fòs demonyak yo. Yonn nan deklarasyon ki bay sou vye fòs mechanste sa yo se nan efezyen 6 :12. Li di ke « kretyen yo pa gen pou yo goumen ak moun, men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite kap gouvènènan nan fènwa ki sou latè a ». yo rele satan twa fwa « gouvènè mond lan ». lè Jezi ap pwoche nan dènye moman lavi li sou tè a, li te di, « kounyeya lè a rive pou yo jije moun ki sou tè sa a. kounyeya yo pral mete chèf kap dominen lemonn nan deyò (jan 12 :31). Lanmò Kris la te defèt otorite « gouvènè mond lan » dyab la. E pwiske satan te ale, tout zanj li yo te ale tou. Yo tout tap fè fas a yon gwo defèt lè Kris te mouri.

Se pa paske yo pat egziste ankò. Jis kounyeya, nou kontinye ap batay ak yo. Men se yon bann lennmi ki pèdi batay la déjà. Nou konnen ke dèye viktwa a se pou nou l'ap ye. Se tankou yon gwo dragon yo te koupe tèt li e yo te maltrete l' jiskaske li bay anpil san anvan li mouri. Nou genyen batay

la. Men nou dwe vijilan pou domaj ke sa ka koze.

Nan lanmò Jezi, Bondye te chire papye kote tout sa nou te dwe l' yo ekri a. papye sa a te kondane nou devan lalwa. Kris la detwi l' nèt lè li kloure l' sou kwa a (kolosyen 2 :14, ann gade chapit 7 la). Se nan fason sa li te wete tout pouvwa ak tout otorite lespri yo ki te genyen nan lemonn e li te fè yo mache tankou prizonye devan Kris la ki te genyen batay la. Yon lòt fason ankò, si lalwa Bondye a pat' kondane nou ankò paske Kris te peye dét nou yo, satan li menm pa gen okenn rezon pou l'akize nou.

Yonn nan pi gwo travay ke dyab la fè se lè li akize sèk Bondye a devan kris la. Satan vle di « advèsè oswa akizatè ». men koute sa ki te rive lè Kris la te mouri. Sa yo se pawòl Apot Pòl : « Apre sa,mwen tandem yon gwo vwa nan syèl la ki tap di : kounyeya Bondye pral vini delivre nou, kounyeya Bondye fè wè li gen pouvwa, se li ki sèl mèt, kounyeya Kris ap fè wè otorite li paske, moun ki t'ap plede akize frè nou yo, moun ki te kanpe la devan Bondye, lajounen kou lannwit, ap pote plent pou yo a, yo mete l' deyò nan syèl la(Revelasyon 12 :10). Sa se te defèt move lespri yo ak fason yo te wete pouvwa ak otorite yo te genyen.

Kounyeya, gras ak Kris, pa gen akizasyon ki ka kanpe devan pèp Bondye a. ki moun ki ka akize moun Bondye chwazi yo ? pèsonn. Paske se Bondye menm ki fè yo gras(women 8:33). Pa gen okenn lòm ni satan ki ka mete akizasyon sou do nou. Zafè sa fini. Kris pèmèt nou vin dwat. Yo dezame akizatè nou an. Si li ta va esye pou ' pale nan tribal syèl la, li t'ap wont anpil. O, ala brav nou brav e ala lib nou lib lè nou ap chache sèvi Kris e renmen moun pa l' yo. Pa gen kondanasyon pou moun ki nan kris. Ann kite yo bay do tout vye tantasyon dyab la. Tout sa li pwomèt yo se manti e pouvwa li ya pa klè.

# 43 JEZI DWE MOURI

## POU L' TE LIBERE POUVWA BONDYE A NAN PAWÒL LA

Pawòl kife nou konnen jan Kris la mouri sou kwa a, se pawòl moun fou pou moun k'ap peri yo. Men pou nou menm ki delivre yo se pouvwa Bondye.

1 Korent 1 :18

Mwen pa wont anonse bòn nouvèl la : se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè, jwif yo an premye, apre yo moun lòt nasyon yo tou.

Women 1 :16

**L**evanjil la vle di bòn nouvèl. Li avan tou yon nouvèl avan li yon teoloji. Yon nouvèl rapòte nou ke yon bagay ki enpòtan te pase. Yon bòn nouvèl anonse yon bagay ki te pase e ki te fè moun kontan. Levanjil la se meyè nouvèl la, paske tout sa li pote ka fè moun kontan tout tan.

Sa levanjil la pote se lanmò ak rezireksyon Kris la. Apòt Pòl fè de nouvèl yo yon kalite pou yon levanjil ki klè.

Frèm yo, mwen vle fè nou sonje bòn nouvèl mwen te anonse nou an, bòn nouvèl nou te resevwa a ... men yo : Kris te mouri pou peche nou, da-pre sa ki ekri nan liv la. Yo te antere l', li te leve sòti vivan sou twa jou aprè l' te fin mouri, jan sa te ekri nan liv la tou. Aprè sa, li te fè pou pi piti senksan (500) frè wè Sl'anmenmtan. Gen ladan ki mouri déjà, men pifò ladan yo ap viv jouk kounyeya toujou. (1 korent 15 : 1-7)

Kè levanjil la se sa : « Kris te mouri pou peche nou , yo te antere l', li te leve sòti vivan sou twa jou aprè l' te fin mouri e li te fè pou pi piti senksan frè wè l' anmenmtan ». Rezon kifè li di anpil nan temwen sa yo toujou ap viv montre ke levanjil la reyèl tout bon vre. Li te vle di ke sila yo k'ap li sa te kapab jwenn kèk temwen e yo te doute de yo. Levanjil la se nouvèl ki pale

de yon bann evènman. E yo ka rive verifye evènman sa yo. Te gen temwen nan lanmò Jezi, lè yo t'ap antere l' e nan lavi li aprè l' vin leve sòti vivan nan lanmò.

Bagay ki pi trajik sèke pou anpil moun bòn nouvèl la ta sanble bagay moun fou. Pòl te di pawòl ki fè nou konnen jan Kris la mouri sou kwa a, se pawòl moun fou pou moun k'ap peri yo. Men pou nou menm ki delivre yo se pouvwa Bondye « (1 korent 1 :18)» Kris te mouri pou l' te libere pouvwa sa. « Bòn nouvèl la... se pouvwa Bondye ki la pou delivre tout moun ki kwè » (women 1 :16). Poukisa anpil moun wè lanmò Kris mal ? nou dwe wè ke li se yon verite, e ke li bon avan nou kwè li. Konsa ; kesyon an se ta va sa : poukisa gen kèk moun ki wè ke li se yon verite e ke li bon e gen kèk lòt ki pa wè sa ? nou jwenn yonn nan repons yo nan 2 korent 4 :4, « Yo pa kwè paske yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo. Li enpoze yo wè limyè bòn nouvèl la. se bòn nouvèl sa a ki fè nou konnen pouvwa Kris la ; li menm ki pòtrè Bondye ». Anplis de sa, nati lòm lan li menm ki toujou ap peche te mouri pou yon reyalite espirityèl ki vrè. « Yon moun ki pa gen lespri Bondye a nan kè l' pa ka aksepte verite ki soti nan lespri Bondye a. pou li, se pawòl moun fou yo ye » (1 korent 2 :14).

Si yon moun rive wè ke levanjil la se yon laverite e ke li bon, pouvwa Bondye a ap pwoteje li kont tout lespri satanik ki ka bouche je yo e menm lè li mouri. Se poutèt sa ke bib la di menm lè levanjil la ta parèt bagay moun fou pou kèk moun, men pou tout moun Bondye rele yo, kit yo Jwif, kit yo pa Jwif, n'ap fè konnen Kris la ki bon konprann Bondye a ak pouvwa Bondye a. (1 korent 1 :24)

Apèl sa se yon aksyon mizèrikòd Bondye pou li retire tout sa ki mouri nan nou ak tout move lespri ki bouche je nou pou nou ka wè Kris kòm yon laverite e ki bon. Aksyon mizèrikòd sa nan li menm se yon kado ke Kris la achte ak san li. Ann gade li, e ann priye li pou Bondye pèmèt nou wè ak pou nou anbrase levanjil Kris la.

44

## JEZI DWE MOURI

## POU L' TE DETWI RAYISMAN KI NAN MITAN PÈP LA

Avèk pwòp kò li, li kraze miray ki te separe yo epi ki te fè yo yonn lènmi lòt. Li aboli lalwa Moyiz la ansanm ak kòmandman li yo ak tout regleman l' yo. Li pran de pèp sa yo, li fè yo tounen yon sèl pèp tou nouvo kap viv ansanm nan li. Se konsa li fè nou byen yonn ak lòt. Avèk lanmò Kris la sou kwa a, li wete sa ki t'ap fè de pèp sa yo yonn rayi lòt, li fè yo tou de vin byen ak Bondye, li mete yo ansanm yonn ak lòt nan yon sèl kò.

Efezyen 2 :14-16

**F**ason sispek, mechanste, enjistis, fè landjèz ki te gen nan mitan moun ki jwif yo ak moun ki pa jwif yo nan tan novo kontra a, se tankou tan sa n'ap viv la ki gen sa nou ka rele mezantant anndan ras yo, diskisyon pou koulè po yo ki pa menm ak dyèl politik. Yonn nan egzanp jalouzi nou genyen se sa ki te rive nan mitan Sefas (yo te konn rele kèk fwa Pyè) ak Pòl nan peyi Antyòch. Pòl te rakonte istwa a : « Men, lè Pyè te vini lavil Antyòch, mwen te fè yon bout ak li devan tout moun, paske sal te fè a pat bon. Lè l' te fenk rive, li t'ap manje byen pwòp ak frè ki pa Jwif yo. Men lè moun Jak te voye yo vin rive, li mete kò l' sou kote, li refize manje ak frè ki pa Jwif yo, paske li pè patizan moun sikonsi yo. (Galat 2 :11-12)

Pyè te konn ap viv nan libète Jezikri a. malgre li te yon kretyen Jwif, li te konn ap manje avèk kretyen ki pa jwif yo. Miray ki te divize yo te kraze, yo te konbat afwontman ki te nan mitan yo. Kris te mouri pou l' te fè sa. Men te gen kèk jwif ki te esklav tradisyon yo ki te ale Antyòch. Sefas te panike. Li te pè kritik yo. Li te retire kòl pami sila yo ki pa jwif yo.

Apòt Pòl ki te wè sa rive, kisa li te sipoze fè ? Eske li te dwe fè fas a reyalite a ? Eske li te dwe mete lapè nan mitan sila yo ki te vizite yo e ki te esklav tradisyon ak kretyen jwif yo ki te lib yo nan peyi Antyòch ? sa ki te fè

Pòl aji konsa a, nou jwen li nan mo sa yo : « m' wè yo pa t'ap mache dwat daprè verite ki nan bòn nouvèl la » (galat 2 :14). yon lòt fason, lè Sefas te retire kòl pamì kretyen ki pa jwif yo, li te bay yon gwo mesaj : nou dwe vin tankou jwif yo si nou vle yo aksepte ou. Kris te mouri menm pou l' te aboli bagay sa.

Jezi te mouri pou l' te ka kreye yon nouvo fason pou moun ki diferan de yon lòt ras te ka rekonsilye antre yo. Tradisyon yo ak diferans ki nan chak ras yo pa ka konstwi amoni nan mitan moun. Se sèl Kris ki ka fè sa. Li te vin konplete tout sa lalwa a pa t' rive fè. Tout bagay sa yo ki te divize moun yo mennen a li aksepte yon sèl bagay : levanjil Jezikri a. li vrèman enposib pou gen yon inite k'ap dire tout tan nan mitan chak pèp lè nou di ke tout relijjyon ka mete tèt yo ansanm pou yo gen menm enpòtans lan. Jezikri se pitit Bondye. Bondye te voye li nan mond lan pou l' te ka sèl mwayen ki genyen pou moun k'ap peche yo te ka sove e pou sila yo ki te divize yo akòz diskisyon pou zafè ras yo, te ka rekonsilye pou tout tan. Si nou pa rekonèt sa, nou ap diminye fondman ki gen nan espwa ak inite ki gen pou dire tout tan nan mitan pèp yo. Te gen yon bagay ki te depase nou ki te rive fèt nan lanmò li sou kwa a. Bondye ak lèzòm te rekonsilye. Se sèlman lè pè pèp yo deside pou yo viv nan amoni nan egzanp Kris la ke yo va rive yonn renmen lòt. Si nou deside kraze tout baryè ki separe nou ak Bondye, Kris tou va deside kraze yo nan mitan pèp yo.

# 45 JEZI DWE MOURI

## POU L' ACHETE YON BANN MOUN POU BONDYE, MOUN TOUT RAS, TOUT LANG, TOUT PÈP, TOUT NASYON

Wi, ou merite vre, ou kapab pran liv la pou kase sele yo, paske yo te touye ou. Se konsa ou bay san ou pou achte yon bann moun pou Bondye, moun tout ras, tout lang, tout pèp, tout nasyon.

Revelasyon 5:9

**S**èn nan se syèl la. Apòt Jan te gen yon ide de tout sa ki gen pou te rive demen ki nan men Bondye. “mwen wè yon liv nan men dwat moun ki te chita sou lotèl la. Liv la te gen gòm yon woulo papye, li te ekri sou anndan ak sou deyò. Li te sele sèt kote.” (revelasyon 5 :1) Ouvri liv la, sa ta vle di devwale tout istwa ki gen pou pase nan tan ki ap vini yo. Jan t'ap kriye paske pa t' gen pèsòn ki te kapab louvri liv la. Yonn nan granmoun yo te di : “pa kriye, gade, men Lyon ki soti nan fanmiy Jida a, pitit pitit David la, ki te genyen batay la, li ka kase sèt sele yo pou louvri liv la” (5 :5). Yo te vle pale de Jezikri ki se mesi a. Li te genyen batay la nan lanmò ak nan rezireksyon li. E Jan te wè li : “Mwen wè yon ti mouton, tankou yon mouton yo te touye déjà” (5 :6).

Li sa, tout granmoun yo ki te antoure twòn nan, te tonbe ajenou devan li e yo t'ap adore li. Yo t'ap chante yon kantik tou nèf. Sa ki te pibèl nan sa, chante a t'ap di ke se gras a lanmò li ki fè li diy pou louvri liv istwa a. sa vle di ke lanmò Kris la te pèmèt ke tout plan Bondye te akonpli nan istwa mond lan. “Yo t'ap chante yon kantik tou nèf ki te di, ‘Wi ou merite vre, ou kapab pran liv la, pou kase sele yo paske yo te touye ou. Se konsa ou bay san ou pou achte yon bann moun pou Bondye, moun tout ras, tout lang, tout pèp, tout nasyon’” (5 :9).

Kris te mouri pou l' te ka sove yon bann kategori moun. Peche pa respekte kilti. Tout moun te peche. Chak ras ak chak kilti, yo bezwen pou

yo rekonsilye ak Bondye. Menm jan maladi peche a tout kote nèt, se konsa tou sa gen pou fini tout kote. Jezi te wè moman pou l' te soufri sou kwa tap rive, e li t'ap pale sou kalite plan li genyen. "Men, mwen menm, lè ya leve m'anlè sou tè a, mwen gen pou m' rale tout moun vin jwenn mwen" (Jan 12 :32). Menm jan li te planifye lanmò li, se konsa tou li anbrase mond lan.

Relijyon kretyen te soti nan lès. Lè syèk yo t'ap pwoche, te genyen yon chanjman ki t'ap fèt nan lwès. Men detanzantan kounyeya, relijyon kretyen an vin pa yon relijyon ki soti nan lwès. Sa pa ebranle Kris nan ansyen kontra a, enpak lit ta pral fè nan tout mond lan te déjà prevwa: "Toupatou sou latè yo pral tounen vin jwenn li. Moun tout peyi va adore li" (Sòm 22 :27). "Se pou tout nasyon yo fè kè yo kontan" (Sòm 67 :4). se poutèt sa, lè Jezi te vini nan fen ministè li sou tè a, li montre misyon li an klè : Kris la gen pou l' soufri jouk li mouri, men sou twa jou li gen pou l' sòti vivan nan lanmò. Y'a pran non l' pou yo mache fè konnen mesaj la nan tout peyi, pou mande tout moun pou yo tounen vin jwenn Bondye pou yo ka resevwa padon peche yo (Lik 24 :46-47). E pa t' gen erè nan lòd li te pase disip yo : "Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon" (Matye 28 :19).

Jezikri pa yon Bondye tribi. Li pa pou yon kilti oswa pou yon gwoup pèp ki gen koulè espesyal. Li se "ti mouton Bondye k'ap wete peche moun sou tout latè" (Jan 1 :29). "konsa, nanopwen diferans ant moun ki Jwif ak moun kipa Jwif : yo tout gen yon sèl mèt ki bay tout moun ki rele l' favè l' an kantite. Se sa ki ekri nan liv la : 'Nenpòt moun ki rele non mèt la gen pou jwenn delivrans'" Women 10 :12-13. Rele kounyeya e konsidere w' ke w' fè pati de moun Jezi achte yo.

46

## JEZI DWE MOURI

**POU L' TE SANBLE PITIT BONYE YO KI GAYE NAN  
MOND LAN**

Kayif pa te di sa konsa non. Men li te gran prêt pou lanne a, konsa li t'ap fè konnen davans kijan Jezi te dwe mouri pou tout Jwif ki nan peyi a. Epi, pa sèlman pou Jwif yo, men tou pou l' te sanble tout pitit Bondye ki gaye yo nan yon sèl kò.

Jan 11 :51-52

Mwen gen anpil lòt mouton ki pa nan pak sa a. Mwen gen pou m' mennen yo tou. Y'a tandé vwa mwen. Lè sa a, va gen yon sèl kategori mouton ak yon sèl gadò.

Jan 10 :16

**S**an nou pat konn sa, yon bourik te pale pou Bondye (Nonb 22 :28) sa te dwe yon moun k'ap preche oswa yon prêt. Sa te rive Kayif ki te gran prêt a Izrayèl lè yo te jije Jezi pou lavi li. San l' pat konnen, li te di moun ki t'ap dirije Izrayèl yo : "Nou pa wè li pi bon pou nou si yon sèl moun mouri pou pèp la. Konsa tout peyi a va sove" (Jan 11 :50). Sa te gen yon doubs sans. Kayif te vle di : "Pito Jezi mouri olye pou Women yo akize nasyon an pou trayizon ak pou detwi yo detwi pèp la. Men Bondye te vle di yon lòt bagay. Konsa Bib la te di : "Kayif, pa te di sa konsa non, men, li te gran prêt pou lanne a, konsa li t'ap fè konnen davans kijan Jezi te dwe mouri pou tout Jwif ki nan peyi a. epi pa sèlman pou jwif yo, men tou pou l' te sanble tout pitit Bondye ki gaye yo nan yon sèl kò" (Jan 11 :51-52). Jezi li menm te di menm, bagay la yon lòt fason. Olye li di "pitit ki gaye", Jezi te pale de "mouton" kip a menm nan pak Izrayèl la : "Mwen gen anpil lòt mouton kip a nan pak sa a. mwen gen pou m' mennen yo tou. Lè sa a, va gen yon sèl bann mouton ak yon sèl gadò" (Jan 10 :16).

Tou lè de fason sa yo etone nou anpil. Sa montre ke nan tout mond lan

gen moun ke Bondye te chwazi pou Jezikri te ka sove. Yo se “pitit Bondye ... ki gaye toupatou”. yo se “mouton” ki pa nan pak Jwifla. Sa montre nou ke Bondye vyolan anpil lè l'ap rasanble moun pou pitit li a. Li rele moun li yo pou yo fè disip pou li, men li ban nou premye egzanz la. Li te gen yon pèp chwazi anvan mesaje li te la. Konsa, Jezi te pale de nouvo moun ki konvèti yo ke Bondye te chwazi pou yo ka pwòp moun pa li e konsa tou pou li te mennen yo bay kris. “tout moun papa a ban mwen, gen pou vin jwenn mwen. Mwen p'ap janm mete moun ki vin jwenn mwen deyò ... se pou ou yo te ye. Se ou menm ki te ban mwen yo” (Jan 6 :37, 17:6).

Se yon bagay ke nou pa ka rive kwè, ke Bondye ap gade tout moun ki toupatou sou tè a e li sanble yon twoupo pou li e konsa li te voye misyonè pou kris, e li te mennen sila yo li te chwazi yo sou wout levanjil la e li te rive sove yo. Pa gen lòt fason ankò pou yo rive sove. Misyon yo enpòtan anpil. “Tout mouton yo rekonèt vwa li, li rele tout mouton l' yo, li ba yo chak non yo, li mennen yo deyò. Tout mouton yo swiv li paske yo konnen vwa li” (Jan 10 :3-4).

Jezi te soufri e li te mouri pou mouton yo te ka tandé vwa li e pou yo te ka viv. Se sa Kayif te di san li pa 't' konn sa : “Jezi te dwe mouri... men pa sèlman pou Jwif yo, men tou pou l' te sanble tout pitit Bondye ki gaye yo nan yon sèl kò.” Li te bay lavi li pou l' te sanble mouton yo. Li te achte ak san li mizèrikòd sa ki te pèmèt yo rekonèt vwa li. Priye pou Bondye aplike mizèrikòd sa nan ou, pou ou kapab tandé li e pou ou kapab viv.

# 47 JEZI DWE MOURI

## POU L TE SOVE MOUN AN DÈNYE JIJMAN AN

Kris la ofri tèt li pou li mouri yon sèl fwa pou. Pou wete peche anpil moun. Li gen pou l tounen yon dezyem fwa. Men, lè sa a, se p ap pou wete peche nou, se va pou delivre tout moun k ap tann li yo.

Ebre 9:28

**I**de yon kretyen genyen pou l sove gen pou we ak pase li, prezan li ak fiti li. Bib la di: “Se paske li renmen nou, ki fè li deliver nou, nou menm ki mete konfyans noun an li. Sa pa sòti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou.” (Efezyen 2:8). Li di ke levanjil la se pouvwa Bondye ki delivre nou” (1 Korent 1:18). E li di “lè pou n’ fin delivre a pi pre nou pase lè nou fenk mete konfyans lan” (Women 13:11). Nou te sove. Nou sove. Nou pral sove.

Nou sove granmesi lanmò Kris nan tout nivo. Nan tan pase, yon fwa pou tout lòt fwa yo, Kris li menm te peye pou peche nou yo. Se lafwa sèlman kit e jistifye nou. Nan tan prezan an, lanmò Kris la te pwoteje Lespri pouvwa Bondye a pou l sove nou kont dominasyon yo e kont peche ki ka konmine nou kwa. E nan tan fiti a. se pral san Kris la, kit e vèse sou kwa a ki va pwoteje nou kont kolè Bondye e ki va kondwi nou sou wout pou nou vin dwat e pou si ka gen kè kontan.

Gen yon gwo jijman ki gen pou rive. Bib la dekri li: “Rete tann jijman an ansanm ak gwo dife ki gen pou vin detwi tout lènmi Bondye yo” (Ebre 10:27) Sa mande nou pou nou viv pandan n ap sèvi Bondye yon jan ki pouf è l plezi, avèk respè, avèk krentif. Paske Bondye nou an se tankou yon dife k ap detwi tout bagay. (Ebre 12:28-29).

Jan Batis te avèti pèp la de jou sa kote y ap genyen pou yo chape anba kòlè Bondye k ap vini an.” (Matye 3:7).

“Lè Jezi va parèt nan mitan gwo flanm dife pou pini tout moun ki pa konn Bondye yo ansanm ak moun ki p ap mache dapre bòn nouvèl ki pale sou Jezi. Seyè nou an. Chatiman moun say o, se disparèt y ap disparèt yo

pou tout tan. Y ap wete yo devan Segnè a, y ap voye yo jete byen lwen pou yo pa janm resevwa pa yon an pouvwa Segnè a ak nan lwanj y ap fè pou li a.” 1 Tesalonisyen 1: 7 – 9)

Li preske tèrib pou reflechi sou kèk imaj nan dènye kòlè Bondye a. yon fason ki pa serye, se Jan, Apòt lanmou an, ki bay plis imaj ak detay sou lanfè a. Sila yo ki jete Kris e kit e soumèt yo a yon lòt” va bwè diven Bondye a tou, diven kòlè Bondye a, diven san melanj Bondye vide nan gode kòlè li a. tout moun sa yo pr al soufri nan dife ak souf devan zanj Bondye y oak ti mouton an. Lafimen dife k ap fè yo soufri a ap monte tout tan san rele. Yo p ap gen repo lajounen kou lanwit” (Revelasyon 14: 10-11). Lè nou santi kèk dout sou kolè Bondye a ki gen pou vini an.

Sa ka anpeche nou jwi douse ki va pèmèt legliz aktyèl la goute travay Kris la ki se pou l sove noun an tan fiti a: “ y ap di tou jan n ap tann Jezi, Pitit Bondye te leve vivan sòti nan lanmò. Se li menm k ap deliver nou anba kòlè Bondye k ap vini an.” (1 Tesalonisyen 1:10) Se Jezi sèlman ki ka sove nou anba kòlè Bondye ki gen pou vini. San li, nou t ap pedi pou tout tan.

Men, lè li fin sove nou, se ta va gras ak san li “Kris la ofri tèt li pou li mouri you sèl fwa pou wete peche anpil moun. Li gen pou l' tounen yon dezyem fwa. Men lè sa a, se p ap pou wete peche nou, se va pou delivre tout moun k ap tann li yo.” (Ebre 9:28) yo te klase istwa peche nèt ale. Yo pat bezwen okenn lòt sakrifis. Nou vin gen yon pwoteksyon ki asire kont kòlè a ki gen pou vini an tankou Kris ki te soufri nan plas nou an. Pou sa kwa a fè pou nou, an nou rejwi pou gras nou pral jwenn nan tan fiti a.

## 48

## JEZI DWE MOURI

## POU L' TE KAPAB JWENN KÈ KONTAN LI AK PA LI

Li pat pran wònt sa a pou anyen, paske lit e toujou chonje apre l te fin soufri a, Bondye t ap fè kè l kontan. Kifè kounyeya li chita sou bò dwat fotèy Bondye a.

Ebre 12 :2

**C**hemen ki mennen nan kè kontan an se yon wout ki difisil. Li difisil pou nou, e li te difisil pou Jezi. Sa te koute lavi li. Sa dwe koute lavi pa nou tou. “Li pat pran wont sa a pou anyen, paske lit e toujou sonje apre l te fin soufri a, Bondye t ap fè kè l kontan.” Apre l te fin soufri sou kwa a, lit e gen pou li rejwi nan syèl a.

Kè kontan sa kite planifye pou li a gen plizyè nivo. Se yon kè kontan li jwenn bò Papa li: paske ou la avèm, mwen pa manke kontan. Bò kote ou, Segnè se yon plezi ki p ap janm fini.” (Sòm 16:11). Se te yon kè kontan pou viktwa kit e pran sou peche: “Lè li fin deliver moun anba peche yo, li moute chita anwo nan syèl la, sou bò dwat Bondye, Gran wa a.” (Ebre 1:3). Se te yon kè kontan pou tout moun lite mouri pou yo a te ka antoure li pou yo ba li glwa: “Konsa tou, va gen plis kontantman nan syèl la pou yon sèl moun ki t ap fè sa ki mal epi ki mal epi ki tounen jwenn Bondye. Se pa yon milyon (Lik 15:7)

Kounyeya, e pou nou menm? Eske lè li fin gen kè kontan an, li te kite nou nan mizè? Non. Anvan li te mouri, li te marye kè kontan pa li ak kè kontan pa nou. Li te di” Mwen di nou tou sa pou kè kontan m lan ka nan nou, pou nou ka kontan nèt ale” (Jan 15:11)

Li te konnen ki jan de kè kontan lit a pr al genyen, e lit e di “Kè kontan m nan pral nan nou.” Nou menm kit e met konfyans nan li, nou ka rejwi avèk li ak yon gran kè kontan menm jan kreyati kin an syel yo

Men rout va difisil anpil Jezi te avèti nou, “Nou gen pou n soufri anpil sou late” (Jan 16:33). Yon elèv pa pifo pase mèt li. Si yo rele mèt kay li Belzeboul, se pa lòt moun nan kay la yo p ap bay pi move toujou.” Matye

10:24-25) "Y ap fè touye anpil nan nou. Tout moun pral rayi nou poutèt mwen" (Lik 21:16-17). Se sou chemin sa, Jezi temache e te trionfe nan nou e kè kontan nou an vi nap debòde.

Se nan menm fason an, ke espwa nou gen nan kè kontan an ki pèmèt Kris la sipòte kwa a, espwa sa tou ba nou fòs pou n soufri avèk Li. Jezi te prepare nou pou jan de bagay sa, lè lit e di: "Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y ap pèsikite nou, lè y ap fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m nou ye. Fè kè nou kontan, wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann noun an Syèl. (Matye 5:11-12) Rekonpans ke nou va genyen se lè nou va pran plezi nan Bondye ak menm kè kontan an Piti Bondye a gen nan Papa a.

Si jezi pa t' pran desizyon pou l' te mourir , ni li , ni nou pa t'ap ka gen ke kontan pou tout tan. Li ta va dezobeyi. Nou ta va peri anba peche nou yo .Se sou kwa a lit e jwenn ke kontan pa li ak pa nou . Kounye a ,n'ap suiv li sou chemen lanmou an. Nou rekonet nou pa ka konpare sa n'ap soufri kounye a ak bel bagay Bondye pral fe nou we yo "(women 8:18) . Kounye a nou ede l' pote tout repwoch yo . Men nan fason sa ke kontan nou an pap janm ka kontinye . Avez lanmou sa nou ka fe fas ak tout defi . Men se pa tankou yon solda, men se avec gwo espwasa ki bay nou fos "kote lannuit nou kriye kou li jou ke nou kontan"(Som 30;5).

# 49 JEZI DWE MOURI

## POUL' KAPAB AK DWA E AK ONÈ

Lè nou gade Jezi, poutèt lanmò li te soufri a, Bondye ba li tout louanj ak tout respè ki pou yon wa.

Ebre 2:9

Li prann fòm yon moun, li vin tankou tout moun, li rabese tèt li. Tankou yon moun li soumèt devan. Li obeyi Bondye jouk li rive aksepte mouri sou kwa a. Se poutèt sa, Bondye leve l', mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran pase tout lòt.

Filipyen 2:7-9

Ti mouton yo te touye a merite vre pou yo ba l pouvwa, riches, bon konprann ak fòs respè, onè ak louanj

Revelasyon 5:12

**N**an lannwit anvan lit e mouri , Jezi te priye menm lè lit e konnen sa te gen pou rive," Papa, ban mwen bél pouvwa devan je ou, menm pouvwa mwen te genyen lè m te avè ou la depi anvan out e kreye tout bagay"( Jan 17:5). E sa te pase konsa :" Poutèt lanmò Li te soufri a, Bondye ba li tout louanj ak tout respè ki pou yon wa "( Ebre 2:9). Glwa lite rekompans soufrans li yo. Li " obeyi bondye jouk li rive asepte mouri, wi jouk li asepte mouri sou kwa a se poutèt sa, Bondye leve l' mete chita kote ki piwo a"( Filipyen 2: 8-9). Paske yo te touye ti mouton an" li merite vre pou yo ba li fòs respè, onè ak louanj"( Revelasyon 5:12) Pasyon Kris la pa t' sèlman vin anvan kouwòn; se te pri a li te ye, e kouròn se te rekompans li. Li te mouri pou l' te ka genyen l'.

Anpil moun te twompe yo sou pwen sa. Yo di konsa kòman sa ta va fè

lanmou? Kòman Jezi te ankouraje konsa pou l' te ban nou kè kontan si l' t'ap goumen tou pou l' te jwenn louanj? Depi kilè vanite te yon vèti? Sa se yon bon keksyon. E li gen yon bon repons biblik. Repons lan fè nou aprann ki kalte lanmou sa ye. Anpil nan nou rive panse ke lè yo renmen nou sa vle di ke nou te pi byen kreye. Tout mond lan ta sanble konstwi daprè sipozisyon. Si mwen renmen ou, ou gen anpil; enpòtans pou mwen. Mwen fè w' santi ou byen nan ou menm. Se kòm si lès n' gade nan moun nan , nou jwenn sekrè kè kontan an.

Men nou konnen plis toujou. Menm anvan nou t'al nan bib la? Nou konnen sa pa sa. Moman kè kontan nou yo pa t' janm moman ki bay satisfaksyon, men se te moman ki pase vit jouk nou oblige yo. Te gen kèk fwa, lè nou kanpe bò kote yon gwo sit, oswa nan pye mòn kilimandyaro a, oswa lè n'ap gade yon bèl solèy k'ap kouche sou dezè Sahara a, e pou yon ti moman, ou santi yon kè kontan lè w'ap gade mèvèy say o. Se pou bagay sa yo nou te kreye. Se pa yon bann glas ki fòme paradi a.

Se ta va yon grandè ak yon pouvwa k'ap deplwaye. E se pa nou yo li.

Si sa se vre e si Kris se yonn nan reyalite ki montre grandè li nan tout li nivè, ki sa lanmou l lan ta va ye pou nou? Siman li pa vle ba nou twòp enpòtans. Sa pa t'ap satisfè nanm nou. Nou te kreye pou yon bagay ki pi gran toujou. Si nou rive gen kè kontan jan nou tad we genyen li, nou ta sipoze wè e goute pi gran moun ki gen tout glwa ke tout lòt moun yo ki se Jezi kri li menm. Sa vle di pou Jezi remen nou, li dwe chèhe glwa li ki san limit pou li ofri nou li pou kè kontan nou. Se pou sa l' t'ap priye, lannwit anvan lit e mouri a: "Papa, se ou ki te ban mwen yo. Mwen ta vle pou yo toujou avè w kote w' prale a, pou yo ka wè pouvwa mwen." Lè Jezi te mouri pou l te rejwenn glwa li, li te mouri pou kè kontan nou. Lanmou an se travay la, kelkeswa pri a pou ede moun yo atire pa sa ki satisfè yo plis la ki se Jezikri. Se fason sa Jezi renmen moun.

50

## JEZI DWE MOURI

**POUL TE MONTRE KE BONDYE LA NAN GWO  
PÈSEKISYON YO**

Se sa menm ki rive nan lavil sa a, lè Ewòd ak pouz pilat mete tèt yo ansanm ak moun lòt nasyon y oak tout moun pèp Iz-rayèl la sou do Jezi, sèvitè ki t'ap viv pou ou a, moun out e chwazi a. Yo fè tou sa ou menm, nan tout pouvwa ou ak pwòp volonte ou, out e deside divans ki pout e fèt la. (Travay 4:27-28)

Bagay ki pi enpòtan an nou ka di sou soufrans ak mechanste sè ken an Jezikri, Bondye te rantre nan yo e li te chanje yo anbyen. Kot mechanste a sòti a, se yon bagay ki plen ak mistè. Bib la Mennen nou two lwen kote nou ta renmen ale. Li di pito: " gen bagay nou pa konnen, se bagay Bondye kenbe nan kè l' pou li menm" (Detewonòm 29:29)

**K** è bib la pa yon eksplikasyon de ki kote mechanste soti men se yon demonstrasyon de fason Bondye antre nan li e li fè l tounen an byen pou yon bagay ki differan anpil pou nou ka vin dwat e pou nou gen kè kontan tout tan.gen anpil siy nan tout ekrity yo ki ta sanble anonse mesi a. Yo te vann tout Jozèf, pitit Jacòb la, yo te mete l' nan esklavaj an Ejip. Yo te abandone l pandan swasanndis lanne. Men, Bondye te ladann l' e lit e vin fè l tounen yon dirijan an Ejip pou l' te ka sove sila yo kit e vann li a anba gwo grangou an. Istwa a te rezime a yon sèl mo Jozèf te di frè l' yo:" Nou te monte konplo pou fè m'mal. Men Bondye fè sa tounen yon byen "( Genèz 50:20) . Yo te prevwa abandone Jezikri pou l' te ka sove yo.

Ann konsidere zansèt Kris yo. Yon fwa, Bondye te sèl wa Izrayèl . Men pèp la t'ap fè rebel e yo te mande pou se yon moun ki pou wa :" Nou, se yon wa nou vle pou gouvène nou"( 1 Samuel 8:19). Nan pita, yo t'ap konfese peche yo," Paske nou mete sou peche nou te fè déjà yo, lè nou te mande yon wa pou gouvène nou"( 1 Samyèl 12:19). Men Bondye te ladann. Nan liv tout wa a yo, li te vini ak kris nan mond lan. Sovè a ki te san tach te vini

ak Kris nan peche pou l' te ka sove monn ki ap peche yo.

Bagay ki pi etone nou sè ke Kris la te deside sibi mechanste ak soufrans pou l' te ka pran viktwa sou mechanste ak fason brital yo te konn trete li se mechanste ak peche yo te ye. Men bondye te ladann l' tou. Bib la di: " Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan Bondye te vle l' la, dapre plan li deja fè nan tèt li. Nou menm, nou fè touyel', nou fè yon bann mechan klorel' sou yon kwa" (Travay 2:23). Yo t'ap kale l nan do, yo te met pikan sou tèt li, yo te krache nan figi l, yo te blese tout figi li, yo te klooure men li, yo te pese kòt li ak yon lans, dirijan yo t'ap meprize li, zanmi lit e trayi li, disip yo te abandone li, tout sa yo te rezilta peche e Bondye te mande pou tout bagay say o te fèt pou l' te ka detwi pouvwa peche." Se sa menm ki rive nan lavil sa a lè Ewòd ak Pouns Pilat mete tèt yo ansanm ak moun lòt nasyon yo ak tout moun pèp Izrayèl la sou do Jezi, sèvitè ki t'ap viv pou ou a, moun ou te chwazi a. Yo fè tou sa ou menm, nan tout pouvwa ou ak pwòp volonte ou, ou te deside divans ki pou te fèt la" ( Travay 4:27-28).

Pa gen pi gwo peche ke rayi ak touye pitit Bondye a, pa gen pi gwo soufrans, ni yon moun ki janm inosan tankou jan Kris la te sibi soufrans li ak jan li te inosan an. Bondye te ladann tou. "Men se te volonte Bondye pou yo te kraze l anba soufrans konsa" ( Ezayi 53:5). Se poutèt sa Jezi te vin mouri. Bondye te vle montre mond lank e pa gen peche ak mechanste ki janm two gran ke li pa kapab chanje anbyen pou moun ka vin dwat e pou yo ka gen kè kontan. Tout soufrans sa yo nou te fè sibi yo yo vin ban nou es-pwa ke n'ap sove. " Papa, padone yo, yo pa konnen sa yo ap fè " (Lik 23:34)





**YON PRIYÈ**

**P**apa ki nan syèl la, nan non Jezi, mwen mande pou chak gress moun k'ap li liv sa pou ou kenbe tout sa ki verite. Mwen priye pou pèsonn pa twonpe yo de sa Kris la ye, pou pèsonn pa fache paske l se Bondye, oswa paske pa gen pèsonn ki te ka soufri kon li. Ke pèsonn pa jete tout rezon ki fe ' te vin mouri pou nou.

Pou anpil moun, yo fenk tande bagay sa yo. Ke yo genyen pasyans pou yo reflechi sou byen. Konsa tou wav a ba yo bon konprann.

Mwen priye pou tout sa ki troub0le yo ki fe yo meprize bagay Bondye yo k'ap dire tout tan, pou meprize bagay Bondye yo k'ap dire tout tan, pou yo ka disparèt e pou reyalite syèl la ak reyalite lanfè a ka parèt klè devan yo. Mwen priye pou tou istwa Jezi a ka vin klè pou yo e konsa pou yo ka wè lanmò li kòm yon evènman ki pi enpòtan ke tout sa kit e pase dejá. Ke Bondye pèmèr nou mache soup went falèz ki Mennen nan lavi ki pat janm fini an kote van ap soufflé yon laverite ki klè tankou dlo wòch.

E mwen priye pou atansyon nou pa devye de volonte ou ki gen otorite nan lanmò Jezi a. Defann nou pou okenn keksyon pa monte nan tèt nou sou zafè kilès kit e touye pitit Bondye a. Nou tout te enplike ladann. Men se pa menm sitiyasyon an. Entansyon nou yo ak aksyon nou yo ta va kreye menm sitiyasyon yo. O segnè louvri je nou pou nou wè ke se ou menm menm kit e planifye lanmò Jezi e okenn lòt moun. E nan pozisyon sa ou mete nou, ki te je nou fikse mizerikòd ou ak pwomès ou yo ki plen espwa.

A la yon bél verite ke out e revele nou;" Jezikri te vini sou late pou deliver moun k'ap fe peche"( 1 Timote 1:15). Li pa t' fe sa senpman nan sa li t'ap anseye nou, men li te fe san an lanmò li " Kris te mouri pou peche nou, dapre sa ki ekri nan liv la"( 1 Korint 15:3). Eske genyen yon mesaj ki pi bél pou yon pèp tankou nou, ki konnen ke nou pa kapab mezire egzijans ke konsans nou ap fe n sèl si n'ap chache pou nou vin sen.

Papa ki plen ak mizèrikòd la, eske ou ka pemèt tout moun k'ap li , livsa wè bezwen yo e wè pwovisyon ou pou yo nan lanmò Jezi a e pou yo kapab kwè? Mwen priye konsa dapre pwomès pitit ou a. " Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yon an li p'ap pèdi lavi yo. O kontré ya gen lavi ki p'ap janm fini a " ( Jan 3:16). Mwen priye nan non Jezi ki plen mizèrikòd la .

Amèn.